ШАЩІЭ АЛИК

# НОБЭМРЭ АДЫГЭМРЭ

*Къалэмбий гу зылъитахэр*

НАЛШЫК • 2012

УДК а821(470+571).09
УДК 899.961.3-31
ББК 83.3(2Рос)

*Редактор:*
***ЛIыфIпащIэ ЩIэрэтлIыкъуэ***

*Художник:*
***Бгъэжьнокъуэ Заурбэч***

*Техническэ редактор:*
***Ибрахьим Валерэ***

*Корректорхэр:*
***Тхьэбысым Маритэ, ШащIэ Заружан***

*КомпьютеркIэ къэзыщтар:*
***ТхьэилI Анжелэ***

© ШащIэ Алик

**КIашэ Адэлджэрий** (Къалэмбий)
къызэралъхурэ илъэс 175-рэ,
дунейм зэрехыжрэ илъэс 140-рэ
щрикъум ирихьэлIэу

## АДЫГЭ ХАБЗЭМ И ЕГЪЭЩIЫПIЭХЭР

Къалэмбий хуэдэу гъащIэр кувуэ зылъагъу дэнэ къэна, гъащIэм и сурэт IупщIу уи нэгу къыщIэувэу псалъэкIэ зыIуэтэф литературэр зи лъэщапIэ куэд нобэрей адыгэхэми яхэткъым, икIи апхуэдэу адыгэ гъащIэмрэ адыгэ хьэлымрэ IупщIу къыщыгъэлъэгъуауэ зи тхыгъэ дригушхуэн ди мащIэ дыдэщ. Иджы дыдэ езыр-езыру къыкъуэкIа гукъыдэжкIэ тезгъэзэжри сриплъэжати (Къалэмбий. **«Абрэджхэр»**. Адыгэ хъыбархэр. Налшык. «Эльбрус» 2003 гъ.), мы авторыр зэрытелъыджэр IупщI дыдэ къысщыхъужащ.

Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ тхакIуэр нэхъыбэу зыгъэпIейтеяр: художественнэ Iэмал зызыужьа къигъэсэбэпхэм къадэкIуэ дахагъэр, эстетическэ дэрэжэгъуэ еджэм иритынура, хьэмэрэ гуп зэхэтыкIэ (социальнэ, общественнэ) къалэн хэха нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжу, дэ, еджэхэми, гу лъыдигъэтэну ара зыхэтыр? Мыдрейуэ, къэдвгъэхутэт ди ди лъэпкъым къыпэщылъ Iуэхухэр тхакIуэ Iущым къызэригъэлъэгъуамрэ, нобэ зэрыщытымрэ зэрызэпэхъур. Хэт ищIэрэ, нэхъ кууuэ дызэригъэплъыжыфынри хэлъщ дэтхэнэ еджэри. Автор телъыджэм гу зылъитауэ иджыри зэ дызытепсэлъыхьыжыну дызыхэт мы Iуэхугъуэхэр ин дыдэщ, кIэншэщ икIи куущ. Девгъэплъыжыт зэ и тхыгъэхэм щызэкIэлъыкIуэ къэхъу-къащIэхэр, а зэманым щыпсэуа адыгэхэм я цIыху щIыкIэр, я гупсысэкIэр, я гъуазэхэр, адыгэ гупым и цIыхухэр зэрызэхущытыжыр, нэгъуэщI лъэпкъхэм я цIыхухэм зэрахущытыр, емрэ-фIымрэ къазэры-

гурыIуэр, нэгъуэщI-къинэмыщIхэри зыхуэдэм – мыхэр ди нобэрей гъащIэм къызэрыпэджэжым. Илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ ипэ адыгэ лъэпкъхэм я цIыху щIыкIар, я гъуазэ гупсысэхэр, идеалхэр, моралыр, я псэукIэу, псом хуэмыдэу я зэхэтыкIэу щытар, гуп щхьэхуэ-щхьэхуэу зэрызэщхьэщыкIхэр, проблемэ яIахэр – я гъащIэр – аращ тхакIуэм и нэIэ зытетыр. Мыхэр убгъуауэ зытепсэлъыхьыпхъэ Iуэхугъуэщ, ауэ тхакIуэ Iущым мыхэр зэрилъагъу псор зэпкъырыхыгъуафIэу щыщымыткIэ, нэхъыщхьэу тегъэщIапIэ тщIынщ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм щыщу нобэм нэхъ къыпэджэжхэр. Ахэр Адыгэм и гуп зэхэтыкIэр, зэман иIуэтэжым къигъэув къалэнхэр гъэзэщIа хъунум, (е бгъэзащIэ щIэмыхъум) пэщIэуэ Iуэхугъуэхэр. Мыхэр дгъэлъагъуэкIэри, нобэ ди лъэпкъыр зыхэт зэманым Къалэмбий зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр гъэзэщIа зэрыщыхъуам (зэрыщымыхъуам) дыхэплъэнщ.

***

Адыгэ хабзэр илъэсищэрэ щэныкъуэрэ ипэкIэ лъэпкъым яхэлъу зэрыщытар тхакIуэм зэрыдигъэлъагъужым и гугъу тщIыкIэ дэ щIэрыщIэу къызэIутхынукъым зыри, итIани, абы дыхэмыIэбэу IэщIыб тщIынри мыхъунщ. ФIыуэ тпэIэщIэ а зэманым щытепщэу щыта зэхэтыкIэр зытещIыхьар Адыгэ хабзэр арауэ зэрыщытыр IупщI дыдэу хыдолъагъуэж тхыгъэхэм, икIи гъэщIэгъуэнщи, а заманым адыгэм хэлъа зэхущытыкIэмрэ нобэм ди лъэпкъым тхэлъ ди зэхущытыкIэмрэ зэдгъэпщэжыфыну Iэмал къыдет, цIыхум, гупым и сурэт повестхэм щыхъумауэ къызэрытхуигъэнамкIэ. ЛIэщIыгъуэрэ ныкъуэрэ ипэ адыгэ гупым нэхъыжьым, щхьэлъащIэм, ныбжьэгъум, хьэщIэм

яхуиIэ щытыкIэу гупым хэлъауэ къэгъуэгурыкIуэу щытар тхакIуэм IупщIу ди нэгу къыщIегъэувэж. Сыт хуэдэу Адыгэ хабзэм зызэримыдзэкIами и тегъэщIапIэ нэхъыщхьахэр ихъумэжу къогъуэгурыкIуэ, дэтхэнэ зэманми и нэпкъыжьэ тридзэми. ТхакIуэм дегъэлъагъу IупщIу къэралыгъуэм и бжэщхьэIум къытеувауэ и пэш убзыхуахэм къыщIэбэкъуэну хьэзыр лъэпкъым и гъащIэр, абы и зэхэтыкIэм сэбэпыгъэ, зэраныгъэ и лъэныкъуэкIэ къекIэп къэхъугъэхэр. Адыгэ хабзэр нормативнэ базэ хьэзыру зиIэ лъэпкъыр къэралыгъуэм къыхэбэкъуэным нэсауэ, зрилъэфыхьурэ тIыгъуэжу, Урыс пащтыхьыгъуэм и экспансионист планхэр зэригъэзащIэфыну къарухэр зэщIигъэуIуэри, и мыжурэр адыгэ хэкум къыпэщIигъэуващ. Мыс мы зэхэгъэкIыгъуэ зэман хьэлъэр аращ Къалэмбий зи сурэт ищIыр: адыгэхэр иджыри хуитщ, ауэ игъащIэ лъандэрэ щыкIэрахъуэ щIыпIэхэм къэзакъхэр кърагъэтIысхьауэ щопсэу. Я хабзэ я гъуазэу зи гъащIэр зыубзыхужыну зи нэрыгъыу иджыри я хэку исыж адыгэхэм я зэхэтыкIэри къызэрыгуэкIкъым – ащ тхакIуэми зи Iуэху зырихуэр – адыгэ гъащIэр зыхуэдэр. *«Сыт адэкIэ къытпэплъэр? ФIым дыщыгугъынкIэ къару диIэу пIэрэ?..*

*ЦIыху цIыкIум къримыт къару уиIэн хуейщ, ди хабзэхэм уапэщIэувэн щхьэкIэ, си хэку щыслъагъу гукъутэхэм си фIэщ ящIащ ар»**. (н. 24). Сыт а «хабзэхэр» зи щIысыр? Апхуэдизу а «хабзэхэм» щхьэ игъэгулэзрэ цIыху щэджащэр? Дыхэвгъаплъэт тхакIуэм и гур апхуэдизу хэзыгъэщI Iуэхугъуэхэу и зэманым лъэпкъым илъахэм.

Адыгэ хабзэр къэралыгъуэр зэрызекIуэн Iэмэпсымэм иджыри нэсакъым.

---

* Мыбдежи, адэкIи курсивкIэ къыхэгъэбелджылыкIахэри, щIэтхъахэри зыщIар дэращ.

Адыгэ уэркъхэм я жьэгъум адэкIэ щыIэр ямылъагъужу, яшрэ, я Iэщэрэ и зэфIэкIым щогугъыжри мэжакъуэ. Дунейм и зэхэтыкIэ щыIэхэр зылъэгъуа щIалэр къокIуэж илъэгъуахэм щыщ фIы гуэр и Хэку кърилъхьэну и гур пхъэру, ауэ къызрихьэлIэжыр и шымрэ и Iэщэ-фащэ екIумрэ къызэригъэсэбэпыфым къыкъуэгушхукIыу, къыкIэщIэзэрыхьауэ зи лъапсэр ягъэгъущ лъэпкъым къытеукIурия шынагъуэ бзаджэр иджыри зымылъагъу адыгэхэу, ипэрей зэхущытыкIэ зызымыхъуэжар зи гъуазэхэрщ.

Дунейм и зэхэтыкIэ хабзэ пашэу зэтеувахэр адыгэ лъэпкъ зэхэтыкIэм къыхалъхьэу къэралыгъуэ лъэрызехьэу зэтеувэфакъым. Щхьэ закъуэ лIыгъэкIэ дэтхэнэ адыгэри дунейм щытет лъэпкъхэм и цIыхухэм я нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщми, гупышхуэхэм (лъэпкъыгъуэшхуэхэм, къэралыгъуэу зызыугъуеижа лъэпкъхэм) яхуэдэу гупым и къарур зы унафэкIэ зекIуэфу къызэгъэпэщыныгъэ системэ зэтрагъэувэфакъым – аращ зэпыу имыIэжу адыгэ лъэпкъыр зэпкъратхъыну псоми къыщIракур – мис Къэламбий нэхъыщхьэу зыгъэгулэз гупсысэр къызэрыдгурыIуапхъэр. И тхыгъэхэмкIи мыпхуэдэ зэхэтыкIэр зэрызэтрамыгъэувам къыдэкIуэ гуемыIухэр IупщI дыдэу «Абрэджхэмрэ» «Iуащхьэ щыгумрэ» щыдегъэлъагъуж.

Повестыр и сюжеткIэ къызэрыкIуэщ. Шы дыгъу зэдежьа зэныбжьэгъуитIым я зыр щаубыдым, къыщIэща лIыр къохашэ. Адрейм къидыгъуу мэзым щIипха шыхэм зейр къащыкIэлъыкIуэм, иритыжын хуей мэхъу, ауэ и дзыхь зригъэзу, IуэхукIэ зыдежьа ныбжьэгъур къызэрыхэшар хуэмышэчу (а зэманым удыгъуэным нэхърэ, уи бзэр мыбыдэныр нэхъ икIагъэу къыщалъытэрт), еукIыж и ныбжьэгъу зыIуэтэжар.

АрщхьэкIэ, зымыщIапхъэ зылэжьар иукIар арауэ зэрыщытыр псоми къагурыIуэми, псом хуэмыдэу ар къызыгурыIуэ и ныбжьэгъу иукIыжам и Iыхьлыхэр «дзэлашхэм» фIэмыкI къудейми, щыпэмыплъам къыщыпхиудынкIэ зэрыхъунур зылъытIэ лIыр, Тэджхэ Пщыгъусэр, лъыкIэ и бий хъуахэм дэпсэууэ зы хэку имысын папщIэ (накIуэ-пакIуэуи къыжраIат: «Хэкум икI! УтлъагъухукIэ ди лъыр къоплъ». н.57), и щIалэ танитIыр щIыгъуу абазэхэм макIуэри, хэхэсу яхотIысхьэж. Хэхэс цIэр а зэманым хьэлъэт, ауэ ар зезыхьэн хуейуэ зи фэ къыдэхуа лIым и Iуэху къызэгъэпэщыкIэмрэ и акъыл ехьэжьамрэ псоми ефIэкIырти, псалъэ мыщхьэмыпэр яIэщIегъэхуфри, жылэм я нэхъ лIы пашэу къалъытэу абазэхэ адыгэхэм яхэзэгъауэ, уз бзаджэ къыкъуэуам ехьыж, щIалитIыр адэм и гъащIэр я щапхъэу псэуну хущIэкъуу (икIи къайхъулIэу) къонэри. АдэкIэ щIалитIым я гъащIэкIэ ялэжьхэмрэ къащыщIхэмрэщ повестым телъыджэу нобэми дызэзыгъэплъыжу хэлъыр. **«Абрэджхэм» дызыщыхуэзэ лIыхъужьхэм я IуэхущIафэхэмрэ «Iуащхьэ щыгум» щызэхыхьэ хабзэ жылэдэсхэм ирагъэкIуэкI уэршэрым иIуатэ гупсысэмрэ зэдгъапщэурэ нобэрей ди гъащIэм и къэхъу-къащIэ гуэрхэм гу лъыттэжыныр хуабжьу зи чэзущ.** Ауэ мыр нэхъ иужьыIуэкIэщ. Иджыпсту дривгъаплъэ адэкIэ «Абрэджхэм» и напэкIуэцIхэм. Къалэмбий и IэдакъэщIэкIыр къэдгъэсэбэпурэ зэфIэдвгъэувэж илъэсищэрэ щэныкъуэкIэ узэIэбэкIыжым щыIа адыгэ гъащIэм, псэуа адыгэ цIыхухэм, псом хуэмыдэу уэркъхэм, я сурэт. Мыхэр цIыху Iущым нобэм папщIэ тхуитхыгъащ.

ТхакIуэм еIуатэ адыгэм и хуитыныгъэр зыхуэдэр. Адыгэ лъэпкъым къигъэщIа хабзэм хуитыныгъэ кIэншэ иритыркъым цIыхум. Ди лъэпкъ

хабзэм къэухь гъэлъэгъуахэр иIащ икIи иIэнущ сыт хуэдэ зэманми, ауэ сыт хуэдэ къэухьхэр Адыгэ хабзэм дэтхэнэ зэманым щимыгъэувами, хуитыныгъэр зи гъуазэ лъэпкъым Адыгэ хабзэм дэтхэнэ цIыхуми и хуитыныгъэр щхьэж къызэрилъытэм хуэдэу къигъэсэбыпыжынымкIэ псоми иритт Iэмал. Ауэ а Iэмалыр иныкъуэхэм е **яхуримыкъуу**, е **къекуэдэкIыщэу** къыщIидзыжт я цIыху щIыкIэкIэ, гъащIэм щаубыд лъэныкъуэкIэ елъытауэ. Псалъэм и хьэтыркIэ дриплъэжынщ Къалэмбий и тхыгъэхэм. Залихъэ, и адэр урысейм яхыхьэжауэ, и анэшхуэм бгъэдэс пщащэ балигъ хъуащ. Ар зэгуэкIуа щIалэр псэуэгъуу къыхихыным, зэран къуажэпщыр къызэрыхуэхъуфым гу лъыдвгъатэт. Адыгэ хабзэм ткIиищэу иIыгъ щIалэгъуалэм я гъащIэм и лъэныкъуэ хэхахэм, псалъэм папщIэ зэгуэкIуахэм я насып зэрыхуейм хуэдэу яухуэным, гугъуехь пыщIат. Абы «къигъэхъуащ» унэидзыхьэри, кIуэсэнри. ЩIалэгъуалэм я унагъуэ гъащIэр ягъэпсыным, фэ куэдрэ бгъэдыхьэкIэ куэдрэ зиIэ мы Iуэху зэтегъэувэкIэм, щхьэж зэрыхуейм хуэдэу иухуэну адыгагъэм хуитыныгъэ зэримытым къыдэкIуэрт гуемыIу узыщымыгугъауэ куэд. Мыс Залихъэ хуэдэхэм я деж цIыхум и хуитыныгъэр зэрыхуейм хуэдэу къигъэсэбэпыжыну Iэмал ирикъу хабзэм яритыртэкъым. ЗанщIэу къыхэгъэщыпхъэщ: **хуитыныгъэ ирикъу къезыт Адыгэ хабзэм Iэмал ирикъу къритыжыртэкъым.** Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт КIэрашэ Тембот и тхыгъэхэм дыщызрихьэлIэ пщащэхэр, адыгэ гъащIэм хэлъ хуитыныгъэм къыдэкIуэ романтизмым и теплъэр дахащэу зыIуэтэжыф тхакIуэ Iэзэм и Гулэз («Шапсыгъ пщащэ»), СуIэнд («Шу закъуэ») хуэдэхэр. Мыхэр Адыгэ хабзэм къигъэув зэхущытыкIэхэр ямыкъутэу зи мурадым лъэIэсыф цIыху-

хэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, **хабзэм кърит Iэмалхэр къэзыгъэсэбэпыфхэщ, я хуитыныгъэ ирикъуу ирахъумэжыфыну.** Залихъэ апхуэдэ пщащэкъым. Аращ обстоятельствэм темыкIуэфу и гъэр щIэхъури. Залихъэ хуэдэхэр Адыгэ хабзэм ит Iэмалхэр зыхуримыкъухэщ.

Мыдрейуэ, Адыгэ хабзэм иIэ Iэмалхэр «къызэлеекIхэм» ящыщщ Хьэрычэтрэ МатIэрэ. Щхьэзакъуэ лIыгъэм «иригъэжажьэ» щIалэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм я щапхъэ мы зэшхэр, литературнэ романтизм зыхэлъ къэхъугъэ гъэщIэгъуэну щытми, жылагъуэ гъащIэр убзыхуным ялейуэ зэран хуэхъу къудейм къыщымынэу, къэралыгъуэ зэтегъэувэным адэкIи, мыдэкIи пхуемыIуэнтIэкIыу пэщIэувэрт. Абрэджу ежьэжа зэшитIым, Хьэрычэтрэ МатIэрэ, хабзэм и «фIыщIэкIэ» я пщэ далъхьэж щIэпхъаджагъэхэр – мис мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр аращ адыгэ тхакIуэ дуней зылъэгъуам, къэралыгъуэ системэм къыдэкIуэ фIыхэр, къэралыгъуэ системэ къызэгъэпэща зиIэу псэухэм зэщIагъэуIуэф къарухэм я фIагъыр къызыгурыIуа къудейм къыщымынэу, и нэкIэ зылъагъуа щIалэм и гум щIыхьауэ щIитхыр: «***ЦIыху цIыкIум къримыт къару уиIэн хуейщ, ди хабзэхэм уапэщIэувэн щхьэкIэ...***» (н.25). Мыпхуэдэ «нэщэнэ» лъэпкъым и хабзэм хэлъу къызэрыдэгъуэгурыкIуэр ирикъуу къызыгурыIуэ икIи мыпхуэдэ хьэлыр къилъытэурэ лъэпкъым зезыгъэузэщI пашэт адыгэ тхыдэм къытпэщIигъэувэурэ дыкъызыхэкIа бэлыхь псоми я нэхъыбапIэр къемыкIэпын папщIэ нэхъыщхьэу дызыхуэныкъуэр. Мырат адыгэ къэралыгъуэ зэтеувэнымкIэ нэхъыщхьэу дызыхуейри. ИIакъым а зэманым адыгэм къэралыгъуэ зэтеува, и хабзэр лъэпкъым и цIыху дэтхэнэми и гъуазэу. Мыпхуэдэу зэрыщымытым къыдэкIуэ Iуэху мыщхьэмыпэхэр лъэпкъым зыхезыгъэ-

нын къэру – къэралыгъуэ – адыгэм зэримыIэм игъэхыщIэу аращ къэтхьа псалъэхэр щIитхри, цIыху щэджащэм и гум ежалIэуэ. Къэралыгъуэр иерархие гъэпса зиIэ къару ирикъуу адыгэ лъэпкъым къыщхьэщыувэн папщIэ зэран хъур куэдт. Абыхэм я нэхъ хьэлъэхэм ящыщт Адыгэ хабзэм игъасэ езы цIыхум (псом хуэмыдэу цIыхухъум) и щIыкIэр.

Иджырей щIэныгъэр тощхьэрыукI мыбы и гупэр хуимыгъазэу, итIани щыIэщ гупсысэ пэж: цIыхум и къарури, и узыншагъэри нэхъыбэу зышх щыIэкъым тэмакъкIэщIыгъэр къызыдэкIуэ псынщIэу губжьыным хуэдэу. Мы хьэлыр гуэныхьышхуэу динхэми къалъытэ икIи шэч зыхэмылъыжыр мыращ: псынщIэу къэлыд цIыхум езым зегъэсыж и кIуэцIыкIыщIэм къыщыдэкIуей мафIэмкIэ. ТэмакъкIэщIу гъащIэ кIыхь зыгъащIэ куэд урихьэлIэнукъым. Мыбы и щхьэусыгъуэри псынщIэу къэлынд цIыхум и гум къыщызэщIэнэ мафIэр аращ. Мыпхуэдэ мафIэр пщтыру дэтхэнэ зы щхьэусыгъуэм папщIи къызэщIэнэху, езы цIыхур есыж. ПсынщIэу къызэщIэнэн, псынщIэу къэлыдын, псынщIэу губжьын,– жыпIамэ, нобэр къыздэсым адыгэ цIыхум, зэрыжаIэщи, чы зытрыуигъэдзэнукъым. Губжьыныр (псалъэ зэкIэлъыкIуэм хэлъ гупсысэр нэхъ тыншу тIуэтэн папщIэ «псынщIэу»-р пыдгъэхунщи гупсысэр зы псалъэу «губжьыныр» – жытIэнщи дгъэлъэгъуэнщ), адыгэ цIыхум хуэдэу зыхэлъа, нобэр къыздэсми зыхэлъ, гъуэтыгъуейщ. Губжьынымрэ я щхьэ лъагэу яIэтынымрэ игъэсыжыпат адыгэ лъэпкъым и нэхъ лъэрызехьэ, нэхъ уардэ гупыр – уэркъхэр, Адыгэ хабзэр къару хэхауэ къащхьэщымытыгъамэ. Я жьэгъум залэ щIэмыхуэу зэхэта, зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ а гупым лъэпкъым и Iуэхур и пэкIэ кIуэтэным, бэгъуэным, япэу

зэран къыхуэхъужари аращ – я тэмакъкIэщIагъэрщ. ПсынщIэу къэлыдрэ, я нэм къыщхьэрипхъуам емыбэкъуэжыфу Iуэху ирахьэжьэурэ лъэпкъыр зэрыжэкъуар дегъэлъагъу тхакIуэм. Мыр зы лъэныкъуэкIэщ. Ещхьыркъабзэуи ещI и сурэт Адыгэ хабзэм ирикъуу игъэса цIыхум гъащIэм и лъэныкъуэ къыхихыр. Iуащхьэрысхэм я гугъу щищIкIи ахэр уи нэгу Iупщ I дыдэу къыщIоувэ. ***«... езыхэм уащымыщмэ, уи Iуэху яхэзэгъэнкъым. ПсалъэрейкIи уеджэнхэкъым... къопсэлъэн я щхьэ трамылъхьэ хуэдэщ. Зыми щхьэщэ хуащIыркъым абыхэм, зым и пащхьи зыщагъэцIыкIуркъым (н.97)*** – мис Адыгэ хабзэм игъасэ цIыхухэм яухуа гуп зэхэтыкIэм къыдэкIуэ зэгурымыIуэныгъэ лъэпкъыр къэралыгъуэ хъуныр нэхъыбэм кIэлъэф зыщIар, Къалэмбий зыгъэхыщIэу езыгъэтхар: цIыхум къримыт къару уиIэн хуейщ ди хабзэхэм уапэщIэувэн папщIэ... (н.25)

Пщащэхэм ехьэлIауэ къэдгъэлъэгъуа зэхущытыкIэхэм (Адыгэ хабзэм къарит хуитыныгъэр ирикъуу къэзыгъэсэбэпыф, къызыхуэмыгъэсэбэпыф и лъэныкъуэкIэ) адыгэлIхэм яхуэгъэзауэ дриплъэмэ, Къалэмбий къихь щапхъэхэм адэкIи мыдэкIи пхуэмыхьыжыну IупщIу хыболъагъуэ Адыгэ хабзэм цIыхум кърит хуитыныгъэр лIыхэм ящыщ зым, е гуп хэхам, и зэфIэкIкIэ лъагэу къахэкIрэ, иш, и Iэщэ-фащэ щыIэхэм я нэхъыфIу зеригъэпэщауэ, нэгъуэщIхэм нэхърэ нэхъ лъагэж зищIыну и гур етауэ псэууэ (мыбыхэм «Уэркъ» яхужытIэнщ); нэгъуэщI гуп и гуащIэкIэ, и унагъуэ ипIыжу, нэгъуэщIым сэбэп хуэхъуну хузэфIэмыкIмэ, и зэран иримыгъэкIыным и гур етауэ псэуным хуэгъэпсауэ (мыбыхэм Къалэмбий и псалъэр къэдгъэсэбэпынщи «Iуащхьэрыс» фIэщыгъэу еттынщ) – мы гупитIри адыгэщ, тIури

Адыгэ хабзэм щIапIыкIащ, ауэ гъащIэм и позицэ къыхахыр зэтехуэркъым. Мы зэтемыхуэныгъэр аращ адыгэ лъэпкъым и трагедиехэми, и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэми я лъабжьэр. Хьэлэмэтыр аракъэ, мы зи гугъу тщIыхэм и етIуанэ гупыр лъэпкъым и нэхъыбапIэу щытми, «Iуащхьэрысхэм» зыри жамыIэу, е зыгуэркIэ къыжьэдакъуэну яужь имыхьэу, «уэркъхэм» ирата хуитыныгъэр шынагъуэ щхьэхуэу къащхьэщыувэжащ адыгэ лъэпкъ псом. Мыпхуэу адыгэ гупым зигуэшыным нэхъыщхьэу щхьэусыгъуэ хуэхъуахэм япэ итщ Адыгэ хабзэр. **Мыбдеж хабзэм кърит хуитыныгъэ зи гугъу тщIар «Уэркъхэм» пэжу къамыгъэсэбэпами, ирикъуу къагъэсэбэпащ, ЛъхукъуэлI щхьэхуитхэм («Iуащхьэрысхэм») ирикъуу къагъэсэбэпын я щхьэ тралъхьакъым** (нэгъуэщIуи жыпIэныр къозэгъ: **ирикъуу къагъэсэбэпыныр я напэ техуакъым***), ауэ пщыхэри, унэIутхэри зэрыхъу бжыгъэм елъытауэ, нэхъыбэ дыдэу адыгэ лъэпкъ псом къахэщхьэхукIа гупышхуитIыр Адыгэ хабзэм зэреплъыр зэщхьэщыкIа къудейм къыщымынэу зэпэщIэувэжащ. Япэр (уэркъхэр) тыншу текIуэгъамэ, адыгэ къэралыгъуэр псынщIэу зэфIэуват. Апхуэдэу хъугъатэмэ, нэхъ ди фейдэт дунейм щытепщэ зэхэтыкIэм дадэхъуу дадэгъуэгурыкIуэфынымкIэ. ЕтIуанэр текIуамэ (Бзиикъуэ зауэм хуэдэу), дуней псом щытепщэ хъуа зэхущытыкIэм, класс зэхэтыкIэу къэралыгъуэхэр зэрызэщхьэщыкIам, Iэмал къратанутэкъым ягъэпсэуну, сыт хуэдизу фIыуэ ар зэхэмытами. ИкIи ягъэпсэуакъым! Мыращ адыгэ лъэпкъыр классу гуэша хъунми, къэралыгъуэу зэкъуэувэжынми япэу зэран хуэхъуам къыщымынэу, адыгэ къэралыгъуэр зэтеувэным папщIэ**

* Я напэ «щытехуэ» зэмани тхыдэм хэтащ, п. п. дигу къэдвгъэгъэкIыж «Бзиикъуэ зауэр».

**ди тхыдэр лейуэ кIыхьлъыхь зыщIар. Нобэрей терминологиер къэбгъэсэбэпу пIуатэмэ, адыгэм и менталитетыр зэран къыхуэхъужащ, къэралыгъуэ иухуэн папщIэ. МыдэкIэ урыс мыжурэри, Октябрь переворотри объектвнэу зызыужь процессым къыхэкIэрэхъуа случайностщ адыгэ лъэпкъым дежкIэ, нэгъуэщIу укъыщеплъ хъунуми.**

АдэкIэ Къалэмбий гу зылъитэхэм дривгъакIуэ. ДыкIэлъывгъэплъыжыт уэркъым и теплъэм, нэхъ гупсэхуу. Мис тхакIуэм ди нэгу къыщIигъэувэ цIыхум и шыфэлIыфэр:

*Ар* (уэркъыр – Ш.А.) *лIы хъыжьэщ, мафIэр къыIурылъэлъу. Зэрыхъыжьэм хуэдэуи Iумахуэу* (н.76). *...къыфIэмылIыкI щымыIэу. Зримыку бгъуэтынукъым ... И бзэр къамэ пцIанэм хуэдэу, ауэ псалъэ итамэ игъэпэжынущ и гъащIэр хилъхьами. Шынэр зи щIысыр ищIэркъым – дуней псом и закъуэ пэщIэувэфынущ. «Хьэнцэ Хьэрун и жылэр дэнэ къэна, къэралыгъуибл бий къытхуэхъуами, хьэщIагъэ къыдихыну зэрыхьэзырымкIэ дыкъигъэбыдащ»* (н.*76*)*. Зы жэщ и унэ исакъым. Пшапэр зэхэуамэ мэшэсри, нэхущым и дежщ къыщигъэзэжыр. Iуэху нэхъыщхьэ дыдэу илъытэм щеувалIэм и деж, я щхьэм (я зэфIэкIым) къыщынэмыщIа зыми щыгугъыркъым. И цIыхухэм егъэлеяуэ яхуэткIийт. И губжь зэхэзмыхын папщIэ узэзгъэпыджынт.* (н.76). *Ауэ щыхуейм и деж: жьакIуэт, и бзэр дахэт* (н.58). Мыпхуэдэу щытащ адыгэм я нэхъыбапIэри, псом хуэмыдэу уэркъхэр икIи абы лъэпкъым къыхудэкIуар аращ авторым дигъэлъагъуну зыхэтыр. Мыпхуэдэ цIыху щIыкIэр гупсэхуу зэпкъырыхауэ адыгэ психологием и Iыхьэ хэхауэ ноби къэдгъэсэбэпыпхъэщ, цIыхухэр зыхуеплъэкIыжу псэун щапхъэу икIи мыпхуэдэ цIыху щIыкIэр къэзыгъэщIари,

Адыгэ хабзэр аращ. АдэкIэ дривгъаплъэт: мыпхуэдэ гупыр зэпшэлIэн, зэбгъэдэIуэн папщIэ зэщIэбгъэуIуэну узыхуэныкъуэ къарумрэ зэфIэкIымрэ зыхуэдизым.

Дэтхэнэ зы адыгэри, дэтхэнэ зы уэркъри, нобэ «личность» – жыхуэтIэжым хуэдэт, ари щIэгъэщхъуэжауэ. Апхуэдэ цIыхухэм, псом хуэмыдэу а зэманым щыIа уэркъхэм, шынагъэ къудейкIэ зыгуэр къебгъэщIэныр Iэмал зимыIэт. Нэхъ тыншт а зэманым псэуа уэркъхэм шынагъэ къудейкIэ узыхуейр къебгъэщIэн нэхърэ быукIыныр. Мис Хьэрычэт и гуп къэгъэдэIуэкIэ Къалэмбий къытхуиIуэтэжыр: *сэр нэхърэ нэхъ лIы Iущи, лIыгъэкIэ къызэфIэкIи хэтщ ди гупым, ... ЕмыкIу сыкъэвмыщI, си зы псалъэ фхэслъхьэмэ. Тхьэм и нэфI къытщыхуэри... дызыщымыгугъа къуентхъ къыдэуэлIащ.... Иджы девгъэгупсыс ди Iуэху зыIутым: джаурым и щIым дитщ... къэзакъ плъырхэр тезщ гъуэгум..., гъуазэ сыфщIащ. ...фи дзыхь зэрызгъэпэжынум сыщIэкъунущ... Абы къыхэкIкIэ сыволъэIу: е си псалъэм фыкъедаIуэ, е гъуазэ къалэныр сщхьэщыфх*... (н.*60*) мы псалъэхэр убзэм къыщхьэщыкIыу къыбгурыIуэныр гугъущ. НытIэ дыгъуакIуэ (зекIуэ) гуп епшэжьауэ, псэ зэпылъхьэпIэ уиту, унафэ псынщIэу птыуэ, Iуэху зэфIэпхыным и пIэкIэ, уубзэурэ Iуэхур дэпхыныр сыт хуэдэт? Мыбы и щхьэусыгъуэр дгъэлъэгъуакIэщ: Адыгэ хабзэм ипIа гупым нэгъуэщIу уахэзэгъэныр, псом хуэмыдэу а зэманым, Iэмал зэримыIэр арат. Мыпхуэдэ Iуэху къызэгъэпэщыкIэм тетар мы зи гугъу тщIы шу щэныкъуэ хъу гуп къуентхъ къахьыну ежьар аракъым. Адыгэ лъэпкъыр къанэ щымыIэу тетащ мыпхуэдэ зэхущытыкIэм, Iуэху зехьэкIэм, псом хуэмыдэу нэхъыбэ дыдэ бжыгъэкIэ хъу шапсыгъ адыгэхэр. Дэтхэнэ зылIри шууейт (зауэлIт). Дэ-

тхэнэм и цIыху щIыкIэ, и акъыл плъытэу Iуэхум епшэлIэн къищцынэмыщIа, класс щхьэхуэу зызыгуэшыжу, зызыугъуеижу, зызылъытэжа лъэпкъ къэралыгъуэ зыухуахэм я зэхэтыкIэм хуэдэу къызэрыгуэкIтэкъым (а зэманым класс щхьэхуэу зэхэкIа лъэпкъхэм зыр – пщыщ, адрейр – унэIутщ, нэхъыбэм. Пщым жиIар, тхьэм жиIауэ зылъытэ гупышхуэ щыIащ, псом хуэмыдэу Урысейм, пщэми, пхъуэжми, хэбгъэзыхьым, и псэр бгъэнми къыппэзыубыдын, е къыппэувын щымыIэу). Апхуэдэ зэхущытыкIэм «къыдэхъуа» Iэрмэм командир къалэн щызыгъэзащIэхэр – пщыт; сэлэт къызэрыгуэкIхэр – унэIутт. Приказ къызыбгъэдэкIыр Тхьэм и пIэм итт. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, класс гуэшыкIэ къэралыгъуэм къыдэкIуэм зи лъэр щызыгъэбыда лъэпкъхэм, «приказыр» гупым я нэхъыбапIэм къащыщхьэщыувэрт гъэзэщIа мыхъункIэ Iэмал зимыIэ унафэу, аргумент лей къыдамылъыхъуэжу.

НытIэ, Къалэмбий и повестым къыхэтха фрагментыр нэгъуэщIу ди нэгу къыщIэдвгъэгъыхьэт: Хьэрычэт шу щэныкъуэр «псэ зэпылъхьэпIэм дитщ!» – жиIэу я цIыху щIыкIэр къилъытэу убеждениекIэ (е лъэIукIэ) иугъуеину емылIалIэу: «мор фщIэ! мыпхуэдэу фыхъу!» – жиIэу зы IэштIыму иугъуеину уэркъхэм епсалъэу, зы унафэкIэ зекIуэ гуп ищIыну приказхэр иту!.. ЗанщIэу и щхьэр паупщIынти, щхьэж и занщIэр и гъуэгуу, и къуентхъыр иIыгъыжу зэбгырыкIыжынт. Япэу зыкъизытIэнум ящыщт и шы нэхъыщIэ МатIэр. Мис, Къалэмбий къехь абы и псалъэхэр:

*«Къуентхъ хуэмейр IэнэщIу ирекIуэж, ар нэхъ тыншыхэщ!» – зэрэ-тIэурэ сыкъыхэкIиикIащ гупым. Си шы нэхъыжьым сызэхихри, щIопщыр къысхуигъэдэлъащ...»* (н.60); е, *«Адыгэр зыхуэдэр уощIэ уэ. Нэхъыжьым и псалъэ зэпиудынкъым*

*абы ..., ауэ и фейдэ хэлъмэ... и анэм и кIэ къуагъым дыгъуасэ къыкъуэкIа пэшыницIэм нэхъыжьым и псалъэр Iуригуэжынщ...»*( н.*60*)

Иджы апхуэдэ зэхущытыкIэ зиIэ гупыр зэрызэхэтыж къатхэр нэхъ Iупщ1 дывгъэщIыжыт, адэкIэ тIуатэнур нэхъ шэрыуэ хъун папщIэ.

**Пщы.** Жылагъуэм дэсхэм я нэхъыжьт, я унафэщIт. **ЛIакъуэлIэшхэр,** зыбжанэу зыщхьэщидзыж **уэркъхэр**, адыгэ лъэпкъым и слой нэхъыбэ дыдэ хъухэм я щыщт. Шы зэгъэпэщарэ, Iэщэфащэ екIурэ зиIэ къудей мыхъуу, ахэр зэригъэIэрыхуэм хуэдэ уигъэлъыхъуэну псэу лIы гупт. Уэркъхэм я гур лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэм нэхъуеиншэу зэретам хуэдэу псэу цIыху куэд щыIакъым. Уэркъхэр гуп щхьэхуэ-щхьэхуэуи зэщхьэщыкIыжт (ЛIакъуэлIэш, дыжьыныгъуэ уэркъ, беслъэн-уэркъ, н.). Абыхэм якIэлъыкIуэрт **лэгъунэпытхэр.** ИтIанэ **УнэIутхэр.** Уэркъ адыгэ лъэпкъым ямыIэгъамэ, унэIут ямыIэнри хэлът. КIэсу къахьахэр унэIутхэрщ. ЦIыху нэхъ хьэпшып лъапIэ щыщымыIа зэман куэдрэ екIуэкIащ. Африкэм и закъуэкъым унэIутхэр здырашурэ щащар. Тхыдэм къыхэна мамлюкхэм щыщ куэди мыпхуэдэ насыпыншагъэ къызытеукIурия щIалэхэм хеубыдэ. Къалэмбий зытетхыхь зэманым цIыхур мылъкушхуэ къыпэкIуэу ящэ хъурт. МатIэрэ Жынусрэ, «Абрэджхэм» и персонажхэм, лъыкIэ бий ящIа жылэм щыщ щIалэ цIыкIуитI Къербэч хуахьам папщIэ, дигу къэдвгъэгъэкIыжыт пщIэуэ къахуищIар (*«Къербэч щIалэ цIыкIуитIым я пщIэу, шы дэгъуитI къыдитащ – шэси, ухуейм лъатэ... Щыгъын фэ илъхьэгъуэ зырызи... Си зы хьэщIэрэ абы и шу гъусэрэ фызогъэтIэщI (*хуит ищIахэщ – Ш.А.). *А псом и щIыIужкIэ тырку къэпталитI къыдитащ. Жынуси... къамэ дэгъуэ кърwitащ, тумэнитI зыщIэпт хъун къамэ»*

*н.82-83)* – мыпхуэдэ уасэ къыпэкIуэрт а зэманым цIыхум. КIэс къыщIахьри арат нэхъыбэм. Ауэ сыт хуэдэ щIыкIэкIэ кърищъэзэгърэт мыпхуэдэ Iуэху гуемыIухэр Адыгэ хабзэм и философием? – хэхауэ зытепсэлъыхьыпхъэ упщIэщ.

**ЛъхукъуэлIхэр**. Мыхэр адыгэ лъэпкъым и нэхъыбапIэт бжыгъэкIэ, цIыхугъэкIи я нэхъ «либерально-демократичнэ гупт». Адыгэ хабзэр къыщежьари, а хабзэр нобэм къэсын хуэдэу «и лъабжьэр» зыгъэтIылъари, хабзэр зэфIэзыгъэувэу дунейм телъыджэ щыхъуу къэгъуэгурыкIуэу зыхъумари, адыгэ лъэпкъыр мыкIуэдыжыпэу нобэм къэсыну «Iэмалрэ» зэфIэкIыу къыкъуэкIыфар къызыбгъэдэкIари, адыгэ унагъуэм хьэщIэщ шэрыуэ гъуэгурыкIуэ мыцIыхум хуигъэувыфыныр зи деж къыщежьари хабзэр зи гъуазэу, зи гуащIэкIэ псэужу, хуиту зэхэта мы гупышхуэрщ. АтIэми, Адыгэ хабзэм щIапIыкIа лъхукъуэлIхэр аращ адыгэ къэралыгъуэр зэтеувэныр лейуэ кIыхь-лъыхь зыщIа къару нэхъыщхьэм я пашэу щытари. **ЛъхукъуэлIхэм** Адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ гъэсэныгъэ яхэпщауэ къэгъуэгурыкIуэм зыгъэпщылI классу къыхэщхьэхукIа уэркъхэр пэмылъэщурэ адыгэ къэралыгъуэр ирикъуу зэтеувэным и пIалъэр кIыхьлъыхь дыдэ хъури, нэгъуэщI къару (урыс Iэрмэр) адыгэ гъащIэм и утыкум къихьащ. Мы драматизм Адыгэ хабзэм зы лъэныкъуэкIэ къытхуихьар КIашэ Адэлджэрий хуэдэу зы адыгэ тхакIуэми IупщIу дигъэлъагъуфын хузэфIэкIакъым! Мыбы папщIэкIэщ Къалэмбий хуаIэ лъагъуныгъэр мыкIуэщIу адыгэ лъэпкъым и гъащIэкIэ щIыдэгъуэгурыкIуэнури. КIэрашэ Тембот Адыгэ хабзэм лъэпкъым кърищыж романтизмыр дахащIэу къигъэлъэгъуэжыфмэ, КIашэ Адэлджэрий Адыгэ хабзэм лъэпкъым къыхилъхьэж трагедиери, романтизмри пэжу

къегъэлъэгъуэжыр– мыращ Абрэджхэр адыгэ литературэм и фIыпIэ зыщIыр. Къалэмбий диущие хуэдэщ: феплъ, флъагъу, зэвгъэзахуэж фи акъылкIи, фи гъащIэр зэрыщIыпхъэм хуэдэу фыубзыхуж! Хэхауэ зэпкърыхыпхъэщ Къалэмбий къытхуигъэна философиер.

## ХАБЗЭМ ЗЭРЫХУЩЫТЫР

*«Адыгэ хабзэм дэтхэнэми хуэфащэ увыпIэр хухихащ, блэжьыпхъэмрэ умылэжьыпхъэмрэ игъэбелджылащ. Псом я гущIыIу иувэн мурад зыщIымрэ и унафэр адрейхэм хабзэ яхуэзыщIын зи хьисэпымрэ адыгэхэм яхэзэгъэнукъым. Апхуэдэ цIыхур хэти и нэм къыщIоуэ, хэти щIокъу абы и дамэр зэрыпиупщIыным. Хуредэ ар щыблэм, щхьищэ фIрет, гуващIэхами и дамэр къутэнущ»* (н.76) – мыращ и лъабжьэри адыгэхэм я цIыху щIыкIэ дуней псом телъыджэ ящыхъуу къэгъуэгурыкIуам. Адыгэ хабзэм и институтхэр ижь-ижьыжым къыщегъэжьауэ кууэ зыхэлъу къэгъуэгурыкIуэ лъэпкъым и дэтхэнэ цIыхури цIыхуу (личность) игъасэрт. Личность зэфэзэщу зэхэт лъэпкъыр зылI и унафэкIэ зекIуэу, псэууэ а зэманым гъуэгурыкIуэфынкIэ Iэмал зимыIэт. Демократиер арат абы я псэукIэр зэрызэхэтыфынур, ауэ кIуэтэху, я мылъкум и куэдагъым хэхъуэху (я гуащIэм къыпэкIуэ хъерым хэхъуэху), демократием и хабзэкIэ зэхэт адыгэхэм гуп хэха къыхэбелджылыкI хъуащ, яш, я IэщэкIэ зэгъэпэща къудейм къыщымынэу, Адыгэ хабзэм и институтхэм щIапIыкIа цIыху хуитхэу, гушхуэ якIуэцIылъу, я зэфIэкIхэр ину. Апхуэдэхэм яхэлъ хабзэм я фIагъым къыдэкIуэу яIэт хьэл: «сэ схуэдэ хэт щыIэ!? Си зэфIэкIыр ирикъуу бэм

ялъагъун папщIэ, сыт хуэдэ лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ «зыщызгъэза» хъуну?! – щэхуу зи гум илъ лIы лъэрызехьэхэр.

Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт нарт Бадынокъуэ и псалъэхэр: «Сы ефакIуэ-ешхакIуэкъым, сылэгъунакIуэ щауэкъым, ем срилъыхъуакIуэщ!»* – мыр демократиер зи гъуазэ Адыгэ хабзэм къыдэкIуэ нэщэнэщ. Мыпхуэдэ нэщэнэм Бещтокъуэ Хьэбас «гонор»-кIэ йоджэ! Мыпхуэдэ гонор зиIэу адыгэхэм къахэкI цIыхухэм, лIыхэм, псом хуэмыдэу, «уэркъ» цIэр зыфIащыжри, гуп хэхауэ лъэпкъым зыкъыхагъэщхьэхукIыжащ. Мис мыбыхэм, уэркъхэм, дэтхэнэ лъэпкъ зызыужьари къызыпхыкIа хьэзабхэм хуэдэ зэхущытыкIэ «класс»-кIэ зэджэм къыпхашыну куэдрэ иракуащ. ИтIани, зы уэркъ, е зыпщ **Адыгэ хабзэм** текIуэфу, лъэпкъыр ирикъуу классу игуэшыфыну зы адыгэ щIыпIэми щахузэфIэкIакъым. Апхуэдэу ирикъуу зым хузэфIэмыкIыурэ зылI (зыпщ, е зы уэркъ, е гуп хэха) лъэпкъым къахэмыщхьэхукIыурэ адыгэ гъащIэр кIыхь-лIыхьу, кIэлъэфу екIуэкIыурэ, урыс мыжурэм Наполеон и «унафэр» ищIри, Кавказ быдапIэ и империер зыхъумэнум къаруушхуэ лейуэ (мин 300 000 нэблагъэ Iэрмэ!) къыхуиунэтIыну Iэмал игъуэтащ. Мыпхуэдэ «кIэлъэфыгъэ» адыгэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуам и щхьэусыгъуэр «Адыгэ хабзэр» аращ. Зэрыщытыр жыпIэмэ: Адыгэ хабзэр аращ адыгэ лъэпкъыр къэралыгъуэ хъууэ, лъэ быдэкIэ увыным япэу зэран хэхъухьар икIи ищхьэмкIэ къыщытхьа Къалэмбий хыщIэу итх псалъэхэр къызыхэкIыр (***«ЦIыху цIыкIум къримыт къару уиIэн хуейщ, ди хабзэхэм уапэщIэувэн щхьэкIэ...» н.25)***, ещхьыркъабзэуи шэсыпIэ уихьэми ущыуэнукъым: Адыгэ хабзэр аращ

---

* Хэбгъэзыхьым, «Адыгэ хабзэм» къикIуа гъуэгуанэр къэпхутэнумэ, нартыжьхэм я зэманым къыщегъэжьапхъэщ.

лъэпкъыр иджырей къэсыху зыхъумэфари. Мыр щыӀащ. ФӀырэ Ӏейрэ и лъэныкъуэкӀэ зэпэтплъыхьыну къезэгъыркъым, тхыдэм сослогательнэ наклоненэ зэремызэгъым хуэдэу. Мыпхуэдэ зэхэтыкӀэ адыгэм къадэгъуэгурыкӀуам я нэхъ ӀупщӀ дыдэу адыгэ тхыдэм къыхэпӀиикӀыу ӀуэрыӀуатэм ихъумам и щапхъэу, мы гупсысэм щыхьэт техъуэм ящыщщ пщы щауэ Тыкъур (еплъ «Нартыгу и тхьэусыхэ» уэрэдыжьым). Дунеижьыр зыгъэгулэз пщы щауэ Тыкъур адыгэлӀ къызэрыгуэкӀым, Нартыгу, лъыкӀпсыкӀыу зыӀэщӀилъхьэжащ, езым зиӀуэтэжыху, зы псэми къамыщӀэу! А зэман жыжьэм пщы щауэ Тыкъу хуэдэлӀ упэщӀэувэу букӀыфыныр, лъэпкъ псом лей къазэрылъысыр зэхэпщӀэ къудейкӀэ пхузэфӀэмыкӀын Ӏуэхут, Бадынокъуэ сымэ я деж къыщежьэ Адыгэ хабзэм уипӀауэ, лӀыгъэшхуэ пхэлъу ущытын хуейт. Мыпхуэдэ зэпэщӀэтыкӀэ Адыгэ хабзэм лъэпкъым къыхилъхьам и щапхъэ гъунэжу тхыдэми, нобэрейми щыбгъуэтынущ. «Нартыгу и тхьэусыхэр» нэхъ одиознэхэм ящыщщ. НэгъуэщӀ зыи блэкӀа мыжыжьэм и щапхъэ гъэщӀэгъуэну щыӀэщ. Къэбэрдейм и пщы уэлий иужьрей дыдэм епхауэ. Кушыкупщ: «шыпхэкӀэ зэхуэтхьэсауэ унэӀут зэфэзэщ хъуащ ди жылэр», – жиӀэу фыз къэзышэ щӀалэхэм, нысащӀэр япэ жэщым япиубыдурэ гъуэгурыкӀуащ, Гъуэгунокъуэ лъхукъуэлӀ щоум и деж нэсыху. Мыри Адыгэ хабзэм ипӀа цӀыху щӀыкӀэ дгъэлъагъуэхэм я щапхъэ телъыджэщ. Гъуэгунокъуэр, кърипэса икӀагъэм папщӀэ пщы уэлийр зэӀэщӀимылъхьэу, къызэрыувыӀэжыфар ди лъэпкъ социальнэ психологием (Нартыгу къэувыӀэфакъым!) кууэ зэпкърихын хуей щапхъэ телъыджэщ. Плъагъурэ Адыгэ хабзэм игъасэ цӀыхухэм зэрызаузэщӀыр?! Нартыгу адэжкӀэ къыщыщӀидзауэ Гъуэгунокъуэм и деж къыщы-

сым, Адыгэ хабзэм зыужьыныгъэшхуэу игъуэтыр зыхуэдизыр куэд дыдэ и уасэщ! Іуащхьэрысхэм (лъхукъуэлІ щхьэхуитхэм) я акъыл нэсащ цІыхум и гъащІэр зыІэщІэплъхьэну умыныкъуакъуэу, и щыуагъэ игъэзэкІуэжыфыну Іэмал иІэн хуэдэу, и гъащІэр къыхуэгъэнэжын хуейуэ зэрыщытыр. Адыгэ хабзэм щІапІыкІа цІыху лІэужьыгъуитІ зэпэщІэтым ехьэлІауэ мыр прогресс лъагэ дыдэт. Зы «мащІэт» къэнэжари: адыгэхэм къэралыгъуэ зэтрагъэувэу, цІыхум и гъащІэр хъумэн хуейуэ зэрыщытыр – Гъуэгунокъуэм игъэлъэгъуа щапхъэр – адыгэ хэку псоми щытепщэ щыщІыныр арат. ИтІани, псалъэм къыдэкІуэу жытІэнщи, Къалэмбий и тхыгъэ мы къэдгъэлъагъуэм дыщызрихьэлІэ Къербэч, лІы хъыжьэ мафІэр къызыІурылъэлъыр, махъуэш адыгэ щІалэ зэпІэзэрыт гуэрыми ІэщІэкІуэдэжагъэнущ. *(Махъуэшхэр я щІыкІэкІэ адрей адыгэ лъэпкъхэм яхуэдэтэкъым, цІыху щабэхэт. Хабзэшхуэ зыхэлът* (н.76). МыбыкІэ къэдгъэлъэгъуэну дызыхуейр зэман жыжьэ блэкІар къэдгъэщІэрэщІэжыну аракъым. **Дызыхуейр ноби псэу Адыгэ хабзэмрэ ар къызыдэгъуэгурыкІуэ адыгэ лъэпкъымрэ я фІы гуэрхэм ди бюрократием гу лъитэныр, лъитэ къудеи мыхъуу, къигъэсэбэпыныр арат нэхъыщхьэри, нэхъыфІри.**

Адыгэхэр псэуфынущ я хабзэм къихъумэжу, заузэщІ зэпыту. ШэсыпІэ уихьэфынущ гуп зэхэтыкІэ щыІэхэм Адыгэ хабзэм нэхърэ нэхъыфІрэ, нэхъ шэрыуэрэ щымыІэу. Мы псалъэхэм я щыхьэтщ нобэр къыздэсым лъэпкъым къикІуа тхыдэ гъуэгуанэр. Къытхуэнэжыр зыщ: Адыгэ хабзэр зи щІысыр ирикъуу къыдгурыІуэжу, нобэм къэралыгъуэ диІэм къыпэщылъ къалэнхэр ди хабзэм едгъэзэгъыфу дыгъуэгурыкІуэнырщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, иджырей зэманым лъы

щIэжыныр щыIэжкъым. Ар къэралыгъуэм и хабзэм зыIэщIиубыдэжащ, хъарзынэ гуэру икIи абы лъэпкъыр кIэлъыпхъуэркъым. Нобэрей адыгэм къыгурыIуащ IупщI дыдэу лъхугъэмрэ лIэныгъэмрэ зи Iизыныр Тхьэшхуэр арауэ зэрыщытыр. Тхьэшхуэм зэригъэзэхуэнщ лъхугъэмрэ лIэныгъэмрэ я Iуэхур. ЦIыхум и унафэкIэ гъащIэр къэхъуну, е, псом хуэмыдэу, кIуэдыжыну щIэныкъуэкъуэн щыIэкъым. **Цыхум и къалэн нэхъыщхьэу дунейм къыщIытехьэр зищIэжыныр ращ. Абы къыдэкIуэу езым хуэдэ къигъэхъуну, дэIэпыкъуну, и щIэныгъэр иритыну хузэфIэкIмэ, ари Iэджэ и уасэщ.** Нобэ адыгэхэр къызыхэкIыфа лъэпощхьэпохэм, псом хуэмыдэу урыс пащтыхьым лъэпкъым кърищIылIа илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIа зауэжьым, къыпхыкIыфу и Адыгэ хабзэр, и бзэр фIэмыкIуэду иджырейм къызэрысар гъащIэ и уасэщ. НытIэ, дывгъэхъумэ а гъащIэр! Е и лъэныкъуэкIэ лъэпкъми, цIыхуми нобэр къыздэсым зыкъыкIэрызыщIэу къэгъуэгурыкIуа псори блэкIам къыхэдвгъани, фIым, къабзагъэм, гъащIэм ди гупэр едвгъэт. ЦIыхум и акъыл ешэлIа хъумэ, хузэфIэмыкIын щыIэу къыщIэкIынукъым. Ди акъылыр едвгъэшалIэ нэхъыфI, нэхъ къабзэ, нэхъыбэ дызэрыхъуным. ИтIанэ Iэмал имыIэу ди гъащIэри нэхъыфI хъунущ. Адыгэ псори зэшэлIэжынымкIи щIэблэ къыдэкIуэтейм гурыIуэныгъэшхуэ дыболъагъу. Сыт и уасэ бюрократием и псалъэ къыхэмыIэбэу бэм, псом хуэмыдэу, щIалэгъуалэм я жэрдэмкIэ адыгэ ныпым и махуэр дунейм и къалэ куэдым, къуажэхэм зэрыщагъэлъапIэр! Мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэм уи фIэщ ящI лъэпкъыр зэшэлIэжыныр щIэблэм и гуращэ нэхъыщхьэхэм япэ иту зэрыщытыр. Къалэмбий зыщIэхъуэпсар нобэ лъэпкъым иIэщ. Иджы езы лъэпкъым зы цIыхуу зилъытэжын хуейщ.

# МЫЛЪКУМ ЗЭРЫХУЩЫТЫР

АдэкIэ дыхэвгъаплъэт адыгэхэр мылъкум зэрыхущыту къэгъуэгурыкIуар Къалэмбий ди деж къызэрихьэсыжым. Илъэсищэрэ щэныкъуэрэ ипи, нэхъэпэжи дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэ зэIузэпэщми хьэщIэщ иIащ. ХьэщIэщхэр цIыхуншэ хъууртэкъым. Повестым къыщыхощ пасэрей хьэщIэщым и теплъэ, и инагъ, цIыху бжыгъэ зэ хьэщIэгъуэкIэ щIэхуэр зыхуэдизым и щапхъэ:

*«... Къербэч и хьэщIэщым дыщепсыхащ ... ХьэщIэхэм ящыщ зыбжанэм нэмэз ящIырт, андез зыщти яхэтт, язынықъуэхэри пырхът...» (н.82)*

(ХьэщIэхэм хьэщIэ къатехъуэжауэ арат. ЛIы зыхыбл зыщепсыха хьэщIэщыр зы унагъуэм ейщ. Абы аргуэру лIитI (МатIэрэ Жынусрэ) щахыхьэжми хуиту яхэхуэрт. Гу лъыдвгъатэт: хьэщIэ зыбгъупщI хуиту зыщIэхуэ хьэщIэщу къуажэм дэтыр зытэкъым. Ику иту унагъуищэ жылэм дэсыгъамэ, хьэщIэщ плIыщI нэхъ мащIэ жылэм дэтыгъакъым. Иджы хьэщIэщ плIыщIым хьэщIэ зыбгъупщI тхьэмахуэ къэс (мазэ, илъэс, хэбгъэзыхьым!) зэ гъэхьэщIэгъуэу зэрыщагъэхьэщIэфын мылъку (экономическэ потенциал) жылагъуэхэм дэс цIыхухэм ябгъэдэлъащ. Гу лъыдвгъатэт, Къербэч, хьэщIэщыр зей унагъуэм и нэхъыжьри унэм искъым. Абы и Iизын хэмылъу хьэщIэ зыбгъупщI щохьэщIэ и лъапсэм! Ауэ хьэщIэщым текIуадэ мылъкум и къэлэжьыным зи гуащIэ етар «Iуащхьэ щыгум» тесхэр аращ. «Абрэджхэм» а мылъкум и къэлэжьыным зыгуэр халъхьэну я щхьэ тралъхьэртэкъым. Тралъхьапэу

щIыи, «зэрытралъхьэр» зыщIыпIэ кIуэрэ, зыгуэрым къытрахрэ шыбэр къахумэ, арат я хъуапсапIэ нэхъыщхьэхэри, я лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэри. Абыхэм я щхьэр зэтари, я гупсысэр зыхуэунэтIари лIыгъэт, хахуагъэт. Ауэ мис мы «лIыгъэ», «хахуагъэ» гуп щхьэхуэм (уэркъхэм) я гупсысэр зэтам, сытыт къаIуатэр и кIэм и кIэжым? – мыращ IупщI дыдэу Къалэмбий зи теплъэ ищIыр. А зэманым культым нахусауэ щIалэгъуалэм я нэхъ хахуэу зызыбжыжхэм, уэркъхэм, зызыхуагъэхьэзырыр арат – лIыгъэкIэ, хахуагъэкIэ я цIэр хэIуэнырт. АдэкIэ тхакIуэм иIуэтэжым щытлъагъури: Хьэрычэтрэ МатIэрэ – Тэджхэ яй зэшитI абэзэхэхэм яхэтIысхьэжам, шу щэныкъуэ яугъуейуэ, псэзэпылъхьэпIэ, бэлыхьищэ зыпыщIа гъуэгуанэ удыгъуар зэпачу, къэзакъхэм я пщэдыкъ къыщIыдыхьар аращ – я лIыгъэ ягъэпIиин, мылъку яугъуеин папщIэщ. Мыбдежым жызыIэн щыIэщ: ахэр псэ зэпылъхьэпIэм щIихьар а зэманым цIыху ящэрт лъапIэуи, кIэсхэр ящэу, мылъкушхуэ яугъуеину я мурадти аращ. Пэжщ. Мылъкур мотив нэхъыщхьэм хохьэр, ауэ лIыгъэрэ, хэхуагъэкIэ я цIэр хэIуэным и пэ къиувэу къыщIэкIынукъым, уризэныкъуэкъу хъунуми. Мылъку я унэ исуи яхуэщIынут абыхэм: щIы яIэт къыхупачау, Iэщышхуэ зрахуэфынут. А зэманым Iэщышхуэ зезыхуэр арат нэхъ къулейуэ ялъытэр.

*«Дэ зыри диIэжкъым. ДиIэр шырэ джатэрэщ, емыкIу щIыгъуу... Псори хыфIэддзэу дежэжьэ... [дежэжьэн хуей хъуа иужь – Ш.А.] ...унэIутхэмрэ мылъкумрэ си гум къызэрыщIитхъ щыIэтэкъым. Хьэрычэт си нысэр иригъэкIыжыну унафэ ищIащ, сыпэрыуа щхьэкIэ къимыгъанэу... тхылъымпIэ кIапэ къищтэри Хьэрычэт и унафэр итхащ: ар, Хьэрычэт, балигъ хъуа щIалитI*

*и щыхьэту, и щхьэгъусэм покI, игъащIэкIэ даунэгъу зыхуищIыжынкъым; щIыпыкIыр мы зыхэхуа Iуэхурщ, нэгъуэщIкIэ игу ебгъакъым, игу зэремыбгъам папщIэ сом щиплIрэ унэм хьэпшыпу илъымрэ ирет... УнэIутхэри дыутIыпщыжащ е дэ, е ди бын (апхуэдэ диIэ хъумэ) дыщIэупщIэху. Шыхэри, Iэщри, мэлри унэIутхэм еттащ. ТхылъымпIэ кIапэри унэIутхэм я нэхъыжьым анэмэт хуэтщIащ. ИтIанэ щыри дышэсащ. ... нэгъуэщI шы зырызи здетшажьэри къуажэм дыдэкIащ... (н.75).*

Дызэпевгъэплъыт иджы мы Iуэхум: я псэ емыблэжу жэщищ-махуищ гъуэгуанэр зэпачщ, биймя щIыб дыхьэщ, зэкъуэхуауэ лэжьыгъэм пэрыт гуп къагъуэтщ, цIыхухъухэр зэтраукIэщ, ныбжьыщIэхэр кIэсу кърахьэжьэри (щырыщплIырыплI зыубыдахэм: «шым лей ирихынущ!» – жаIэри ирагъэутIыпщыжащ, зырыз нэхъ кърамыгъэгъанэу), мэз защIэкIэ, нэ лей къатемыплъэн папщIэ, жэщкIэрэ я гъуэгу хагъэщIурэ къэкIуэжащ. Апхуэдэ щIыкIэу зэхуахьэса я мылъкур, шырэ Iэщэфащэмрэ фIэкIа къахуэмынэу, унэIутхэм иратри, сом щиплI унэм илъри щIыгъуу (а зэманым ар ахъшэшхуэт), абрэджу ежьэжащ зэшитIыр. ТхакIуэм IупщIу къызэригъэлъагъуэщи, мылъкум папщIэ я нэр къыщхьэрипхъуауэ лэбакъуэ лей ячынутэкъым, лъыи пхуракIутынутэкъым. Мылъкум нэхърэ нэхъ инщ гупыр мыпхуэдэ псэ зэпылъхьэпIэ гъуэгуанэ тезышэр. Мылъкури я бийтэкъым Къалэмбий и зэманым щыIа цIыхухэм. Ауэ мылъкум имылъахъэуи хуиту псэуфт. Мылъкум нэхърэ нэхъыбэ гуэр къэзылъыхъуэу зи гъащIэр зыхь уэркъхэр зыпэмыплъа лъэныкъуэмкIэ къащылъыкъуэкI щIэщхъум дыхэвгъаплъэт иджы, Къалэмбий и тхыгъэхэм дрикIуэурэ. Мы Iуэхугъуэр тхакIуэм

щIыдигъэлъагъур дигъэшынэну, е дыкъигъэуIэбжьыну аракъым. Къалэмбий адыгэ гъащIэм и художественнэ сурэт пэж ищIу еджэм и пащхьэ ирилъхьэным и гур етати, нобэ IупщIу долъагъу ар къызэрехъулIар. Художественнэ пэжым и хабзэм тету еухуэр абы адыгэ гъащIэм къыдэгъуэгурыкIуэ ем и сурэт икIи художественнэ пэжыр дигъэлъагъу къудейм къыщымынэу абыкIэ IупщI тщещIыф адыгэхэм я щIэщхъу нэхъыщхьэр.

## АДЫГЭХЭМ Я ЩIЭЩХЪУ НЭХЪЫЩХЬЭР

Дыроплъэ адэкIэ повестым и напэхэм. КIэс къахьыну ежьащ шу гупу. Пэжщ, адыгэ-урыс зауэм и нэпсыр иджыри гъущакъым... урысыр иджыри бийщ, зэрыпхъуакIуэщ. Абыхэм хэщIыныгъэ ептыху нэхъ игъуэщ – зэ IуплъэгъуэкIэ, ауэ мыр зэ IуплъэгъуэкIэщ... Я хэкур зэрызыпхъуахэм ялъ иракIутын къудей абы я гъуазэр? Нобэми гу зылъытапхъэ куэди, кууэ зэгупсысыпхъэ куэди Къалэмбий и тхыгъэхэм къыщыIэтащ. «Абрэджхэм» хуэдэу IупщIу бий нэхъыщхьэу адыгэм къадэгъуэгурыкIуэр зы тхыгъэми щаIуатэкъым Къалэмбий дигъэлъагъуну зи ужь итыр, икIи шэрыуэу къызэрехъулIэм шэч къытехьэгъуейщ. Нэби гухэщI къыдет тхакIуэ телъыджэм гу зылъитауэ ди лъэпкъым и IэщIыб имыщIыфахэм.

*Шу щэ ныкъуэ дызэрыгъэхъури, Псыжь дызэпрыкIащ. Къэзакъхэм я лъахэ дихьэри, жыжьэ дыкIуэцIрыкIащ. ...ДызэгурыIуащ: пщыхьэщхьэ хуегъэзэкI хъумэ, я екIуэлIэжыгъуэм деж, – датеуэнщ, дгъэбэлэрыгъынщи... Сэ сызыхэт гупым мэз лъапэм деж зыщиIэжьэн хуейт, адрей гупым,*

*къуэ кIуэцIым дэтурэ къыпакIухьу... я гъуэгур зэпаупщIыху.* ***...си гур къилъэтыным нэсат а сыхьэтым, мафIэм хуэдэу сыкъызэщIэнат. Бланэ уIэгъэ Iуua щакIуэм фIэкI, сытым срещхьынт сэ а дакъикъэм! Си пIэ сизэгъэжыртэкъым, зыщIэдгъэгувэм щхьэкIэ сызэгуэпырт: щхьэ зытIэжьэрэ, дэпщэщ «феуэ!» псалъэр щызэхэтхынур? Си ныбжьэгъухэри пIэцIеижырт, илъын хьэзырт... (н.59)*** – мыракъэ уэркъ щауэхэм я нэхъыбапIэм щытепщэу а зэманым яхэлъа гупсысэкIэр – бий нэхъыщхьэр! «Феуэ!» – унафэр зэрызэхахыу абыхэм, лажьэу губгъуэм итхэм яхэлъэдэнурэ лIыхэр зэтраукIэнурэ, щIалэгъуалэмрэ сабиймрэ кIэсу кърахьэжьэнущ. Зы лъэныкъуэкIи, къэкIуатэурэ Хэкум и фIыпIэр зыубыда урыс махинэм и пшапэIудз къэзакъхэр аращ зэтраукIэри, бгъэзахуэ хъуну шэч уощI, ауэ..., дривгъаплъэт, адэкIэ: я хэкур зэрызыпхъуахэм я лъыр иракIутын къудейт абы я нэрыгъыр?.. Арамэ щхьэ техьэрэ аргуэру псэзэпылъхьэпIэ гъуэгуанэ, и биймрэ и деж кIуэуэ?

Жэщищ-махуищкIэ гъуэгу сытетри, пщыхьэщхьэ хуэкIуэу, Лабэ нэсхусащ, си шым тхъурымбэр къехуэхыу. ...Ар урыс лагерт. Iэщэ къихакIэ сахыхьакъым мы зэм, ныбжьэгъу къэсщIыну арат. ...( н.86). <u>Сыщалъхуа щIыналъэр IэщIыб щIэсщIар абы мыгъуагъэ къыхуэсхьын щхьэкIэкъым. Апхуэдэ мурадыр дэтхэнэ адыгэми ирегбынэ. Адыгэлъэтэкъым сэ згъэжэнур, Хьэнцейм ялът, Хьэнцейм я мыгъуагъэт сызылъыхъуэр</u> (!!!) (н.87).

Иджы дигу къэдвгъэгъэкIыжыт Хьэнцейм, (адыгэ жылэм) щыпсэу цIыхухэм ялъ игъэжэн и пэ къэзакъ цIыхухъухэр зэтезыукIэу, кIэс къезыхьэжьэу, къахьахэр унэIуту зи пщIантIэ дэзыгъэувэжахэм я нэхъ пашэхэм хэтар, а зэтриукIа

урысхэм ягухьэну щIелъэIужыр къызыхэкIым. Мис абы теухуауэ Къалэмбий итхыр: «Пщыхьэщхьэ гуэрым, си шынэхъыжьымрэ сэрэ хьэщIэщым дыздыщIэсым, зы щIалэ, бауэбапщэу, къытхэлъэдащ: «Алыхьырщ, Алыхьым иужькIэ си щхьэрэ си нэмысрэ Тэджхэ анэмэт фхузощI жери» (н.71).

Къэхъуар ди псалъэкIэ тIуатэжынщ. ХьэщIэ къахэлъэдам, Исмел, хъыджэбз кърихьэжьащ (мыарэзыуэ хъыджэбзыр). Пхъэрыри кIэщIу къыкIэлъысащ. Зи псалъэрэ, зи щхьэрэ жылэм ялъытэ зэшитIым Iэмал хуагъуэтакъым хъыджэбз мыарэзыуэ кърихьэжьар и Iыхьлы къыкIэлъысахэм яритыжу, хьэлэбэлыкъ къыкIэлъымыкIуэу зызэтригъэбэяуэжыну. Бысым зэшитIми, хьэщIэм тракъузэрэ ирырагъэтыжыгъамэ, «хьэщIэм пщIэ хуащIакъым!» – жаIэу цIей-нэпейкIэ хэIуэным къыщымынэу, Исмелыр бий къахуэхъунут. Абыи нэмысу, пхъэр къыкIэлъыкIуахэр зэрыжылэу я куэбжэпэм Iуту, лIыкIуэ хьэщIэщым къыщIагъыхьэ. АрщхьэкIэ, лIыжьхэмрэ, бысимымрэ зэгурыIуэныгъэ зэхуамыгъуэту, я хьэщIэ Исмелыр кIэрахъуэ къихакIэ: «и насыпыр ихъумэжыну» пхъэрым яхохьэ. Ауэ жылэ псом уатекIуэнт? ЩIалэ хъыжьэр къаIуантIэ, къаудыныхь, и кIэрахъуэ зэрызигъэпхъашэ трахам дэкIуэу и цей къуащIэр къыгуэтхъауэ, и напэр текIауэ хьэщIэщым къыщIагъэджэрэзэж. Исмел и закъуэу а псор жылэм кърапщIэгъамэ зыгуэрт, ауэ зи хьэщIэр (хьэщIэр – Тхьэм и щIасэщ) къагъэпуда бысымри пуд къащIащ я хьэщIэм и гъусэу. А зэманым и цIыху адыгэхэм дежкIэ ар икIагъэ дыдэт. Апхуэдэ пудыныгъэ уэркъ щауэ лъы пщтырым лъыбгъэс хъурэт? (дигу къэдвгъэгъэкIыжыт ищхьэкIэ къыщытхьа щапхъэр иджыри зэ: *си пIэ сизэгъэжыртэкъым... дэпщэщ «феуэ!» – псалъэр щызэхэтхынур?* (н.59).

Зэшхэм я мылъкур хыфIадзэри, хьэщIэр ящIыгъуу защтэри, абрэджу йожьэж, къэзыгъэпуда жылэр ягъэсын нэхъ гуращэ ямыIэу – аращ зэтраукIэу, зи щIэблэр унэIуту кърахьэжьа къэзакъхэм я форпостым лъэIуакIуэ щIытригъэзэжри– я напэр «ягъэкъэбзэжын», адыгэ жылэ балигъ щыхъуам и лъапсэр ягъэгъущын папщIэ «дэIэпыкъэгъу» къилъыхъуэущ.

ЕпщыкIубланэ – епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэхэм адыгэ лъэпкъхэм щытепщэу щыта идеологием ипI цIыхухэм я гъуазэ нэхъыщхьэу яхэлъар: «напэм и пэ псэр ихуэ», жыхуаIэрщ. Тэдж зэшитIым щIэщхъу бзаджэр къащылъыкъуэкIыр зыпэмыплъа лъэныкъуэрщ. Мис ар, я хьэщIэм и напэр «ятхьэщIыжыну», лажьэ зимыIэ я жылэм зэрыпэщIэувэжарщ:

***«...ди щхьэм и къулей дылъыхъуэу аратэкъым. Хьэнцейм фIэкIа нэгъуэщIым дигу хуэплъыртэкъым дэ, нэгъуэщIым илъ дгъэжакъым. НэгъуэщIхэми дарихьэлIат зэкъуэхуауэ – зы джэд нэхъ мыхъуми дахэIэбакъым».*** ***(***н.***84)*** – загъэзэхуэну хэтщ абыхэм.

Зэ IуплъэгъуэкIи щIалэ Iеи хуэдэхэкъым икIи:

***«ГъэщIэгъуэныракъэ! Хьэнцейм... я гъунэгъухэр ди телъхьэ хуэдэт. Псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр... зыгуэрым зигу ебгъа щIалэхэм гъусэ зыкъытхуащIырт. Хьэрычэт фIэфIтэкъым а щIалэ щхьэпсыншэхэм лажьэ зиIэми, зимыIэми ялъ зэрагъажэр»*** (н.83), я телъхьэ хъуни ягъуэт бэуэ. Ауэ, гу лъыдвгъатэт, Адыгэ хабзэм гушхуэ кIуэцIылъу, лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ къилъыхъуэу игъэсэф цIыхум емрэ фIымрэ зи щIысыр ирикъуу пкърамылъхьамэ, нэхъыщхьэм гу лъимытэфу, лIыукI къызэрыгуэкIыу къыщIидзыжынкIэ зэрыхъунум. Адыгэ хабзэр

цIыхур цIыху (личность) зыщIу ижь-ижьыж къыщегъэжьауэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуащ. Адыгэ хабзэм и идеологиер къэралыгъуэ щыIэхэм (Урысейм, Тыркум, Къажэрым, н. я зэхэтыкIэ, къагъэсэбэп Iэмалхэм, идеологием, хабзэм), хуэдэу трансформацие ящIыну класс пашэу къару нэхъыбэ зыIэщIэзыубыдэфыу къыхэщхьэхукIа уэркъхэм яхузэфIэмыкIыурэ Урыс империем и Iэрмэ абрагъуэм адыгэхэм закъытригъэукIуриящ. Къэбэрдейр хэуват къэралыгъуэм и зэхэтыкIэм, (еплъ Сокъур Валерэ и статья «Уэркъ тхыдэм и теплъэгъуищ» ж. *Iуащхьэмахуэ, 2000 гъ, № №5, 6; 2011 гъ, № 1.)* Аращ япэу империем и удын бзаджэри къыщIылъысар, ауэ махинэм пэщIэувэфын системэ зиIэ къэралыгъуэу лъэ быдэкIэ зэтеувэным хунэмысу Урыс империем и стратегическэ интересымрэ и зауэ махинэ абрагъуэмрэ зыIэщIалъхьащ. Къэдгъэлъэгъуа статьям IупщI дыдэу къызэрыщигъэлъагъуэщи, къэбэрдей адыгэхэм къэралыгъуэм и пкъыр зэфIагъэуват (экономическэ лъабжьэр ягъэпсат, Адыгэ хабзэр и лъабжьэу законодательнэ базэ ятхыжрэ регулярнэ Iэрмэ зэрагъэпэщыжыгъам). Мыращ Къалэмбий адэкIэ зыгъэгузасэ гупсысэмкIи: (***ЦIыху цIыкIум къримыт къару уиIэн хуейщ, ди хабзэхэм уапэщIэувэн щхьэкIэ, си хэку щыслъагъу гукъутэхэм си фIэщ ящIащ ар*** (н.25 ) иIуэтэну зыхуейр ялейуэ лъэрызехьэу, хуиту дэтхэнэ зыми Адыгэ хабзэм къыхищIыкI цIыхум имыщIапхъэ илэжьыну «щыщIихьэ» зэзэмызэм къэралыгъуэм и институтхэмкIэ (суд, Iэрмэ, полицэ, н.къ.) къыжьэдикъуэфыну Iэмал иIэн хуейуэ къалэн зэрызыщищIыжыпхъэр. Къытедвгъэгъэзэж аргуэру нэхъ IупщIу: *«ЦIыхум къримыт къару уиIэн хуейм...»-кIэ* Къалэмбий дигъэлъагъуну зыгъэгузасэр*:* **Адыгэ хабзэм ипI цIыху хуитхэр я псэукIэ**

**яIэжу зэхэтын хуэдэу, нэгъуэщIыпIэкIэ къикI къарухэм ирипэщIэувэфыну; езыхэм яку къыдэхъуэ эксцессхэр иригъэуфIынкIыфыну системнэ институтхэр зиIэ къэралыгъуэу зэзышэлIэн къару къыкъуэмыкIыурэ урыс махинэм зэхиупIэщIащ!** Уэ сыт хуэдэ щхьэзакъуэ лIыгъэкIэ умылъэрызехьами, системэкIэ къызэщIэгъэуIуа къару умыхъуфам, системэкIэ къызэгъэпэщауэ къару зиIэм, ар зэрызэхэт зырызхэр куэдкIэ нэхъ лъэрымыхьми, уапэлъэщыфынукъым. Мы псалъэхэм щыхьэт тохъуэж езы авторыри. Мис ар: дэтхэнэ зыми дуней псом яфIэтелъыджэ лIыгъэ хэлъу Адыгэ хабзэм цIыху игъасэфми («*Арысейм сыщыIэху, си лъэпкъэгъухэм IэщэкIи, шыкIи сакъыкIэрыхуат. Пэжщ, сэ къулыкъу зыщысщIэр шудзэрт, ауэ ар сэбэп къызэрысхуэхъуа щIагъуэ щыIэу слъагъужыртэкъым. Европэм шыуейуэ къыщалъытэмрэ бгырыс хъыжьэмрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Европейцыр шым щIэшэсыр зигъэщIэгъуэн мурадкIэщ, си лъэпкъэгъум уанэгури щIылъэри и зэхуэдэщ*» (н.9), системэкIэ къызэгъэпэща къарум, зэрызэхэт зырызхэр куэдкIэ нэхъ лъэрмыхьми, утекIуэфынукъым. Къэтхь пычыгъуэр Къалэмбий и тхыгъэм къыхэтхами, къиигупсысакъым. Мыр пэжщ. НытIэ, мыпхуэдизу шыри, Iэщэри зыгъэIэрыхуэ защIэу зэхэт адыгэхэм я лIыгъэр щхьэ пэмылъэщарэ биийм я Хэкур ирамыгъэубыду я лъэпкъыр яхъумэжын?

Мы упщIэм и жэуапыр адыгэ тхыдэм щхьэфэтегъэкIыуи щымыгъуазэ къудейр повестым гупсэхуу еджэми къыгурыIуэнущ. Мыбы и щхьэусыгъуэр, къызэрыдгъэлъэгъуащи: системэ зиIэ къэралыгъуэу адыгэ лъэпкъхэр зэрызэхэшыпсыхьыну зэманыр кIыхь дыдэ зэрыхъуарщ. ИкIи ар япэу зи «лажьэр», зэрыдгъэлъэгъуащи, Адыгэ хабзэрщ.

Мыпхуэдэ зэхэтыкIэр: напэм и пэ псэр щрагъэщыр, Iейрэ фIырэ къэтхутэну, хьэмэрэ зэман блэкIам дыхущIэджэжыну мыр къеттхэкIкъым. Мыр лъэпкъым и гъащIэм хэлъащ – аращ блэкIам дэ хужытIэжыфынур, ауэ авторым нобэ дызригъэплъыжыфыну Iэмал къызэрытхуигъэнар аращ нэхъыфIыр зэкIэ. ИтIани мы зэхэтыкIэ ткIийм: Адыгэ хабзэм ипIа цIыхухэм напэм и пэ псэр игъэщ! – жызыIэу цIыхум къыпэзыубыдым, **лъэпкъым и гъащIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэр арат наIуэ ищIыр? Сыт и лъэныкъуэкIэ лъэпкъыр игъэбжьыфIэрэт (е игъэикIэрэт)? Къабзагъэ ирикъу хэпща мыхъуам мыпхуэдэ «дуней еплъыкIэм» цIыхур зыхуишэ финалыр Къалэмбий сыт хуэдэу IупщIу ди нэгу къыщIигъэувэжыфрэ? ДыщрихьэлIэрэ мыпхуэдэ хьэлым нобэрей ди адыгэхэм я дежи? –** къебгъэувэкIыфынущ упщIэхэр сатыру икIи абыхэм я жэуапри дызытепсэлъыхь авторым и повестхэм IупщIу щыдегъэлъагъу.

## «IУАЩХЬЭРЫСХЭМ» ДЫЗЫХУАШЭ ГУПСЫСЭХЭР

НытIэ «Iуащхьэ щыгум» сыт хуэдэ адыгэ гуп дызыщрихьэлIэр Къалэмбий и фIыщIэкIэ? «Iуащхьэ щыгур» повесть къудейкъым, образщ, Адыгэ хабзэм щIапIыкIа, хабзэм и фIыпIэр къызыгурыIуэ лъэпкъым и нэхъыбапIэм и образ. Адыгэхэм я нэхъыбапIэм я дуней еплъыкIэ, зыгъэпIетей гупсысэ, «зыхукъуэплъ» идеал. Адыгэ лъэпкъым уэркъ, дыгъуэшх-дыгуэлIхэр, лIыгъэмрэ цIэрыIуэ хъунымрэ зи гуращэу, зишрэ зи Iэщэрэ зэманым щыIэхэм я нэхъыфIу псэу цIыхухэр

мымащIэу яхэтами, я лIыгъэр ямыгъэпIийуэ, гъащIэм и философиер кууурэ зэхэзыщIэ, къызыгурыIуэ, гуащIэдэкI хьэлэлыр зи гъуазэу яхэта цIыхухэр и нэхъыбапIэу къызэрыгъуэгурыкIуам шэч хэлъкъым. Къалэмбий абыхэм ятетхыхьын папщIэ Iуащхьэ щыгур къыщIыхихыр я хабзэкIэ, нравственнэ къабзагъэ ябгъэдэлъкIэ, гъащIэм и лъэныкъуэ яубыдакIэ хьэщIэщым щIэсхэм нэхърэ зэрынэхъ лъагэр къытхуиIуатэу аращ, авторым ахэр бжыхь джабэм кIэщIэсу, пщыхьэщхьэ дыгъэпсым хэсу уэршэру къигъэлъагъуэфынуми. Iуащхьэ щыгум щызэхуэсхэрщ адыгэ лъэпкъыр емынэми, таломи, урыс пащтыхьым къърищIылIа геноцидми зэфэзэщу имыхьу нобэр къыздэсым къэзыгъэпсэуар. Гу лъытапхъэщ, повестыр конфликт гуэрми ещIэкIауэ зэрыщымытым. Урысейм щеджэу и хэку къэкIуэжа щIалэм и деж я къуажэгъу лIыжь лъагъунлъагъу къыщIохьэри, зэдэуэршэрурэ (Крылов и басняхэми къыхуеджат) акъыл жан зиIэ лIыжьым гъэщIэгъуэн щыхъуа щIалэ губзыгъэр Iуащхьэм деш, щызэхуэсхэм я уэршэрым щIигъэдэIуну. Iуащхьэщыгутесхэр «...теплъэ хъуркъым шырэ Iэщэрэ фIэкIа нэкуи, напIи зимыIэж цIыху Iуэхуншэхэм.... Зыми щхьэщцэ хуащIыркъым абыхэм, зым и пащхьи зыщагъэцIыкIуркъым... Я псалъэм я нэхъ дыджыр зырадзыр хьэщIэщхэм щытепщэу пщIэншэрышхэхэрщ» (н.97). Повестыр цIыхухэм я дуней еплъыкIэ, лэжьыгъэ IэнатIэм ягу зэрета, цIыхугъэм зэрыхущыт диалог зэфэзэщу ухуащ, ауэ сыт хуэдэ ахэр: гупсысэ ягухэр зэтар, я дуней еплъыкIэхэр! Адыгэ лъэпкъым и нэхъыбапIэм щытепщэ къабзагъэм и символщ «Iуащхьэ щыгур» зэрыщыту. Авторым и IэдакъэщIэкIыу ди деж къэсахэм щыщ дэтхэнэри конфликт гуэрым ехьэлIауэ, сюжет гуэркIэ къызэкIуэцIех. «Iуащ-

хьэ щыгум», къызэрыдгъэлъэгъуащи, иIэкъым конфликти, сюжет зэгъэпэщаи, икIи мыр щыщIэныгъэкъым. Мыпхуэдэу повестыр зэригъэпсым авторыр кууэ егупсысам шэч хэлъкъым. МыбыкIэ иIуэтэну хуейщ Адыгэ хабзэм щIапIыкIа цIыхум и нравственнэ идеалхэр зэрылъагэ дыдэр, апхуэдэхэм я зэхэтыкIэм социальнэ конфликт зэрыхэмылъыр. Iуащхьэщыгутесхэм я зэхэтыкIэм щыгъуазэ зыщыпщIкIэ зы къару къабзэ гуэр къыппкъырохьэ укъызэщIиIэтэу! Гу лъытапхъэщ, Iуащхьэ щыгум укъеплъыхмэ, укъызыдэплъэ уэркъ пщIантIэм щызэхуэса хьэщIэ шууейхэр уи Iэгум итым хуэдэу IупщIу зэрыплъагъум. Мыр литературнэ приём, символ къудейкъым, атIэ я гъащIэ гъуэгуанэкIэ лъхукъуэлIхэр зытет лъагагъэм уэркъхэр куэдкIэ зэрелъэхъшэкIыр аращ. Мыр тхакIуэ Iущым гъащIэ и пIалъэр ирикъуу къызэрыгурыIуар IупщIу зэрыдигъэлъагъум и щапхъэщ: Iуащхьэ щыгу лъагэм укъеплъыхыу, и лъабжьэм щыIэ уэркъ хьэщIэщым щызэхуэсхэр зэрыплъагъур, къабзагъэм и лъагапIэм тет адыгэ лъэпкъым и цIыхухэм иджыри абы дэмыкIыфахэр IупщIу зэралъагъум и символщ. Аращ нэхъыщхьэу Къалэмбий иIуэтэну зыхуэпабгъари– адыгэ цIыхум и нэхъыбапIэм ябгъэдэлъ къару узыншэу гъащIэр зыхъумэр, адыгагъэр езыгъэфIакIуэр, гъащIэр зыгъэкIуатэр. Мыпхуэдэ гъащIэ зи гъуазэ лъэпкъыр аращ гъуэгурыкIуэ мыцIыхум папщIэ хьэщIэщ зыухуэу къезыгъэжьари, а хьэщIэщым европей цIыху пэрытым и благъэми щримытыф зыгъэпсэхупIэ (условие) гъуэгурыкIуэ мыцIыхум лъигъэсын папщIэ, зыпэмыплъа расходхэр трищIэу псэууэ и гъащIэр езыхьэкIыу къэзыублари. Мис Адыгэ хабзэм и къабзапIэ нэхъ лъагэ дыдэхэр къыщежьэ Iуащхьэ щыгур – лъагапIэр. Хьэмэрэ, мы гупсысэр тхыдэм и сосла-

гательнэ наклоненэм хуокIуэж, ди адыгэ лъэпкъым я пашэхэм я жьэгъур тIэкIу нэхъ бгъэщхъ хъуфу хьэл зыхалъхьэу, я лъэпкъыр зэтрамыукIэу, урыс Iэрмэ абрагъуэм зрамыгъэхьэжу, я лъэпкъэ я щIы кIапэрэ зэрахъумэжыным я гур етауэ, я лъэпкъым и бжыгъэр хагъахъуэным хущIэкъуу (я автономие яхъумэжу) урыс империем хыхьэгъатэмэ, п. папщIэ Къэрым хъаныгъуэр зэрыхыхьам хуэдэу, нэхъ зэрыхъумэу, нэхъыбэу иджырей къэсынри хэлът. Империе куэд лъэлъэжащ. Австро-венргриери, нэхъ иужьрейуэ «псэуа» Уэсмэн империери лъэлъэжащ. Уэсмэн империем къыщIэна нэхъ къэралыгъуэ иным – Тыркум– иджыри лъэпкъ куэд щопсэу я культурнэ автономием и гугъу умыщIи, къэралыгъуэ гуэрым и нэщэнэу зыри ямыIэу. Курду тыркум исыр куэдкIэ нэхъ мащIэкъым тырку дыдэхэм нэхъръэ. ИтIани къэралыгъуэ (государственность) яIэкъым. Мы псор къэплъытэмэ, Урысей империем дыдэпсэууэ нобэм дыкъызэрысар нэхъыфIщ куэдкIэ. Урысей империем къыдэкIуэу къытлъыса къэралыгъуэр ирикъуу къэдгъэсэбэпыфыныр зи чэзу Iуэхугъуэщ. Иджыпсту зыми къыдипхкъым и фащэмрэ и купщIэмрэ зэщхьэщыкIыу идеологизированнэ къытхущытыкIэ. Иджыпсту Iэмалышхуэ диIэщ Адыгэ хабзэм и фIыпIэ нравственностыр зи гъуазэ къэралыгъуэ лъагэу дызэтеувэнымкIэ. Къалэмбии, ди литературэм и фIыпIэр зи IэдакъэщIэкI псоми къызэрагъэлъагъуэщи, адыгэм и сыт хуэдэ зэхэтыкIэми ипэ щригъэщу щытар цIыхур аращ. Мис мыр IэщIыб дывмыгъэщI. Адыгэ хабзэ нобэм адыгэ цIыхур къэзыхьэсам къыдэгъуэгурыкIуэ фIыхэр плъапIэ дывгъэщI. Нравственностыр димыгъуазэу, цIыхум и гъащIэмрэ и хуитыныгъэмрэ жьантIэм дэмыту зы лъэбакъуи дывмыгъэч. Мыхэр тхузэфIэкIы-

нымкIи ди дэIэпыкъуэгъу нэхъыщхьэр лъэпкъым ноби и нэхъыбапIэ Iуащхьэ щыгутесхэм хуэдэхэрщ.

Урыс зауэжьыр къыщыдащIылIам шапсыгъ адыгэхэр мин щэ бжыгъэт, къэбэрдей адыгэхэр – мин щищ хуэдиз хъурт (Хъанджэрий зэритхымкIэ). Зауэжьыр щиухам шапсыгъ адыгэу мин зы-тIу; къэбэрдей адыгэу миниппщI хуэдиз – арат къинэжар хэкум. Урыс зауэжьыр иуха нэужь, лъэпкъыр хуиту бэуэну Iэмал имыгъуэтурэ Октябрь хьэрикурийр къытеукIуриящ, абы иужь иту къыкIэлъыкIуащ зэш зэзауэжыр. Даутокъуэ-Серебряков Заурбэч лъыгъажэ лъэпкъым кърималъхьэнкIэ Iэмал имыIэу ирахулIащ. ИужькIэ – коллективизацэ бзаджэнаджэм лажьэ ямыIэу дагъэкIуэдахэр, гъаблэр, гъаблэ гуэрыр, Хэку зауэшхуэр – куэд мэхъу адыгэхэм къатепсыха бэлыхьыр, куэд дыдэ. НэгъуэщI лъэпкъхэри тхъакъым, ауэ адыгэм я тхыдэр хьэлъэ дыдэт. Мы иджырей илъэс щэныкъуэр аращ ди лъэпкъыр тIэкIунитIэ нэхъ хуиту бауэну Iэмал щигъуэтар, итIани дывгъэлъытэт 1860–1870 гъ.гъ. минипщIым хуэдиз фIэкIа къызыхэмынэжа къэбэрдей адыгэхэр иджыпсту мелуан ныкъуэм ноблагъэ! Гу лъытапхъэщ лъэпкъым и узыншагъэр зыдэщыIэм! Мыращ тлъытэн хуейр, къаугъэ къэдмылъыхъуэу! Ди щIэблэр ди бзэ, ди хабзэ щIэтпIыкIыжу, ди бжыгъэ, гъэсэныгъэ, ди щIэныгъэ, ди мылъку зэрыхэхъуэн хуейр тщымыгъупщэу, дуней (экологие) дызыхэпсэукIыр ирикъуу тлъытэу, гъащIэ къызэрыдитам пэкIуэж пщIэ хуэтщIыфу зэманым дыпхыкIыныр ди къалэнщ, абыкIи Къалэмбий дызыхигъаплъэ Iуащхьэщыгутесхэр щапхъэ къудейм къыщымынэу, къызэрыдгъэлъэгъуащи, ноби ди лъэпкъым и нэхъыбапIэщ. Абы къыпхелъхьэ гугъэшхуэ.

АдэкIэ и гугъу нэхъ дывгъэщI Къалэмбий зыщIэхъуэпсахэмрэ нобэ къытпэщылъ Iуэхугъуэхэмрэ. ТхакIуэ Iущыр зыхалъхуа зэманым емылъытауэ хуумыгъэфэщэну кIуэд зылъагъуф, Iуэхугъуэ куэдым ягъэпIейтей цIыху щыпкъэт. Тхыбзэ зимыIэж лъэпкъым къыхэкIауэ, къалэм и щыпэ къащтэу, мыпхуэдиз Iуэхугъэ къыщызэщIиIэтэкIэ, мыбдежым дэ и гугъу тщIыркъым и IэдакъэщIэкIхэм я художественнэ, эстетическэ гъэпсыкIэм хэхауэ, абыхэмкIи и зэманым ятххэм яхуэдэу яхэувэми, укъегъэуIэбжь. Ещхьэркъабзэуи уи гум йожалIэ и лъэпкъым и пщэдейм хуэнэхъуеиншэу телэжьа мы цIыху щыпкъэм хуэIэзэу къегъэлъагъуэ адыгэм и пащхьэ илъ Iуэхугъуэхэм я щыщ куэдыр нобэми гъэзэкIуа зэрымыхъуар. Мыбы къыдэкIуэуи дытемыпсэлъыхьынр Iэмал зимыIэщ Къалэмбий и зэманым адыгэ гупым иIа зэхэтыкIэмрэ нобэ диIэмрэ я лъэныкъуэ хэха зыбжанэм.

## ДИНЫМ

Совет власть зэлымыгъэкIэ лъэпкъым къытрапIа зэхущытыкIэм и идеологиер сыт хуэдэт? Адыгэ хабзэм и философие узыншэр къагъэсэбэпу лъэпкъым и гъащIэр нэхъыфI ящIыну яужь ита? – мыр псалъэмакъ щхьэхуэ къудейм къыщымынэу хьэлъэщ. Коммунизм дызыхуахуну зыщIэныкъуэкъуам и япэ этап зызыужьа социализмэм и идеологхэм Адыгэ хабзэри, лъэпкъри ятхьэлэу зы телъыджэ гуэрхэр (къагъэхъур зи щIысыр езыхэми ямыщIэжу) къытхащIыкIыну ныкъуэкъуауэ къыщIидзыжащ. Пэжщ, хэкум имытауэ промышленность кърашащ, социальнэ

инфраструктурэ димыIахэм дыщыпсэуну зэтрагъэувэн яхузэфIэкIащ, н. фIы куэди бгъуэтынущ утепсэлъыххьыну, ауэ Адыгэ хабзэм и фIыпIэр гупсысэ узыншэ ехьэлIауэ къамыгъэсэбэпу, нэхъыбэм къулыкъу щIэкъу, чванливэ цIыху, Iужажэ, н.къ. бжыпэр ирату совет системэр къызэрекIуэкIам ди лъэпкъыр иригъэфIэкIуакъым. Адыгэм и идеологиер зэрыщыту Адыгэ хабзэм къызэщIиубыдэу илъэс минхэм лъэпкъыр къыпхыкIащ. Совет системэр лъэпкъым къыщытрапIэм, къэралыгъуэ (государственность) къыдыхалъхьам акъылкIэ бгъэдыххьэу, Адыгэ хабзэм и институт лъэпкъым кууэ хэлъхэр, идеологием и хабзэхэр (закономерностхэр) къагъэсэбэпурэ къэралыгъуэмрэ (государственностымрэ) Адыгэ хабзэмрэ зрашэлIэгъамэ (зэхэшыпсыхьыжын хуэдэу зым зыр «игъэпшэру», иригъэфIакIуэу), фщIы фи фIэщ, коммунизмэр адыгэ хэкум щытхуэухуэнкIэт! Апхуэдэу зыщIыфыну лъэпкъым къыхэкIа лIыхэм (лидер ирикъухэм) ящыщт Къатхъэн Назир, ауэ «лIыфIыгъуэ сригъэхуэнукъым» – жиIэри, хабзэ зыхэлъ, лъэпкъым и фIыр зылъагъуф, гупыр зыгъэдэIуэф мо адыгэлI щыпкъэр Къалмыкъым Iуихащ. Езым зегъэзыжри иджыри ХьэтIэхъущокъуэм и хадэ ихьэпIэм тетщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, езы Къалмыкъым и акъыл къитIасэтэкъым лъэпкъыр зэрыт псэзэпылъхьэпIэр зыхуэдэр! Къатхъэн Назир лIы губзыгъащэт, межличностнэ «зэхьэзэхуэм» зыдригъэхьэхыу, Iэмал мыщхьэмыпэкIэ бжыпэр лъэпкъым щиубыдыну лъэбакъуэ лей ичакъым, и зэфIэкIкIи, и акъылкIи, и щIэныгъэкIи Адыгэ лъэпкъым и пашэу щытыну къилэжьым къыщымынэу къалъхугъами.

Нобэ ди сабийуэ муслъымэн фанатик хъуну гъуэгу техьэхэм къайуалIэ узым я щхьэусы-

гъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ лъэпкъым къылъыса лейм къыщIэна генетическэ памятыр. Адыгэ хабзэм и фIыпIэр зэманым къезэгъыу къэдгъэсэбэпу ди лъэпкъыр зэдмышэлIэжым, аргуэру лъыгъажэ ди лъэпкъым къихъуэныр шынагъуэщ. Ноби, пщэдеи, пщэдеймыщкIи – дяпэкIэ къытпэплъэ дунейми, зыкIи дыщыхуейкъым дэ лъыгъажэ. НобэкIэ япэу ди акъыл зэтауэ дыпсэун хуей Iуэхугъуэхэм ящыщщ зэманым къыдит Iэмалхэр къэдгъэсэбэпу, ди лъэпкъ, ди лъэпкъ и хабзэ зэрызэтедгъэувэжыфыну диIэ Iэмалхэр къэдгъэсэбэпурэ пщэдейм дыпежьэу дыпсэуныр. Мыр тхузэфIэкIын папщIэ сыт диIэ, сыт дыхуэныкъуэ?– жытIэрэ дызэупщIыжмэ – жэуапыр сатейм телъщ.

**ИдеологиекIэ** (нэхъ тэмэму жыпIэмэ, идеологием иIыгъ цIыхум я бжыгъэкIэ, ирехъу ар ди лъахэ къудейм щыщыIэ бжыгъэуи) муслъымэн диным, илъэс мин бжыгъэхэр зи пщэдыкъ къыдэтым, зэ Iуплъэгъуэ кIэ пэдгъэувыфын щыIэкъым. Ауэ мыр зэ IуплъэгъуэкIэщ. Социализмыр (коммунистическэ идеологиер) банкротщ. Урысейм иджыри зыкъомрэ къыщалъыхъуэнущ лъэпкъ идеер. Дэ нэхъ набдзэгубдзаплъэу дызэплъыжмэ, диIэ къудейкъым, иджыри псэууэ, лъэрызехьэу, ди гъащIэм лъабжьэшхуэ щиIэу къыддэгъуэгурыкIуэу тхэлъщ **Адыгэ хабзэр**, ар муслъымэн диным нэхърэ нэхъыжьыжщ. Къэгъэлъэгъуапхъэщ, ди къэрал унафэщIхэр гупсысэрэ культурэм гулъытэ хуащIыпхъэр лъагъэсым, муслъымэн экстремизмыр Адыгэ хабзэм зэи къызэрытемыкIуэнур. Адыгэ хабзэр куэд дыдэкIэ йофIэкI муслъымэн диным и фIыцIагъэ лъапIэм. Урысей къэралыгъуэжьым иджыпсту лъэпкъ идея къыщалъыхъуэу щамыгъуэтыжым, дэ, адыгэхэм, плIэнэпэм дыщIыдэплъэжын щымыIэу

псэууэ къытщхьэщытщ икIи къытхэпщащ ди лъэпкъыр зыхъумэн, нэгъуэщIхэми щапхъэ хуэхъун лъэпкъ идеер – Адыгэ хабзэр. Къэзанокъуэ Жэбагъы и жыIэгъуэхэм ящыщ: «фифI фымыгъэпуд, фи Iей фымыгъэпщкIу!», е, «зэманым декIур лIыфIщ!» – дигу къэдвгъэгъэкIыжи, Адыгэ хабзэм зедгъэузэщIу ди щIэблэр гъэса зэрыхъунум, ди промышленностыр къызэрытIэтынум, мэкъумэшыр зыужьыныгъэм и хабзэм езэгъыу (трансгеннэти, гмо – ти, жыхуаIэу, зи щIысыр ирикъуу къэхута мыхъуам дыкIэлъыщIэмыпхъуэу) ди адэжьхэм я Iэмал дыхуеплъэкIыжурэ хэдвгъэгъахъуэ ди гъащIэм и фIыхэр. Ди промышленностым зиIэтыфым – лъэпкъми зиIэтынущ, ауэ ди хабзэр абы (промышленностым) и лъабжьэу зедгъэузэщIын хуейщ, японхэм зэращIам хуэдэу. Культурэм гулъытэ хуэдвгъэщI. Мыбдежым культурэр нэхъ убгъуауэ, ди гъащIэм и лъабжьэу тлъытэу, ди гупэр (псом хуэмыдэу ди унафэщIхэмрэ, мылъкукIэ къэжэпхъахэмрэ яхуэунэтIащ мы псалъэхэр) хуэдгъазэмэ нэхъыфIт. Унэ-лъапсэ екIу дыухуэнри, ди щIалэхэр маршынэ зэгъэпэщамису къажыхьу тлъагъунри фIыщ, ауэ а унэ-лъапсэ зэфIэдгъэувэм я нэхъ бжьыфIэ IункIыбзэ зэтауэ дгъэувыжыр, пасэрей адыгэхэм и бжэр Iухауэ хьэщIэ мыцIыхум хуахъумэу щытахэм хуэдэу, хьэщIэщ дыдэу щхьэ къэдмыгъэсэбэпыфрэ?! П.п. гъуэгу тету зыгъэпсэхупIэ хуэныкъуэу къэрихьэлIэу хъуар, псом хуэмыдэу Адыгэ хабзэ хэлъу, адыгэбзэ Iурылъым хьэщIэщым къыщыувыIэну хуиту и бжэр зэIухауэ?... Хьэлэмэтыр аракъэ, сыт хуэдэ динми, сыт хуэдэ иделогие лъэпкъым къызэрытемыгуами, Адыгэ хабзэм и фIыпIэхэм щыщхэр зы лъэмбыткIэ зыми иригъэкIуэтыфакъым. Муслъымэн диныр илъэс щищ нэхърэ нэхъыжьу къыщIэкIынукъым лъэпкъым къызэ-

рыхыхьэрэ, ди зэманым елъытауэ, итIани Адыгэ хабзэм цIыхум фIы и лъэныкъуэкIэ къыдэгъуэгурыкIуэу лъэпкъым хэлъыр, цIыхур къыщалъхум и деж къыщыщIэдзауэ (Гущэхэпхэм къыщегъэжьауэ) къызыхуигъэнэжри, лIэныгъэм пыщIахэр диным иритащ. Абы иIуатэр адыгэ лъэпкъыр псэуныгъэм зэрыхуэпабгъэр ара къудейкъым. Абы еIуатэр ди лъэпкъым акъыл узыншэр IэщIыб имыщIу сытым и дежи къызэрыгъуэгурыкIуэфыр. Си гугъэмкIэ, мыпхуэдэ щIыкIэу Адыгэ хабзэр чристэн динми бгъэдыхьащ. НытIэ, зи закъуэ Тхьэшхуэр зи пашэ дин езы адыгэхэм зрагъэпэщыжыныр нэхъ тыншкъэ, нэгъуэщIхэм къагъэщIа динхэм ядежьууэ напэхъуэж ямыщIым! Мыр ноби нэхъ тыншыжу пхуэщIынущ. ИтIанэ, гу лъытапхъэщ , хэхауэ, муслъымэн диныр къызэрытщта щIыкIэм. Тхыдэм зы кIапэ и дежкIи къыщыхэщкъым адыгэ хэкур муслъымэн къэралыгъуэжь гуэрым зыIэщIиубыдэу, зэлымыгъэкIэ диныр кърипхауэ, е адыгэхэм культурэ зэрамыIэм папщIэкIэ диныр къащтэн хуей хъуауэ. ЦIыху хэхахэр къащэхуурэ лъэпкъым къыхаутIыпщхьэжурэ муслъымэн диныр, авантюрэ IуэхукIэ лъэпкъым кърамыпхауэ фIэщ щIыгъуейщ. Дин куэд бгъуэтынукъым мыпхуэдэ Iуэху гъэкIуэтэкIэм зыщидзеяуэ. Тырку, Перс, н. муслъымэн къэралыгъуэжь зи влияниер Iуащхьэмахуэ и Iэшэлъашэм тепщэ щызыщIыну зи гур етахэуэ къэгъуэгурыкIуахэм я спецслужбэхэм я архивхэм нэбдзэгубдзаплъэу хэлъыхъухьын диIэгъамэ, мы Iуэхугъуэм и пэжыр къэдгъуэтыжыфынут тыншу. Спецслужбэхэми я Iуэхур тыншкъым, ауэ адыгэ литературэм IупщI дыдэу къыхощ муслъымэныгъэр хэкум къизылъхьахэм я «Iуэху щIэкIэу» щытар. МафIэдз Сэрэбий адэкIи, мыдэкIи пхуэмыхьыжыну IупщIу зи сурэт

ищI ХьэжылантIэ* и башым игъэпщкIуауэ кърихьэкIа сэшхуэр диным и лэжьакIуэхэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ноби IэщIыб ящIакъым. Иджыпсту тхыбзэ зызыужьа, образование, къэралыгъуэ диIэщ, дэгъуэ гуэру системнэу къызэгъэпэщауэ. Нэхъ къызэрыгуэкIыу жыпIэмэ, системэ диIэщ – къэралыгъуэр зэрыпсэу системэ. Мыращ Къалэмбий и хъуапсапIэу лъэпкъыр здынэмысыфынкIэ къэзыгъэхыщIэу дунейм ехыжар. (еплъ н.25). Мыращ лъэпкъыр бгъэпсэун, ебгъэфIэкIуэн папщIэ къару нэхъыщхьэу нобэ дызыхуейри, ауэ и идеологием и лъабжьэ ди къэралыгъуэм зэтригъэувэжыну хунэмысу зэрыфIыдэхуэр къагъэсэбэпурэ зымыщIапхъэ зылэжь ди хэку къозэрыгуэ. Ди нэхъыжьхэм къащIэнауэ ноби ди лъэпкъым кууэ хэлъ щIэин телъыджэр, Адыгэ хабзэр, зызыужьа лъэпкъхэр зыхуэпабгъэщ. Мыращ нобэ дызыхуэныкъуэр ди идеологие зэтедгъэувэжын папщIэ. Мыбы ди къэралыгъуэм и гупэр хуигъэзэжын хуейщ. Европэм щаухуэну псэукIэ хьэдэджадэу къежьар, ди блэкIа мыжыжьэм уриплъэжмэ, бжыгъэкIэ нэхъыбэ дыдэу хэта адыгэ лъэпкъхэм – шапсыгъхэм нэхъ IупщI дыдэу ядэплъагъуу яхэлъу псэууэ къэгъуэгурыкIуащ, зэтраукIэу хэкум ирахуху. Коммунизм нэхъ кIасэу зыфIащыжа псэукIэр, гражданскэ гуп зэхэтыкIэ шапсыгъ адыгэхэм яхэлъар аращ. Ноби тенджыз Iуфэм къыIуна адыгэ мин зыбгъупщIым я зэхэтыкIэ хабзэкIэ уей-уей жезыгъыIэ къэралыгъуэжьхэр ягъэсэжыфынущ, а къэралыгъуэжьхэм жэрдэм къакъуэкI къудеймэ. Хабзэ, е щIэныгъэ зызыужьа зимыIэ лъэпкъхэр аращ дин хуэны-

---

* МафIэдз Сэрэбий и повестым хэт персонажщ, хьэжыщ, и дин Iуэху зехьэкIэм арэзы дэмыхъу лIы зэкъухуауэ ирихьэлIати, дадэ башым игъэпщкIуауэ кърихьэкI сэшхуэмкIэ щэхуу иукIри, зигъэбзэхыжащ.

къуэр. Дин ямыIэххэу лъэпкъхэри, уеблэм къэралыгъуэхэри мэпсэу. Дуней псом зи цIыху бжыгъэр щынэхъыбэ дыдэ къэралыгъуэжьым, Китайм, и цIыхухэм я нэхъыбапIэм дин гуэри яIэкъым. Илъэс минхэр къэралыгъуэжьу къызэринэкIыфащ, философие хэхар тхьэ пэлъытэу я гъуазэу, нобэми зэхэт Китайм. ЦIыхур дин гуэрыми имыту щыпсэуаи щыIащ, псэуфынущ иджыри, абыкIи зыми и губгъэн къимыхьу. Ялейуэ дин хуэныкъуэр културэ и лъэныкъуэкIэ зызымыужьа лъэпкъырщ. Апхуэдэхэм зы пашэ диным и лIыкIуэу яIэу, ар Тхьэм узэрыхуэкIуэну гъуэгум щыгъуазэ къудей мыхъуу, гъуэгур фIыуэ ицIыхуу, щIэныгъи, хабзи («културэ» жыхуаIэжым и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм хуокIуэ) зэзымыгъэпэщыфа адрей лъэпкъым и цIыхухэр пашэм хуаIэ фIэщ хъуныгъэр я гъуазэу кIэлъыкIуэу– аращ дин жыхуаIэжым гупыр хуэныкъуэ щIэхъури. Щапхъэ ирикъущ Исусси, Мухьэмэд бегъымбарри. Мухьэмэд бегъымбарым хьэрып лъэпкъхэр муслъымэн диным щIытришам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ а лъэпкъхэм **дыкъэзыгъэщIа Зыр** нэхъыщхьэу зэрамылъытар. Мыбдежым хэхауэ гу лъытапхъэщ, адыгэхэм ар къалъытэу, Тхьэшхуэ муслъымэныгъэм и япэжкIэ ялъытэу къэгъуэгурыкIуэу зэрыщытар. Езыр – езыру зэтрагъэувэжын дин яубзыхугъатэмэ Адыгэ хабзэм зиузэщIыфынут дин пэлъытэу. Псалъэм папщIэ, Тхьэшхуэ псори зэлъэIуу, зыми емылъэIуж зыуэ зэрыщытыр системэ хэха хэлъу ягъэпсакъым, зэхуагъадэу «Алыхьым» и пIэкIэ нобэми адыгэхэм «Тхьэ» жаIэми. Мыр упщIэшхуэщ, куущ, гу къабзэ, Iэ къабзэкIэ зыбгъэдыхьэн хуейщ, ауэ зэ хэплъэгъуэкIэ дызыхуейр пхуэIуэтэнущ: адыгэм и хабзэм, дуней тетыкIэм, цIыхум, лъэпкъым зэрыхущыт, и щхьэм зэрыху-

щытыж гупсысэкIэ хабзэр ирикъуу зэкIуэцIытхыфым, дэтхэнэ зы диными дызыхуишэну зыхуеIэ къабзагъэр псэууэ къыхэбелджылыкIынущ. Псалъэм и хьэтыркIэ, къэдгъэлъэгъуа, лъэпкъ китайкIэ зэджэм и цIыхухэм я нэхъыбапIэм диным и пIэ Даосизмэмрэ, Конфуцианствэмрэ я гъуазэу нобэми хъарзынэ гуэру мэпсэу икIи мэбагъуэ. Адыгэ хабзэм и потенциалыр ирикъуу къэдгъэсэбэпыфыным и пIэкIэ щхьэ дыщIэувэн хуей хамэ идеологием и бжьым, е зэлымыгъэ зетхьэн щхьэ хуей? Е нэгъуэщI лъэпкъ, мылъку ехьэжьа зиIэхэм къытхуаший ахъшэ хужь сом щищым хуеплъэкI закъуэтIакъуэхэм къраща Iуэху еплъыкIэр лъэпкъ псом кърапхыну Iэмали, хуитыныгъи щхьэ еттын хуей? Дауэ зыдмыщIами ди лъэпкъ и хабзэ нэхъыфI зэрыдмыгъуэтыжынум щыхьэт тохъуэ илъэс блыщIкIэ зызыужьа социализмым, коммунизмым и япэ фазэу дызыхуахуам, къыхэтхыфар. Нобэ ди щIалэ щхьэрыуэмэ, абы къызэрыгурыдгъэIуэфын Iэмал дымыгъуэтыжу дыкъызэхэнэжыным мэскъалщ иIэжыр. Мыбы гу лъызытапхъэр ди бюрократиерщ (къулыкъу зехьэхэрщ) япэу, къыкIэлъыкIуэу культурэм и лажьакIуэ пашэхэрщ, а псом зэгъусэу къызэщIагъэуIуэжын хуейщ идеологическэ механизм дэтхэнэ адыгэ ныбжьыщIэми и деж дызэрынэсынур. Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт Къатхъэн Назир революцэ зэщIэхъеиныгъэ лъэпкъым къыщытеукIуэрием, щIэныгъэм хэкIыу Iэщэ къезыгъэщта аргумент хьэлъэр. А цIыху щэджащэр игукIи, и гъащIэкIи лъэпкъым и пщэдейм хуэлажьащ. Абы и фIэщу адыгэм и щIыкIэри и зэхэтыкIэ нэгъуэщI лъэпкъхэм къащхьэщызыгъэкIри псэ емыблэжу ихъумэу къыщIэгъуэгурыкIуар, ар самоцелыу илъытэу аратэкъым. Пашэ Iущым лъэпкъри, цIыхури имыкъутэу заригъэужьыну хуекъуу

арат. ПсэукIэщIэм и лъэр ува иужь, залымыгъэр IэщIыб ищIу, эволюцэ гъуэгу лъэпкъым къыхухэзыхыну зи гъащIэ ета Назир, зыхалъхуа зэман бзаджэр псом нэхърэ нэхъ кууэ зэхищIэрт, Адыгэ хабзэм и фIыпIэр хэпщау япIат – аращ ар «щабэ» зыщIар, властым и бжыпэр зыубыдыну хуекъу зэхьэзэхуэм къыщагъэсэбэп Iэмалхэм хэдэн хуейуэ и пащхьэ къыщиувэм. Апхуэдэ щабагъэ кууэ Адыгэ хабзэм щIапIыкIа цIыхум хэлъщ. Апхуэдэ къабзагъэ Адыгэ хабзэм хэлъыр ирикъуу зэхэзымыщIэ цIыхум политик Iэмал фIей къигъэсэбэпри, потенциальнэу къытекIуэну щыт «ныкъуакъуэгъум» и гъащIэр, зэрыжытIащи, зыIэщIилъхьащ. Мы щапхъэр куэдрэ ди политик къэжэпхъхэр зыхуеплъэкIыжын хуей Iуэхугъуэу адыгэ тхыдэм хэтынущ.

Назир теухуа псалъэм къыдэкIуэу мыбыи гу лъытапхъэщ. Кавказ лъэпкъхэм я мамырыгъэ зэтеувэжым и лIыкIуэ ирикъу хъууэ Мэзкуу дэса а лIы щэджащэм Кавказ лъэпкъхэм я зыужьыныгъэ Iуэхугъуэхэр къэIэтынымкIэ япэ лэжьыгъэу игъэзэщIахэм хигъэхуащ щIэныгъэм, еджэныгъэм ехьэлIа Iуэхухэр, музей къызэгъэпэщын, культурэм и Iуэхухэр нэхъапэу ехьэжьэныр.

Нобэ диным цIыхухэр (псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр) зэрыхущытым ущыкIэлъыплъкIэ гуитIщхьитI уещI. Зы лъэныкъуэкIэ ущогуфIыкI ныбжьыщIэхэм я гупэр Тхьэм зэрыхуагъазэр IупщI пщызыщI теплъэ къызэращтэмкIэ (псом хуэмыдэу Iэлъэщ екIу дахэ пщащэхэм зэрызэрахьэм); нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ уегъэпIейтей диным и метод нэхъыщхьэр – фIэщ хъунугъэр къагъэсэбэпурэ нэхъ лъагэу тет гуэрхэм, зи мылъку Iуэху, политик Iуэху зыгъэкIуэтэну улъэпхъащэхэм я Iэужь Iей зыгъэкIуэтэну ныкъуакъуэ-

хэм я «ІуэхущІафэ» гуемыІухэр щІэх-щІэхыурэ ди лъахэм къызэрыщыхъум. Геополитикэ зэжьэхэуэхэм пшэпэІудзу къагъэсэбэп, ягъэщхьэрыуэ щІалэ Іэ пцІанэ-лъэ пцІанэхэм уагъэгузасэ. Мыдэ Астемырхэ я щІалэ вахабхэм яхыхьэу лъэпкъым бэлыхь кърилъхьэну хэтауэ яІуатэ, яІуатэ Ташухэ яй гуэри абыхэм яхэтауэ. Ди зы щІалэ (ШащІэ Мыхъутар) хэкІуэдащ, дигъэгуІэжу. Мыпхуэдэ гупсысэкІэ зиІэ щІалэ адыгэм къащІыхэкІым и щхьэусыгъуэр нэхъ акъыл куукІэ зэпэдвгъэплъыхьи къэдвгъэлъытэжыт.

Зэ дривгъэплъэжыт диным и Іэмалхэр къагъэсэбэпурэ нэбэ ди гупсысэкІэр зыубыдыну ныкъуакъуэ цІыху щхьэхуэхэм, гуп щхьэхуэхэм я зэфІэкІыр яубгъуфын папщІэ «дэІэпыкъуэгъу» хъухэм. Ахэр сэтейм телъщ, умылъагъункІэ Іэмал имыІэу, ауэ иджыпсту къыдэкІуэтея щІэблэ «социализм зызыужьа» (развитой социализм) жыхуаІэр зи щІысыр зымыщІэхэм ялъагъуфыркъым. Коммунист идеологиер банкрот щыхъум, «развитой социализмымкІэ» кърагъэлыну ныкъуэкъуащ. ИтІани, политическэ зэхэтыкІэр яхуэмыІыгъыжу щызэтещахэм, идеологие щыІам и пІэр нэщІ хъуащ, вакуум дыдэу. Адыгэ хабзэ лъэпкъыр илъэс минхэм къыпхызышар лъэныкъуэкІэ ирагъэкІуэтэкІат, тоталитаризмэм и ІуэхутхьэбзащІэхэм кърапхыну зыщІэныкъуэкъуа коммунист иделогиер лъэлъэжат. Зэтеувэж гуп зэхэтыкІэм иІэтэкъым къигъэсэбэпыфыну идеологие. Хуитыныгъэм «чэф» ищІахэр делэ хэхъухьт. Мыбдеж диныр къыкъуахыжащ, ауэ губзыгъэу къэгъэсэбэпа зэрыхъун Іэмалрэ мылъкурэ Союзми, Союзым къыщІэна властми яхузэщІэгъэуІуакъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм яІакъым Іэмал убзыхуаи, зэфІэкІи, идеологием и мыхьэнэр къалъытэу лъэпкъ зэхэтыкІэр кІэщ-

Іущу зэрахъумэжыни. НэщІ хъуа утыкум къизэрыгуэу щІадзащ мылъкуи, езым и хабзи, езым и идеологии зиІэ конфессиехэр. Трагъэчыныхьу иджыпсту адэжь щІыналъэм къизэрыгуа динхэм я къудамэ зэмылІэужьыгъуэхэм лъэпкъыр яхузэрымыгъэгъуэту зэпкъратхъыну зэпокъу, псом хуэмыдэу иеговистхэмрэ муслъымэн радикалхэмрэ, геополитическэ интерес абыхэм я щІыб къыдэтхэр зылъагъуфыну Іэмалрэ щІэныгъэрэ зимыІэ щІэблэр Іэщ цІыкІум хуэдэу, зэрыхуейуэ къагъэсэбэпыну ныкъуакъуэу. (нэхъ пхъашэу жыпІэмэ: ди щІэблэр топышэм паІуну ягъэхьэзыр гупщ, ягъэхьэзырыпауэ щымытмэ). Мыбы гу лъызытэну зи къалэн бюрократиер лъэрымыхьщ. Нэхъ пэжу жыпІэмэ, абы езым уз бзаджэ къофыкІ: жэуаплыныгъэу къатехуэр зыкІи зыхамыщІэу, мылъку къыхэудыным хьэщыкъ ищІахэщ. Мыс аращ зыдугъуеижу, нэхъ кууж дыщІеплъыжын хуейр Къалэмбий зыгъэхыщІэу щыта гупсысэми (къэралыгъуэр зи щІысым), диныр зи щІысымрэ абы цІыхур хуэныкъуэ щІэхъумри.

Лъэпкъым дин къыщІищтэ щхьэусыгъуэхэм щыщ зыщ, къызэрыдгъэлъэгъуащи, и культурэр зыхуэдэр. Лъэпкъым и нэхъыбапІэр щІэныгъэншэм къыдэкІуэу я гъащІэр зыубзыху хабзэ хэхахэр, «бытовая культурэ» – жыхуаІэ гурыІуэгъуэм къиубыдыр, зиужьауэ, лъэпкъым и дэтхэнэ цІыхуми хэпщауэ, зэримыгъэпэщыгъамэ, сыт хуэдэ дин ди щхьэщыгу ит закъуэм ухуэзышэу зыІуатэми зэрылъэпкъыу иубыдыфынущ. Дэтхэнэ динри къежьэным и щхьэусыгъуэу щытри, цІыхур зыхуишэну зыхуэныкъуакъуэри, и мурад зыхуиунэтІри **къабзагъэрщ**. НэгъуэщІу жыпІэмэ, гуращэ нэхъыщхьэу дэтхэнэ динми иІэр **къабзагъэрщ**. Апхуэдэ гуращэ имыІэмэ, сыт хуэдэ дину ар щрети, шарлатан Іуэху щхьэгъэпцІэжщ. Нэхъ

гупсэхуу дыхэвгъаплъэт иджы а къабзагъэр зи щIысым. Хабзэ зэрыхъуащи, IупщIу Iуэта хъун папщIэ ар тIууэ ягуэш: цIыхум и щIыIу, къэзыухъуреихькIэ иIапхъэ къабзагъэмрэ [внешняя], и псэкIэ иIапхъэ къабзагъэмрэ [внутренняя].

Абыхэм къаубыдыр мис:

**ЦIыхум и псэкIэ** (внутренняя) иIапхъэ къабзагъэхэр: зыми зэран хуэмыхъун гупсысэкIи, псалъэкIи, IуэхукIи; щхьэхуэфIыгъэ, фыгъуэ гупсысэкIи, псалъэкIи, IуэхукIи пхэмылъу псэун; сабийм и къабзагъэр уи гупсысэкIи, псалъэкIи, IуэхукIи хъумэн; гупсысэкIи, псалъэкIи, IуэхукIи хуиту узэIухауэ псэун; гупсысэкIи, псалъэкIи, IуэхукIи гуэныхь лъэпкъ мылэжьын.

**ЦIыхум и щIыIукIэ** (внешняя) иIапхъэ къабзагъэр: уи щIыфэм и къэбзагъэм махуэ къэс кIэлъыплъын, шхыным хуэсакъын, пшхыр зыхуэдэр зэхэбгъэкIын.

Уи Iэпкълъэпкъым хуэсакъын. Мыхэр аращ къабзагъэм къиубыдыр. Къэдгъэлъэгъуахэр щIэныгъэшхуэ зиIэхэм нэхъ IупщIуи яIуатэ. Мис ахэр. Зэратхым хуэдэу къэтхьынщ:

Не должен быть подвержен к чувственным удовольствиям, Наглые, нечестные, хитрые, двуличные и лживые, люди, не уважающие духовных учителей; люди, которым нравятся пустые, ненужные споры; слишком болтливые люди, неверующие, те, кто общается со слишком приземленными людьми, злые, грубые, жестокие, жадные, много времени уделяющие бесполезным повседневным мирским делам ... не являются чистыми людьми.

Чистый человек должен быть вежлив и приятен, быть добр, честен, говорить правду даже в мелочах, развить в себе бесстрастие, терпение,

веру, преданность Богу, милосердие; должен быть умерен в сексуальных отношениях.

Чистый человек должен относиться к пище правильно. Он должен питаться тем, что природа даёт людям по доброй воле. Человек должен кушать, чтобы жить, но не жить, чтобы кушать.

Мыр IупщI дыдэу къетхыхауи щыIэщ. «Нравственные качества личности» хужаIэу:

1. Чувство единства.
2. Коллективизм.
3. Любовь ко всему живому.
4. Бережное отношение к людям.
5. Скромность.
6. Открытость.
7. Искренность.
8. Доброта.
9. Честность.
10. Отзывчивость.
11. Дружелюбие.
12. Способность к самопожертвованию.
13. Дисциплинированность.
14. Аккуратность.
15. Трудолюбие.
16. Воля.
17. Мужественность.
18. Уверенность.
19. Стойкость.
20. Великодушие.
21. Самокритичность.
22. Ответственность.
23. Способность к самопознанию.
24. Целеустремлённость.
25. Восприимчивость.
26. Терпимость к окружающей действительности.

Мыбыхэм хэплъхьэжыни бгъуэтынущ, е, нэгъуэщIыу укъыщеплъми, мыхэр псори къызэщIаубыдэ дунейпсом зыщызыубгъуа динхэм я заповедь нэхъыщхьэхэми. Мыхэр зэрытхам хуэдэу къыщIэсхьым иIэщ нэгъуэщI щхьэусыгъуи – КъурIэн лъапIэр, зэрытхам хуэдэущ къызэрыдгъэсэбэпыпхъэу къагъэувыр. Идэркъым диным нэгъуэщIу. Девгъэплъыт иджы къэхъум. КъурIэныр къызыбгъэдэкIам жиIэр дэ ирикъуу къыдгурыIуэн папщIэ, къурIэнымрэ дэрэ дяку зыгуэр дэтын хуейщ, Iэмал имыIэу. Зыри дяку дэмыту Тхьэм пэгъунэгъу дыхъуфынукъэ? Сыкъеджэну сыхэтащ сэ къурIэным. Ауэ къызгурыIуар IупщIкъым. ЩIагъыбзэ, мыхьэнэ гъэпщкIуа, гупсысэ зэхэухуэнауэ зэхэлъщ. Гугъущ. ИтIанэ, Мухьэмэд бегъымбарым ифIэщу иIуатэурэ щыта монологхэр и зэманым цIыхухэм тыншу къагурыIуэу щытыгъами, жызыIэм и мимикэр, и жестхэм, и макъым я ухуэкIэхэр дигъэIэпыкъуурэ едаIуэхэм я деж гупсысэр тыншу нигъэсу щытыгъамэ е къагурымыIуэм щIэупщIэжыну Iэмал яIэгъамэ, нобэ ди Iуэхур тыншкъым. ДызэупщIын цIыху къабзэ гъуэтыгъуейщ. Нэхъыбэм диныр къыщIагъэсэбэпри, къызэрагъэсэбэпри щхьэхуэфIыныгъэ гуэр (корысть) я плъапIэу аращ. Гупсысэр дымыгъэпщкIуу, ди бзэр дымыхъуэжу икIи дымыкъутэу, ди гурэ ди псэрэ зэIухауэ щхьэ жытIэ мыхъурэ Тхьэм пэгъунэгъу дыхъун папщIэ дызэрыщытын хуейр?

Хьэмэрэ, диным и лажьакIуэ дэтхэнэу Адыгэ хэкум исыр арауэ пIэрэ мы къэдгъэлъагъуэхэм хуэдэ къабзагъэ зыбгъэдэлъыр? ХъыбаркIэ къыщынэмыщIа сцIыхуакъым, ауэ Анас, ПщыхьэщIэм, здэкIуам Тхьэм щигъэтынш,хэлъагъэнущ мы къэтхьа пычыгъуэм иIуатэ къабзагъэу дэтхэнэ динми и лъабжьэу щытыр.

ДыкъэзыгъэщIам нэхъри пэгъунэгъу ухъуну ухуеймэ, мы къэдгъэлъэгъуа пычыгъуэм иIуатэр нэхъыбэ пщIы хъунущ, ауэ улажьэ, ушхэжу, Тхьэм дыкъызэригъэщIар пщымыгъупщэу упсэунумэ, диныр къыхэмыIэбэу, къэдгъэлъэгъуахэр уи гъуазэу къабзагъэм утетыныр игъуэ дыдэщ.

Сэ мы пычыгъуэ щапхъэу къэсхьымкIэ жысIэну сыхуейщ нэгъуэщIи: Тхьэм дызыхуишэн хуейуэ къигъэув къабзагъэмрэ диным дызыхуишэмрэ щызэтемыхуэм и деж, диным лей щызэрихьэ къохъу. Диным и метод нэхъыщхьэр – фIэщ хъуныгъэ щIэблэм я деж кIуэр, цIыху къабзэм къыбгъэдэкIыу щымытмэ, фIэщ хъуныгъэр къагъэсэбэпурэ марионеткэ (манкурт, Айтматовым и образымкIэ) Iэщ IумпIафIэм хуэдэу, куэду къагъэхъуныр тынш дыдэщ. Мыбы хуэсакъыпхъэщ хуабжьу.

Иджы дыхэвгъэплъэжыт ди лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэу щыт Адыгэ хабзэм къызэщIиубыдэ адыгэ цIыху щIыкIэм щыщу къабзагъэм и щапхъэ къэтхьахэм япэмыхъуу, е япэмыджэжу, е ямызэгъыу сыт хэлъ? Хьэл нэхъ Iей дыдэу адыгэм хэлъыр, нэхъ и щхьэкIэ къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, тэмакъкIэщIыгъэ Хьэбас «гонор» – жыхуиIэм и къуэшыр аращ. ( ***...дапщэщ «феуэ!» псалъэр щызэхэтхынур? (н.59)*** НапIэзыпIэм къызэщIэнэу, мыхьэнэ зимыIэ гуэрым папщIэ цIыхури, Iуэхури зыгъэсыжыфыну хьэлу адыгэ цIыху гуэрхэм хэлъыр Тхьэм и хабзэм дэнэ къэна, диным и хабзэми езэгъыркъым. ЦIыхум зышыIэ, гупсысэ, лъытэ хэлъын хуейщ, мыхьэнэ зимыIэм папщIэ занщIэу напIэзыпIэм укъэлынду, укъэзыухъуреихьхэри, дунейри зэрыщыту блыпщIыныр Iейщ, Iей дыдэ. Апхуэдэ хьэлым зэранычгъэшхуэ къешэ, псом хуэмыдэу езы цIыху къэлыб зи нэщэнэм и дежкIэ. Мыпхуэдэ хьэлыр

зи щIысыр публицистикэм и IэмалхэмкIэ кууүэ зэпкъырыхыгъуафIэкъыми, ауэ дгъэлъагъуэ къудейуэ аращ. Адыгэ хабзэм щэн, зышыIэ хуэдэ гурыIуэгъуэхэр илъытэ къудейм къыщымынэу, нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу иузэщI зэпыту къыщIэгъуэгурыкIуар, пагагъэр (гонорыр) зэрыикIагъэм кууүэ щыгъуазэти аращ. Езым фIимыгъэжар хьэрэму зылъытэ цIыхухэр, щхьэ пщтыр, зи тэмакъым залэ темыхуэхэр адыгэ лъэпкъым хэтащ, ноби хэтщ, ауэ зэи ахэр нэхъыфIу къилъытакъым ди лъэпкъым. Иджы девгъэплъыжыт апхуэдэ хьэлыр зиIэ ныбжьыщIэхэм ахъшэ хужь сом щищ къыхуашийрэ, «уэ пхуэдэу Тхьэм и фIыцIагъэ лъапIэм хуэлажьэ щыIэкъым. Мо джаур хабзи, нэмыси зыхэмылъыжу, мылъку зэхуэлъэфэсыным зи гъащIэр етар гъэшыни и мылъкур къытех! Къуимытрэ, еуи укI! Уэ жэнэтыр къыппоплъэ!» – къыжраIэмэ, Къалэмбий зи гугъу ищI: *«...щхьэ зытIэжьэрэ, дэпщэщ «феуэ!» псалъэр щызэхэтхынур?»* (н.59) – жызыIэу, лIыхэр зэтезыукIэу, ныбжьыщIэхэр кIэсу къезыхьэжьэну пIэцIеижхэм хуэдэхэм зэрызащIынум ... Мыбы зэи дахуэбэлэрыгъ хъунукъым! Дэ тхъумэн хуейр диныр аракъым – цIыхурщ. Ижь-ижьыжым и философым зэрыжиIащи, цIыхур я пщалъэу щытын хуейщ псоми – динми, лъэпкъ идеологиеми, мылъкуми, политическэ интригэхэми. Адыгэ хабзэ нобэ лъэпкъым кууүэ хэлъым зедгъэузэщIыну дыщIыхуейри псом япэу аращ – Адыгэ хабзэм цIыхури, цIыхугъэри ихъумэу щытщи – мыращ Къалэмбий дызыдишыну дигъэлъагъу Iуащхьэ щыгур! КъыджиIэ хуэдэщ: фызэплъыж, адыгэхэ! Фи фIыр лъагэ дыдэщ!

АдэкIэ нэхъ гупсэхуу дыкIэлъывгъэплъ нобэ адыгэ лъэпкъым, къэралыгъуэ системэ зиIэм, и «тIасхъапIэ», мыарэзыныгъэ, къагурымыIуэ-

ныгъэ, е щхьэхуэфIыныгъэ яхэлъхэм «игъэпIейтейуэрэ» псоми я зэраныгъэ къэзышэхэм.

Иджыпсту лъэпкъыр къэзыгъэубэлэцыну ныкъуакъуэхэр диным и лажьакIуэ фанатикхэм ящыщу къалъытэми, апхуэдэ гуэрхэр пэж дыдэу ди лъахэм исми, дыщыгъуазэкъым пэж дыдэм. Информацием и пэжыр бюрократием (силовикхэм) иIыгъщ. Печать диIэкъым, ахэр зэрыщытым хуэдэу ди пащхьэ кърилъхьэу дызригъэгупсысыжыну. Мы чохъу-мохъухэр къызэрыхъейрэ хэкIуэдахэм я статистикэм укIэлъыплъмэ, IупщI мэхъу муслъымэн диным и телъхьэ хъийм икIауэ ялъытэхэм я щIыб къыдэтхэр структурэ зэмылIэужьыгъуэ дызыщымыгугъахэм къыщежьэнкIэ зэрыхъунур. ТIамбий Къундет лIы губзыгъэщ. Абы IупщI дыдэу дегъэлъагъу нобэ дызыхэт Iуэху мыщхьэ-мыпэхэр къыщежьэр, ауэ Перестройкэм факъырэу къызэхина генералхэм «къагъэунэхуа» шхапIэм иджыпсту щытхъэну хуит ящIа дзэм и среднэ звенори къэлъытапхъэу къыщIэкIынущ. ЦIыху гупым къару узыхуейуэ хъуар, Iэщэм я нэхъыфIри хэту, и IэмыщIэ хуиту щралъхьэм и деж, упэмылъэщыжыхэу и фейдэ зыхэлъыр ищIэу къыдэмыувэжыну хэт шэсыпIэ ихьэфынур?

## НОБЭМРЭ МЫЛЪКУМРЭ

Псалъэм и хьэтыркIэ, си къару илъыгъуэщ. Мылъку ехьэжьа сыугъуеиныр схузэфIэкIынущ, гугъуехь лейуэ тезмыгъэкIуадэу, ауэ къыхэсхыр сшхын-сщIэн ирикъуу згъуэту, сызыхуей (сфIэфI) злэжьу си гъащIэр екIуэкIыныргщ. Ар къызохъулIэ. Аращ тоталитаризмым дыкъыжьэдэхуу,

хуитыныгъэ къыджьэхэукIуриям нэхъ лъапIэ дыдэу къыхэсхри. Си гугъэмкIэ, хуитыныгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэу щыт мыпхуэдэ Iуэху еплъыкIэр аращ нэхъыбэм я дежкIэ нэхъ лъапIэри. Ауэ ди зэманым ухэплъэурэ, щхьэж къыхихым укIэлъыплъмэ, нэгъуэщIхэм я хэдэкIэм (насып диIэщи ахэр куэд хъуркъым) уегъэпIейтей, богъэщIагъуэ, ущигъэгузави къыхэхуэу.

Перестройкэм и зэманым къэралыгъуэм и рулым бгъэдэтахэм иерархием щаIыгъа пIэм елъытауэ ирагъэкIуэкIа приватизационнэ политикэм и фIыщIэкIэ зыIэщIаубыдэфа **мылъкури** куэдым я нэм бжэгъуу къыщIоуэ. ИкIи апхуэдэ щIыкIэу «къалъыса» мылъкум хапIыкI щIэблэм ящыщ куэдым **дэрэжэгъуэм и лъэхъшапIэм (наркота, секс, н.къ.)** зратауэ, мы дуней псор къатетIэщIэн хуейуэ къащыхъужу къыдэкIуэтейхэми дагъэбжьыфIэкъым. Абыхэми къызэщIагъаплъэ нобэ «религиознэ фанатизм» – жыхуаIэжхэмкIэ еплъэкI гуащIэдэкI унагъуэм щапIа гуэрхэри. Мыращ **куэдым диныр** къыхахынымкIэ щхьэусыгъуэ хъухэри. ИтIани узыгъэгуфIэр зи гуащIэкIэ псэужыну хуеIэхэр,курыт классым хуэкIуэхэр  зэрынэхъыбэрщ. ЩIэныгъэ, е псэм фIэфIу узэрыпсэуфын IэщIагъэ зэзыгъэгъуэту, гъащIэм дэтхэнэми и пщэ къыдилъхьэ къалэныр и зэфIэкIкIэ зыгъэзэщIэж цIыхухэр, псом хуэмыдэу щIэблэ узыншэ адыгэм зэрибэм уегъэгушхуэ.

## КЪЭРАЛЫГЪУЭ

Къалэмбий гухэщI къезыт Iуэхугъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщт лъэпкъым и пщэдейр зэIубз зыщIыфын къэралыгъуэ адыгэхэм зэман кIыхькIэ

зэрамыгъэпсар. Сыт къэралыгъуэр зи щIысыр? Мыр упщIэ тыншкъым, кIуэрыкIуэм тету зэпкъырыпхыну, ауэ и нэгъыщэ – нэщэнэ нэхъыщхьэхэр пхуэгъэнэхуэнущ. Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт къэралыгъуэ системэр зищIысымрэ ар зэрызэхэт щIыкIэмрэ кIэщI дыдэу нэхъ мыхъуми. Къэралыгъуэм сыт хуэдэ ухуэкIэ имыIами (парламент, монархическэ, н.) зы унафэкIэ псэу цIыху гупышхуэщ. Унафэ къащтауэ щытыр къэралыгъуэм и цIыху дэтхэнэми и дежкIэ гъэзэщIа хъуныр псоми пеубыд. Апхуэдэ щIыкIэу къащта унафэр гъэзэщIа хъуным папщIэ, къэралыгъуэм иIэщ системэ къызэгъэпэщахэр (и институтхэр) – бюрократиер-къулыкъузехьэхэр, судыр, къару хэхахэр – полицэр, налог системэм и лажьакIуэхэр; къэрал щIыб къикIынкIэ хъуну шынагъуэм пэщIигъэувэну къэралыгъуэм иIэщ Iэрмэ. Мы псор зытетыжыр къэралыгъуэм игъэпса экономикэм и системэр, и цIыхухэм, IуэхущIапIэхэм къабгъэдэкI налог системэр зэрыгъэпсар, абы я фIагъыр аращ. Мыхьэнэ хэха иIэщ печат къэралыгъуэм щыщыIэр зыхуэдэми. Псом япэу печатым игъэзащIэр информационнэ къалэным къыдэкIуэу, гуп акъыл къэралыгъуэм щытепщэр (общественнэ мнение жыхуаIэр) ухуэн, убгъун, узэщIыныр аращ. Къэралыгъуэ зэхэтыкIэхэм нобэм къару абрагъуэхэр зэщIагъэуIуэри зэхуагуэшыжауэ йокIуэкI я бжыгъэкIэ щитIым щIигъуу, я къызэгъэпэщыкIэкIи, зэфIэкIкIи хуабжьу зэщхьэщыкIыу. ИкIи цIыхухэм я щIыкIэр, зэхэтыкIэр, щIэныгъэр, зэхэщIыкIыр лъагэ хъуху, къэралыгъуэм Iэмал къигъэсэбэпхэмрэ гупым щиIэ къарумрэ нэхъ тIасхъэ мэхъу. Ди псэмрэ ди пкъымрэ, зым-зым, дыкъэзыухъуреихь дунейм дэ пэжу дыхущыту зыдузэщIыфмэ, къэралыгъуэм и институтхэм, псом хуэмыдэу

залымыгъэ (къару) къыщигъэсэбэп и тегъэщIапIэхэм дыхуэмеиж дыхъунущ. Къэралыгъуэр и пэу къыщежьам тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу иIэу щытар залымыгъэрщ (къарурщ). Нэхъ къэкIуатэурэ, нэхъ зиузэщIыху, цIыхухэм я щIэныгъэ, зэхэщIыкI, нравственность хуэдэхэр хэхъуэху, къэралыгъуэм Iэмал къигъэсэбэпхэр нэхъ щабэ, цIыхугъэм нэхъ ета хъууэрэ иджырей щытыкIэм къыхуэкIуащ. П.п. къэралыгъуэм и Iэмал нэхъыщхьэ залымыгъэм гуэуващ зэгурыIэныгъэр, адэжкIэ кIуатэри гуманист функцэу акъыл узыншэм пэхъухэр къищтащ (п.п. жьыгъэр, щIэблэр, зи зэфIэкI къимытIэсхэр хъумэн, абыхэм дэIэпыкъун, н.). Мыхэр нэхъ IэфIыжу, ягукIи, я псэкIи Шапсыгъ демократием и цIыхухэм яхэлъу, икIи я гъуазэу псэууэ къэгъуэгурыкIуащ мылъку къэухькIэ (материальнэ базэкIэ) нэгъуэщIу щытами. Къэралыгъуэ ямыIэу, ауэ хуиту зэхэт лъэпкъыу щытащ (икIи псалъэмакъ щхьэхуэщ абыхэм къэралыгъуэ щIамыухуар) «гражданскэ обществэ» жыхуэтIэу иджыпсту зызыужьа къэралыгъуэхэр зыщIэхъуэпсыр я псэукIэу. Мыбы къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэр пIащIэгъуэ хэмылъу, убгъуауэ къэIуэтапхъэщ, ауэ, Къалэмбий зытетхыхь зэманым къэралыгъуэ зэтеува зэрыщымыIар щыдигъэлъагъужыфакIэ, дэри зедмыгъэубгъуу, зэ дриплъэжынщ ди лъахэм и блэкIа мыжыжьэм я зэхэтыкIауэ тхакIуэм тхуихъумар зыхуэдэм. Кавказ зауэжьым и мыжурэр япэу къызыхуишия Къэбэрдей адыгэхэм а зэманым, къызэрыдгъэлъэгъуащи, зы IэштIым хъуф Iэпхъуамбэхэм хуэдэу, псоми ягъэзэщIэну унафэр къызыбгъэдэкI зы центр зиIэ къэралыгъуэу кърихьэлIакъым. Регулярнэ Iэрмэ, къэралыгъуэм телажьэ спецслужбэ, къэралыгъуэу узэхэтыфын папщIэ щытыкIэм къигъэув нэгъуэщI институтхэр зытет экономи-

ческэ централизацэ зиIэ гупышхуэу зэхэтыным Къэбэрдейр гъунэгъу дыдэу бгъэдыхьат, Сокъур Валерэ зэригъэлъэгъуащи *(«Уэркъ тхыдэм и теплъэгъуищ», ж. Iуащхьэмахуэ, 2000гъэ., №№ 5,6; 2001 гъ., № 1.)*, ауэ хыхьэпатэкъым. Псом хуэмыдэу регулярнэ Iэрмэ къэралыгъуэм и гъунапкъэхэм шынагъуэ къащылъыкъуэкI лъэныкъуэмкIэ я къарур щыпэщIагъэувэну адыгэхэм яIэу пащтыхьым и мыжурэр кърихьэлIэгъамэ, къэкIуэнур нэгъуэщIу къыщIидзынкIи хъунт. Ауэ... Адыгэхэм зэтрагъэувэну яхузэфIэмыкIа къэралыгъуэм Урыс пащтыхь администрацэм нэгъуэщI фащэ иритауэ Совет псэукIэщIэр, лъэпкъыу Урысей империем исар бащэкIэ зыщызыгъэгугъа псэукIэщIэр, къекIэрэхъуэкIащ.

Советскэ Союзым и зэманым псэукIэу адыгэм диIар IупщI дыдэу нэхъыбэм ящIэж, ауэ абы къытхуигъэна гъуэгум дыкъытекIыфыркъым. Девгъэплъыжыт, ар сыт хуэдэт? Илъэс тIощI зи ныбжьхэм ящIэжыркъым, ауэ илъэс плIыщI зи ныбжьхэм IупщIу ящIэжыр пэжщ. Мис ар. Лъэпкъыу Союзым щыпсэухэм къагъэхъуащ историческэ общность щымыIа – ***<u>советскэ лъэпкъ</u>***. Мыр зи щIысыр гупсысэфхэм ящIэр. Е-ХХ-нэ лI. и 20 гъэхэм Союзнэ республикэ зыбгъупщI зэгухьэу (мы псалъэм и мыхьэнэр епхьэлIэ хъумэ), зы къэралыгъуэу зэхэувар, абыхэм яхэтыж автономнэ республикэхэр, автономнэ областхэр, округхэр,– зэхэту псэууэрэ зэхэшыпсыхьыжу, илъэс щэ ныкъуэм иужь: историческэ общность – советскэ лъэпкъ ящIат, аргуэру илъэс щэ ныкъуэ зэрызэхэт щIыкIэм тету кIуэтэжыгъамэ, къыкIэлъыкIуэ конституцэ къыдагъэкIынум: этническэ общность – советский народ – иратхэжынти, лъэпкъыу щыпсэуахэм я бзэхэри, я хабзэри зыхуэмеиж хьэпшыпыжьу хыфIадзэжынти, макIуэ,

мэлъей! ЩIы хъурейм и Iыхьэ ханэр щIэрэщIэжу гъуэгурыкIуэнт. Ауэ дынэсакъым а «этническэ общность – Советский народ» дызыхуахум. Лъэлъэжащ СССР-ыр, зи идеологиери, зи гъэпсыкIэри «мы дуней псом щынэхъыфIу икIи мыкIуэдыжыну» зэрыщытымкIэ шэсыпIэ ихьэфыну зи фIэщу щыIахэри я гъусэу, итIани, абы и щIэин куэдым ноби делъахъэр. Абыхэм гу лъытапхъэщ. Совет властым и щIэину дызылъахъэхэм ящыщу япэу гу зылъыттапхъэр ди бзэм пыщIа проблемэр аращ. Центрыр къыхэIэбэжыркъым идеологие «убзыхуакIэ». Щхьэж и Iуэхужщ и бзэм дауэ хущытыжынуми. Ди бзэм къигъэув проблемэхэр гъэхуа хъунымкIэ занщIэу Iуэхур къыщежьэри, зыхуэкIуэжри ди бюрократиемрэ, ди культурнэ, егъэджапIэ-IуэхущIапIэхэмрэщ. Государственность диIауэ дыхуеплъэкIыжыну, абы къыщIэна традицэ гуэрхэр щыIэгъамэ, нэхъ тыншт, ауэ апхуэдэхэр дыщимыIэкIэ, мы Iуэхугъуэм кууэ дегупсысу, унафэ хэхакIэ дгъэпсын хуейщ, нобэрей политконъюнктурэм димылъахъэу, стратегие убзыхуа хэлъу.

«Иджыпсту нэхъ зыужьыныгъэ адыгэбзэм игъуэтагъэнкъым, псом хуэмыдэу тхыбзэм»,– жызыIэнухэри бгъуэтынущ гъунэжу. Зы лъэныкъуэкIи ахэр захуэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, илъэс щэныкъум къриубыдэу адыгэ (къэбэрдей) литературэ къудейр къащти, уи напIэр мыухуадэу дунейпсо литературэм и фIыпIэм хэувэ IэдакъэщIэкIхэр щызэтеуващ. Бещтокъуэ Хьэбас, Ацкъан Руслан, IутIыж Борис, Мэзыхьэ Борис, Журт Биберд, Уэрэзей Афлик сымэ – поэзием, прозэм, драматургием, нэхъыжьыжхэм я гугъу умыщIи, ноби дызэрыгушхуэн тхыгъэхэр ди пащхьэ къралъхьащ, икIи къралъхьэр. Мыпхуэдэ взлёт адыгэ литературэм, алыфбей зэхилъхьэну

«игу къэкIа къудейуэ», щIигъуэтыфар, культурэ лъагэ (мыбдеж «культурэм» къиубыдыр Нарт эпос, IуэрыIуатэ, Адыгэ хабзэ, е шапсыгъ демократием и зэхэтыкIа къудейхэр аракъым. Мыбдеж, псом япэу, къэгъэлъэгъуапхъэщ лъэпкъым и нэгурэ и гупсысэкIэ зэригъэпэщамрэ, и энергоинформационнэ структурэм и бзэкIэ заригъэузэщIурэ зэман кIыхьым къызэрыпхыкIыфар, дэтхэнэ и зы цIыхуми, уеблэм нэгъуэщI лъэпкъхэм къахихыу кIэсу къихьахэми, къыдащтэ Адыгэ хабзэ зэрызэригъэпэщыфарщ) хэлъу ижь-ижьыжым къыщыщIэдзауэ ди лъэпкъыр къэгъуэгурыкIуащи ращ. Мыбдеж къэгъэлъэгъуапхъэщ нэгъуэщI лъэпкъхэм къыхэкIауэ е къыхахауэ, е езым я жэрдэмкIэ адыгэм къахыхьахэм хабзэр къызэращтэм и щапхъэ литературэм IупщI дыдэу къызэригъэлъагъуэр. Даутокъуэ-Серебряков и дзэм хэта Хьэбыж цIыкIу (я лейуэ лIышхуэти, Заурбэч щIэнакIэу: «Хьэбыж цIыкIу» – фIищауэ арат) лъэпкъкIэ тэтэрщ, ауэ адыгэбзэ ищIэ къудейм къыщымынэу адыгэлIт, шыуей бэлыхьт. Хьэмэрэ Нало Заур зи гугъу ищIыж Гуэбэшы Хъусин «Iа, гуэбэшыр адыгэлIкъэ! Уэллэхь, сэри Сырибырикоф езэуэнум!» – жиIэу (Нало Заур «Къру закъуэ» новеллэхэр. Налшык 2012 гъ., н. 43) Iэщэ къезыгъащтэр Адыгэ хабзэ, дэр-дэру Адыгагъэ зыхужытIэжыр ращ. Ауэ зэпэдвгъэплъыхьыт нобэ диIэ зыужьыныгъэр зыхуэдэр. Сыт хуэдэу нобэ дызэрыщытыр икIи сыт хуэдэ пщэдей иIэ ди зыужьыныгъэм? Мис ахэр ди гъащIэм и зэхэлъыкIэм и къудамэхэм дызэрыхущытыжым дриплъэжурэ.

**1. Производство.** Зы IуэхущIапIэ адыгэбзэкIэ официальнэ Iуэху щызэрахьэу (делопроизводство) Къэбэрдейм, е Адыгейм (КIахэ адыгэхэм), е Шэрджэсым (Хьэжырэт кIуэжа адыгэхэм) щыщыIэу

къэзыгъэлъагъуэфым си пыIэжьыр хущхьэрысх къудей мыхъуу, естыпэнт.

**2. Образование**. (IэщIагъэ егъэгъуэтынри хэту).

**2.а**. Къуажэм. Адыгэбзэм и къарур нэхъ щылъэрызехьэщи еджапIэхэм нэхъ къыщагъэсэбэп, ауэ адыгэбзэр щадж урокхэм адэкIэ ядж предметхэр гурыIуэгъуэ нэхъ хъун папщIэ, адыгэбзэр дэIэпыкъуэгъуу къагъэсэбэпу аращ. Адрейхэр урысыбзэщ.

**2.б**. Къалэм. ЗакъуэтIакъуэххэ дэтхэщ къалэ школым адыгэбзэр щрагъэджу, ауэ предмет псори адыгэбзэкIэ щрагъаджу зы щыIэу сщIэркъым.

**2.г**. IэщIагъэ щрат еджапIэхэм. КъБ КъУ-м и адыгэбзэ отделением къищынэмыщIа адыгэбзэкIэ IэщIагъэм щыхурагъаджэ, IэщIагъэ щагъуэт зы ВУЗ, е, колледж диIэкъым.

**3. Культурэ**, жылагъуэ гуп зэхэтыкIэ, научнэ IуэхущIапIэхэм пыщIауэ диIэхэм адыгэбзэм щаIыгъ пIэр зыхуэдэм уриплъэмэ, Налшык сызыщрихьэлIэхэр мыращ: КъБЩIэныгъэ хутэ институтым, хэхауэ Гъут Iэдэм и кабинетым; «Адыгэ псалъэ» газетым (11-зу зэтет Печатым и унэм щыщ зы къат); Адыгэ театр (пэжщ, хъыбарегъащIэхэр урысыбзэкIэ къыфIадзэу къаублащ); «Iуащхьэмахуэ» журналыр; Библиотекэм и лъэпкъ отдел («краеведение» жаIэр), ХьэIупэ ДжэбрэIил (композиторхэм я союзым) и кабинетым – мис адыгэбзэм и хэку щиубыдыж пщIэм и бгъуагъыр здынэсыр къэбэрдей адыгэхэм я деж! Хьэжрэтымрэ КIахэмрэ сыщыгъуазэкъым. НэгъуэщI срихьэлIакъым, унагъуэ хэхахэм я гугъу умыщIмэ. Адыгэбзэр щытепщэу нэгъуэщIыпIэ адыгэ хэкум щыщыIэу сэзыгъэлъагъуфми си пыIэжьыр хущхьэрысхынщ! Хьэмэрэ нэгъуэщI хэку щыщыIэ мы щIы хъурейм

адыгэхэм я бзэмрэ, я хабзэмрэ къыщагъэсэбэпу?! Хэбгъэзыхьым, мэжджытым сыщIыхьати, и пэшхэм урысыбзэкIэ тетхат. Адрей IуэхущIапIэ псоми тетхахэри, Iуэхухэр зырыщызэрахьэри урысыбзэщ. Иджыпсту адыгэбзэм ди Хэкум щиIыгъыж увыпIэр бжыгъэхэмкIэ бгъэлъагъуэмэ, 0.01% хъууэ аращ, еджапIэхэри, щIэныгъэ егъэгъуэтыпIэхэри СМИиК*-ри, зэгъусэу, нобэ моднэу къагъэсэбэп **щэнхабзэ** (культурэ) жыхуэтIэм и нэхъыбапIэр къатщтэми, урбанизацэм хыхьэ псэупIэхэр къызэщIиубыдэу. Мыбы иIуатэр Совет системэ дызыхэта, лъэпкъ цIыкIухэм я культурэр иригъэфIакIуэ хуэдэу зищIурэ, зэрыхуэну мащэ игъэхьэзырам дыхуэзышэ лъагъуэм адэкIи мыдэкIи дыкъытекIыну дымыулъэпхъащэхэу дрикIуэу аращ. Совет системэм къыдэкIуа тоталитаризмым урысыбзэр нэгъуэщI лъэпкъхэм я бзэр зыгъэкIуэд лIыукI ищI пэтащ. Мыпхуэдэ щIэпхъаджагъэ а бзэ телъыджэм и пщэ «дэплъхьэну» иужь уитыныр лейуэ гуемыIущ. Мыр мыпэжмэ, ди къалэм къыдыхьэ ныбжьыщIэхэм занщIэу урысыбзэ защIын хуей щхьэ хъурэ, е ди къалэм къыщалъхуа сабийуэ зи бзэр (тхыбзэкIэ) зыгъэшэрыуэр % дапщэ хъурэ? Мыбы дыкъытекIын хуейщ акъыл хэлъу! Урысыбзэми, адрей дуней псом щызылъэIэс бзэхэми дыхуэныкъуэщ. Урысыбзэр дунейм щызэрагъэпэща научнэ, культурнэ хъугъуэ-фIыгъуэ псоми я IункIыбзэу димыIэныри Iэмал зимыIэщ, ауэ адыгэбзэм игъасэ цIыхур здыдиш духовнэ лъэгагъэр IэщIыб тщIынри абы къыкIэрыху хъунукъым. Хэбгъэзыхьым, адыгэбзэм игъасэ цIыхум игъуэт нравственностыр нэхъапэщ. Адыгэбзэм и пщIэр зытетыпхъэ

* Средства массовой информации и коммуникаций. Зэтеуваауэ къагъэсэбэп аббревиатурэщ. СМИ-уи къагъэсэбэп хабзэщ. «Масс медиа» – жаIэуи урихьэлIэнущ.

лъэгагъэм тедмыгъэувэжыфым, дыкIуатэ ди гугъэжу, ауэ латентнэу дыкъыкIэрыхуурэ зыри къыщытхэмынэжам деж зыкъэтщIэжкIэ, зыри дримыуасэжу дыкъыщIидзыжынущ. Иджыпсту щыщIэдзауэ тэрмэш (переводчикхэм) я школ лъэрызехьэ зэтедгъэувэн хуейщ, сыт хуэдэ Iуэху-щIапIэми щылажьэ цIыхухэм ящыщу нэгъуэщI лъэпкъыу зы фIэкIэ яхэмытми, абы профессиональнэу Iуэхугъуэ адыгэбзэкIэ ирагъэкIуэкIыр хузэрадзэкIыфын хуэдэу. Мыпхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм анэдэлъхубзэм и пщIэр къиIэт къудейм къыщымынэу, лэжьыгъэ IэнатIэ куэдым ирисыфынущ. Мыр къэралыгъуэм къыбгъэдэкIын икIи къыддиIыгъын хуей Iуэхущ.

Марксрэ Энгельсрэ и чэзум наукэр производительнэ къару зэрыхъунум гу лъатэгъамэ (Плехановым гу лъитат абы!), революцэм и теориер лъэныкъуэкIэ ирагъэтIылъэкIыжынт. Нобэ, наукэр производительнэ къару ирикъуу щызэтеувам, мелуаным нэблагъэу зэхэс лъэпкъым и бзэ, и культурэ хуэмыхъумэжыныр икIагъэ дыдэм къыщымынэу дунейпсо культурэм и дежкIэ хэщIыныгъэшхуэщ. Нобэ дунейм дызыхуишэ глобализацэм и хабзэхэм дыхуэсакъыурэ лъэпкъыр тхъумэу дыхэмыхьэм, дыхэкIуэдэжыпэныр бетэмалщ. Дэ япэу тхъумапхъэу ди пщэм дэлъыр ди бзэмрэ ди культурэмрэщ (мыбдеж Адыгэ хабзэр культурэм и Iыхьэ хэхауэ тлъытапхъэщ). Ди культурэмрэ ди бзэмрэ зегъэузэщIа зэрыхъунум къигъэув къалэнхэмрэ Iуэхугъуэхэмрэ дэр нэмыщI нэгъуэщI къакIуэу тхузэтригъэувэнукъым. ИкIи ди бзэмрэ ди культурэмрэ зытетыпхъэ лъагагъэм тедгъэувэжын папщIэ, япэу къалэн нэхъ хьэлъэр зыгъэзэщIапхъэри абыкIэ зи кIэн къикIри къэралыгъуэр аращ.

Лъэпкъым къемыхъулIэну къыщыхъуу, Къа-

лэмбий зыгъэхыщIар – къэралыгъуэр (*«ЦIыху цIыкIум къримыт къару уиIэн хуейщ, ди хабзэхэм уапэщIэувэн щхьэкIэ. Удын Iэджэ къыптехуэнущ апхуэдэ мурадым къыщIэтаджэм, гъащIэм и фэбжь Iэджэ зэхищIэнущ.»* (н.25), – иджыпсту диIэщ. Нобэ адыгэ лъэпкъым игъуэта къэралыгъуэм и унафэр бюрократием IэщIэлъщ, къыттрапIауи щрет – диIэщ къэралыгъуэ. Къалэмбий и псалъэ мы къэтхьахэм яIуатэр актуальнэу щытыжкъым. Къэнэжар адыгэ бюрократием и пщэ далъхьа къарур къигъэсэбэпурэ кIэщ-Iущу, нэгъуэщI лъэпкъи, нэгъуэщI цIыхуи сэбэп яхуэхъуу, адыгэ Iуэхум зригъэузэщIын хуейуэ station.

Тхыдэ жыжьэми, гъунэгъу дыдэми хэтщ щапхъэ къэралыгъуэшхуэм, империем, гъунэгъу цIыкIум и хуитыныгъэр къилъытэ къудейм къыщымынэу, хуитыныгъэ ирикъу щрита. П.п. Хетт империем и гъунэгъу пщыгъуэ цIыкIур зы жылагъуэ хуэдиз фIэкIа мыхъуми, езыр-езыру и унафэ ищIыжыну зэгурыIуэныгъэ ирищIылIэт икIи ирищIылIа зэгурыIуэныгъэр игъэпэжт, ар, къэралыгъуэ цIыкIур, нэгъуэщI нэхъ инхэм къагъэсэбэпурэ Хетт къэралыгъуэм и ухуэныгъэм зэран къыхуэхъун хуей Iуэху къыкIэщIимыщIыхьым. Иджырей зэманым и щапхъэщ СССР лъэлъэжам и правопреемник Россием адрей республикэ пщыкIуплIым я хуитыныгъэр къыжьэдимыкъуэу езыхэм яубзыхужынымкIэ зэран зэрымыхъуари. Политикэм и фэри, и нюансхэри куэду зэмыфэгъущ. Нобэ лъэпкъ куэд щызэдэпсэу къэралыгъуэжьу, империеу къэгъуэгурыкIуа политсистемэхэм, фэрыщIагъ хэмылъу, дэтхэнэ зы лъэпкъми и бзэ, и хабзэ, и псэукIэм къыдэгъуэгурыкIуа нэгъыщэ-нэщэнэ нэхъыфIхэр ихъумэн, абыхэм зырагъэузэщIын папщIэ, сыт хуэдэ политикэри, гуманистическэ дэIэпыкъуныгъэхэ-

ри хьилагъэ хэмылъу къагъэсэбэпын хуейщ. Мыпхуэдэу щIэгъэкъуэн хъунур хэхауэ зи фейдэр, псом япэу, езы лъэпкъышхуэхэр аращ. Иджыпсту ди IэдакъэщIэкIхэмрэ (производство), ди щIэныгъэмрэ къыпэкIуэ хъерыр щIэхуабжьэурэ лъагэ щыхъу зэманым, цIыхум и цIыхугъэр сыт и лъэныкъуэкIи егъэфIэкIуэныр, къызэкIуэцIыха хъуныр нэхъыфIщ, нэхъ фейдэщ, цIыхум и щIыкIэр пкъутэурэ, е пкъутэну уеныкъуэкъуурэ уи политик Iуэхухэр дэбгъэкIыным утет нэхърэ.

Тхыдэм, гу зэрылъыттащи, лъэпкъышхуэ ирикъууи ирехъу, къэралыгъуэм и Iэмалхэр фIырыфIкIэ зылъысам и щапхъэхэр мащIэ дыдэщ. Къэралыгъуэм и Iэмалхэр зыIэрагъэхьэн папщIэ, е къэралыгъуэ зэтрагъэувам и гъунэхэр яубгъун папщIэ нэхъыбэм нэхъ нэхъыбэжым я лъыу иракIутар тенджыз ирикъунт. Урысейм Кавказыр иубыдын папщIэ ИлъэсищэкIэ адыгэхэм къезэуащ, цIыху мелуанийм нэблагъэм я гъащIэр хьэдэ лъэмыжу зэтрилъхьэу («Антология памятников права народов Кавказа» т.4, н.57. Ростов-на-Дону. Изд-во СКАГС. 2011 г.) Мыпхуэдэ практикэр къэралыгъуэ лъэрызехьэу зэтеувауэ, дунейм и зэхэтыкIэр зыубзыхухэм IэщIыб ящIын хуейщ, дэIэпыкъуэгъуи хъун хуейщ нэгъуэщIхэми къамыгъэсэбэпыну. Дэтхэнэ зэмыным и бынхэрауэ пIэрэ мыпхуэдэ нравственнэ къабзагъэм теувэфынур?! Адыгэ хабзэм нобэм къэсыху «зыщIрилъэфыхьар» мы зи гугъу тщIы къабзагъэм и моделыр дунейм щапхъэу езытынухэм хэувэну арагъэнщ. Иджыпсту дэ нэхъыбэу дызыхуэныкъуэр ди конституционнэ хуитыныгъэхэр ирикъуу къэдгъэсэбэпыфу дыпсэууэ дызэтеувэнырщ. Абы къыдэкIуэн хуейр нэхъыбэу мылъкукъым икIи ди конституционнэ статусыр нэхъ лъагэ тщIыну е тхъуэжыну дыныкъуэкъуэну ара-

къым. Абы къыдэкIуэн хуейуэ щытыр зыщ: ди бзэмрэ ижь-ижьыж лъандэрэ къыддэгъуэгурыкIуэ ди хабзэмрэ я зэфIэкIыр дымыгъэпудыжу и къалэн ягъэзэщIэфу дыпсэужыныр ар къудейщ. Совет власть ди бзэр къыдэзыхыжам, нэгъуэщI империехэм елъытауэ фIы куэд къытхуищIащ. Ауэ щэхууи итхьэлэжыну хэтащ ди бзэр, нобэми хэтщ. Псалъэм папщIэ, абы и щапхъэ IупщI дыдэу щытщ си сабиигъуэр. ЕтIуанэ классым щыщIэдзауэ урысыбзэкIэ фIэкIа егъэджакIуэр къыдэпсалъэртэкъым. Кино дыкIуамэ, сытым и дежи, щIидзэн ипэ школым и директорыр ди пащхьэ къихьэрэ жиIэри, щIыжиIэри къыдгурымыIэу, урысыбзэр макъ хэIэтыкIакIэ игъабзэу, дужэгъуауэ псалъэу утыкум итт. Балигъ сыхъуа иужьщ апхуэдэу ищIэу щIыщытар къыщызгурыIуар: абы чиновникхэм къалэн къыхуащIауэ урысыбзэм ди тхьэкIумэр иригъасэу арат. Школым урысейм и тхыдэм сыщыхурагъаджэт, ауэ адыгэм тхыдэ иIэххэуи щыгъуазэ сащIтэкъым. Си адэм и хъыбархэм къыщынэмыщIа, адыгэм и тхыдэм теухуауэ сыкъыщеджэн къызжаIакъым щIэныгъэ къыщызат школыми, сабиигъуэр щекIуэкIа жылэми. Переяславскэ Радэм, Куликовскэ зауэм, Тевтонскэ орденым теухуа тхыдэ хъыбархэм гъунэжу дыхурагъаджэт, ауэ Къанжал зауэр щыщыIар дэнэ къэна, зи щIысыр тщIэхэртэкъым. Библиотекэм тхылъ щIэлътэкъым адыгэм и тхыдэм теухуауэ. А зэманым адыгэ тхыдэм сыщегупсыскIэ, уафэм дыкъехуэхауэ къысщыхъут. Мыпхуэдэ хьэдыгъуэдахэм щIапIыкIащ сияпэкIэ илъэсипщI иту еджахэри, сияужькIэ илъэсипщIкIэ, нэхъыбэжкIи итахэри*. Нэхъ хьэлэмэтыжыр: адыгэм

*Нало Заурбий и автобиографием щетхыж ар дыдэр 40 гъэм къращ1ау зэрыщытар, еплъ: «Къру закъуэ», Налшык. 2012гъ н.444

тхыдэ иIэу къыщысщIар Iэрмэм сыкъикIыжу, институт сыщыщIэтIысхьарщ. Дубровин, Абрамов хуэдэхэм ятхауэ адыгэ тхыдэм теухуауэ щыIэ тхылъ цIыкIухэм гъэпщкIуауэ дыкъеджэну щыдмыгъуэтыр нэхъыбэт. Хьэтыжьыкъуэ Валерэ Мейкъуапэ тIощI гъэхэм къыщыдагъэкIауэ щытауэ апхуэдэ тхылъ цIыкIу гуэрхэр гъэпщкIуауэ седжэну къыщызитам, си жьэр Iурыхуат.

Иджы девгъэгупсысыт адыгэ цIыхур зыгъасэ нравственностыр нобэ ирикъуу щIэблэм хэт езытыфынур си япэ иту илъэсипщI еджахэм я деж къыщыщIэдзауэ, си яужь иту илъэсипщIкIэ къэзыухахэм я деж къэсу?.. Мы ныбжьым итхэращ нобэ зи къару илъыгъуэу щIэблэр зыгъэсэну зэманым и тепщэр. Иджыпсту екIуэкI тенденцием дыщыхуахум (Мэлбахъуэм и тетыгъуэм обкомым адыгэбзэм «уасэ» зэримыIэмкIэ, абы «дызэрыхуэмеймкIэ» официальнэу тIэу Iуэху къищтагъащ. И IэнатIэм и щхьэузыхь лъэпкъым и бзэр хуищIыну тIэуней иужь ихьауэ зэрыщытам и щыхьэт мыкIуэдыжын парт архивым хэлъщ ноби. Мыпхуэдэ цIапIагъэ Мэлбахъуэм фIэкIа зы лъэпкъ унафэщIми зэгуэр къыхилъхьауэ сщIэркъым! Мыпхуэдэ бзаджэнэджагъэ и лъэпкъым къришIэжауэ, итIани абы и цIэр уи къэралыгъуэм и тхылъ хъумапIэ пашэм, уэрамхэм фIэпщыныр икIагъэ дыдэщ!!! Зы щIэнныгъэ статья, тхылъ и гугъу умыщIи, и Iэдакъэ къыщIэкIауэ щыIэу сыщыгъуазэкъым!) къэтэджу ди бзэм официальнэ Iуэху иризетхьэну щIэмыхъумкIэ щIэупщIэну лIыгъэ зыбгъэдэлъ къыханэжатэкъым ди бзэр зыIурылъхэм, адыгэхэм я % 70-м урысыбзэр хуиту ямыгъэшэрыуэфми, бюрократием и хабзэхэмкIэ бзэр зыгъэпсэу лъэпкъыр ятхьэлэу екIуэкIми. Мыр упщIэ тыншкъым. Мыращ дэ нэхъыбэу ди бзэр къэралыгъуэм и инструмент ирикъуу зэтегъэувэжыным

дыхущIэкъун щIыхуейр.... Ди официальнэ Iуэху-щIапIэхэм ди бзэр щылэжьэн хуейщ и конституционнэ къалэн ирикъуу щигъэзащIэу; IэщIагъэ щызэдгъэгъуэт еджапIэхэм ди бзэр щылэжьэн хуейщ; Iуэху щызетхьэкIэ официальнэ къалэн ди бзэм игъэзэщIэн хуейщ, амыхъу, ди гуащIэдэкI ахъшэ зэтт къулыкъузехьэхэм утыку зэрихьэу урысыбзэ зызэращIым дытету дыкIуатэмэ, адыгэбзэр лIэжынущ. Адыгэ хабзэм щIапIыкIа ди цIыхум лейуэ къаугъэ зэримыщIыр къагъэсэбэпурэ и бзэр Iэпэдэгъэлэл зыщI къулыкъузехьэхэм ящыщ зы, иджыри зы адыгэм судым иритакъым. Мыпхуэдэ щIэпхъэджагъэ, КъухьэпIэ Европэм и гугъу умыщIи, прибалтикэм и къэралыгъуэ иджы хуит хъуахэм ящыщ зым щызэрахьэу щытыгъам я къулыкъущIэхэр судкIэ етхьэкъунти, ирахужьэжынт. Дэ ди къулыкъущIэхэр ди Конституционнэ нормэхэм теувэми, теубжьытхэми тшэчу нобэми дыкъогъуэгурыкIуэ. Ди къэралыгъуэм и аппаратым бзэр зытетыпхъэ лъагагъэм трагъэувэжын папщIэ, ди бзэкIэ Iуэху зэрахьэу ирамыгъэжьэжым гъуэгуу диIэхэр мыращ:

**а) хуэмурэ ди бзэр лIэн, е музейм щIагъэувэ экспонат хъун;**

**б) националистическэ элемент экстремизмым етахэр улъэпхъащэурэ ди политическэ щытыкIэр ткIий ящIурэ къагъэчэн, итIанэ диным зи гур етахэм лъэпкъыр зэкъуаудурэ зэпэщIагъэувэжым ... аргуэру лъыгъажэм лъэпкъыр егъэтхьэлэн.**

ТIури щIагъуэкъым. НэхъыфIыр ещанэрщ:

**в) ди бзэм и пщIэр къэралыгъуэм къеIэтыр – бюрократием Iуэху иризэрихьэу. Официальнэ Iуэху екIуэкIмэ, Конституцэм зэритым хуэдэу, бжыпэр ди бзэм иIыгъыу Iуэхухэр иризэрахьэу. Мыпхуэдэу щIынымкIэ переводчик штат хэха иIэу.**

Мыпхуэдэу щIыпхъэу щIыщытыр адыгэхэм

я нэхъыбэм урысыбзэр нобэ къагурымыIуэу аракъым. **Мыпхуэдэу щIын щIыхуейр адыгэбзэр ди гъащIэм и дэтхэнэ сферэми щылажьэу десэжын хуейуэ аращ.** Иджыпсту ди хэкум тенденцие щыщыIэр, нэм цIуугъэнэ къыIуидзэхэр културэу къалъытэу, зигъэлъэгэн папщIэ урысыбзэкIэ фIэкIа псэлъэну хуэмейуэ, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм щыщу, куэд зэрыщыIэр къэлъытауэ, и пэкIэ дыплъэн хуейщ. Мыпхуэдэхэр кууэ мыгупсысэфми, лъэпкъым и цIыхущ, ди гъащIэм хэтхэщ, хоIэбэхэр. Мыхэр зыщIыпIи хэхауэ тхуэхьынукъым, тхьыи хъунукъым. Мыбыхэм я нэм къыIуидзэ цIуугъэнэр лъэныкъуэкIэ езыгъэкIуэтэкIыфынур бюрократием игъэлъагъуэ Iуэху щIэкIэр (щапхъэр) аращ. Сыту жыпIэмэ, абы, бюрократием, рулыр зэриIыгъым папщIэ, бюрократхэм нэхърэ нэхъ културнэ слой зыдэплъеипхъэ лъэпкъым имыIэу къызыщыхъу куэд адыгэ ныбжьыщIэхэми, нэхъыжьыIуэхэми яхэтщи. Псалъэм къыдэкIуэу, къэтхьынщ щапхъэ IупщI: къэрал унафэр зыIэщIэлъ ди аппаратым и хъуреягъкIэ къепщIэкIауэ цIыху мин зыбжанэ IэнатIэ яIыгъыу щызэхэтщ, техническэ секретарь къызэрыгуэкIым и деж къыщыщIэдзауэ, Президентым, Хасащхьэм, Премьер министрым я деж нэсыху. НытIэ, а аппаратым IэнатIэ иIыгъыу хэт пщащэ къызэрыгуэкIыр къуажэ зыщалъхуам щыкIуэжым и деж и пэр дэгъэзеяуэ урысыбзэкIэ зэрыпсалъэм и щхьэусыгъуэм девгъэгупсысыт! И Iэпкълъэпкъым и IэпапIэ псомкIи а тхьэмыщкIэ цIыкIум жиIэну мэныкъуакъуэ: сэ схуэдэ хэт щыIэ! Сэ къэралыгъуэм и унафэщIхэм сахэтщ! Мыбы жиIэри ищIэри зырикIт, ар зыжриIэ е мыщIэ-фIы мыщIэ, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэкIэ ирикъуу адыгэ гъэсэныгъэ зыхамылъхьам, ар елъагъури, апхуэдэу зищIыну йокъури, мыращ

нэхъ Iуэхур! Иджыпсту зэман дызэрытым икъута адыгэ патриархальнэ унагъуэм щытепщэу щыта гъэсэныгъэр щыIэжкъым. Абы гу лъыттэу, социологием, социальнэ психологием и Iэмалхэр къэдгъэсэбэпу, ди щIэблэм зызэращIыпхъэм и моделыр дыубзыхужын хуейщ! НытIэ щхьэ мыхъупхъэрэ ди бюрократиер лъэпкъым и дэтхэнэ щIэблэри зыдэплъеин цIыху щыпкъэ, лъэпкъым и культурэр къызыфIэмыIуэху, и бзэр, и культурэр, и мамырыгъэр, и пщэдейр нобэ ирикъуу къэзымылъытэфхэри ядэплъеин хуэдэу?!

КъыкIэлъыкIуэу, Советскэ системэ дыкъызыщIэнам тетщ иджыри ди щIэблэ гъасэнри (сабий сад къалэм дэтхэр, псом хуэмыдэу!), ди еджапIэхэри. Мыр Iей дыдэщ икIи Iуэхушхуэ дыдэщ. АфIэунэ Рае нэхъ журналист Iэзэ уигъэлъыхъуэну 70-80 гъ.гъ. адыгэ общественнэ гъащIэм хэтащ. Ауэ си гугъэкъым абы и бынхэм адыгэбзэр ягъэшэрыуэфу къэхъуауэ. Ягъэшэрыуэфми, ирипсэлъэн укIытэу къысщохъу! Мыпхуэдэхэр хьэдыгъуэдахэщ, ауэ мыр АфIэунэ Рае и лажьэкъым. Мыр зи лажьэр идеологие и лъэныкъуэкIэ апхуэдэ къэкIуэн диIэну (Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-р а зэманым и политическэ классификацэкIэ етIуанэ сортт. Япэр – Союзнэ республикэхэр арат. НытIэ къэбэрдейр тыншу культурнэ ассимиляцэ щIыным папщIэ и щIэблэм урысыбзэр яIурылъу къагъэхъун хуейти, абы телэжьэну унэтIат сабий садым и деж къыщыщIэдзауэ, IэщIагъэ зыщрагъэгъуэт еджапIэхэри хиубыдэу, СМИ а зэманым щыIари зэрыщыту) зэтезыгъэувэхэм ягъэпсар, хьэ Iужажэм хуэдэу, ди гъащIэм тепщэ щызыщI функционерхэр, япэ секретару тетахэм я деж къыщежьэу, арат. Нобэми мыпхуэдэ Iэху бгъэдыхьэкIэр ди хэкум щытепщэщ. Мыбы щыхьэт техъуэ щапхъэхэр куэду бгъуэтынущ.

Ауэ дэ нэхъыщхьэу гу зылъыттапхъэр, мыращ: **ди бюрократием адыгэбзэкIэ Iуэху зэрахьэу, ди Конституцэм зэритхам хуэдэу, ди Хэку щызэтегъэувэжын хуейщ.** ЖызыIэн щыIэнщ: Москва къытхуидэнукъым, къытхуидэми, балъкъэрхэр, мыдрей лъэпкъ къыддэпсэухэр щэ? Москва: «уи бзэкIэ Iуэху зомыхьэ!» – жызыIэфын интеллигент, политик Iущ нобэ щыбгъуэтыжынукъым. БлэкIащ а «социализм зызыужьам» лъэпкъ цIыкIухэм идеологическэ шхуэIур я жьафэр хитхъэжауэ щаIыгъа зэманыр, ар гъэдэщIыдэм хыхьэжащ. Нобэрей дуней зэхэтыкIэм и идеалхэр нэгъуэщIщ, икIи япэу абы тегъэщIапIэ ящIыр культурнэ хуитыныгъэр аращ. Абы щыжаIэнур мыращ: фызэрыхуейуэ фщIы, ауэ нэгъуэщI лъэпкъхэри флъытэ! КIуэ, къыхэкIынкIэ хъунщ Ермоловым, генерал щхьэгъуанэжь щIэкIуэтэжыным, е тоталитаризм дуней жэнэтыр тхуэзыухуэну никъуэкъуахэм кIэлъыгъыж гуэрхэри, ауэ нобэ наукэр, связыр, коммуникацэхэр здынэса телъыджэхэм ублэбэкъукIыу, мелуан никъуэ хъу лъэпкъым и пщэдейм ухуэбэлэрыгъыныр, нэхъ щабэу жытIэнщи, къемызэгъ дыдэщ.

Мыдрейуэ, балъкъэрхэр, адрей лъэпкъхэр... Балъкъэрхэр лъэпкъ зыщIыжыр адыгэрщ. Дэтхэнэ зыми дэ зэрытщIым хуэдэу ящIынщ. Абыхэм переводчик ямыгъуэтыну хэт къызыщыхъур, хьэмэрэ, балъкъэрхэм я хуитыныгъэм дэ сыткIэ зэран дыхуэхъун хуей?

Статистикэм дривгъаплъэ нэхъ гупсэхуу, Iуэхур зэрыщытым девгъэплъи IупщI дыдэ хъунущ, дэ ноби власть лъэлъэжам къызэрытпигъуэуву щытам хуэдэу, иджыри ди адыгэбзэм и гъащIэр зэрекIуэкIыр. Мыпхуэдэу аратэкъэ ар Совет властым зэриубзыхуар: «зеужь!» – жиIэн папщIэ, зыгуэрхэр игъэкIуатэурэ игъэпIиину

иIэмэ, хуэмурэ и къуэпсыр зэрыпиупщIын системэ зэтригъэуваауэ (сабийхэр ясляхэм идеж къыщегъэжьауэ урысыбзэкIэ гъэсэн, образованиер, IэщIагъэ езытри хэту, IуэхущIапIэхэр, СМИ-р зэфэзэщу урысыбзэ щIын, н.), лъэпкъыр езыр-езыру зэрыкIуэдыжын системэм тетурэ зэрылIыхьыну мащэм хуэгъэкIуэн. УрысыбзэкIэ щIэблэр зэрырагъаджэм фIы куд къыдэкIуащ, ауэ зэраныгъэу къишар нэхъыбэу къыщIидзыжынущ, нэхъ кууэ узэпхырыплъмэ. Пэжщ. Дэ, адыгэхэм, щIэныгъэ щIэблэм зэредгъэгъуэтын зызыужьа системэ убгъуауэ диIакъым, ауэ нобэ диIэщ Iэмал апхуэдэ системэ зэтедгъэувэну. ДывгъэщI.

Нобэ, къэралыгъуэм и шхуэIу къыщигъэлалэм, цIыху куэдыр хуиту зэхыхьэ-зэхэкI мэхъу. Зызыужьа социализмым и идеология IэрыщIым къыжьэдэхужа дэ, зэ IуплъэгъуэкIэ щхьэегъэзыпIэ тхуэхъун димыIэу дыкъызэхонэ, ауэ ар зэ Iуплъэгъуэкlэщ. Мыпхуэдэ щытыкIэм ди лъэпкъыр псынщIэу зэкъуиудынущ. Къыттоуэ зеиншафэ зэ IуплъэгъуэкIэ, дызыхэта «зызыужьа социализмым» къидипхыу екIуэкIа идеологие бзэхыжар зэрытхъуэжын димыIэу дыкъызэхэнауэ къытщыхъужу... Нэхъ гужьеигъуафIэхэм диныр хаубыдыкIауэ и «фIыцIагъэ лъапIэр» яIэт. Ауэ диIэщ дэ дыкъэзыхъумэн идеологие! Ар Адыгэ хабзэр—Къалэмбий и Iуащхьэщыгутесхэм я зэхэтыкIэ хабзэр аращ. Илъэс минхэм зэманым къыпигъэув къэхъу-къащIэхэр лъэпкъ гупсысэкIэмрэ лъэпкъ зэхэтыкIэмрэ кърригъэзэгъыу къэгъуэгурыкIуа Адыгэ хабзэр аращ дэ нобэ дыкъэзыхъумэфынури, гъуазэрэ иделогиерэ тхуэхъунури.

Муслъымэн динми, абы и пщэдыкъ къыдэту адыгэм къытпэщIэта империе бзаджэнаджэ а диныр авантюрэкIэ къытхуэзыгъэкIуэтами, дэ зы мэскъалкIи дыкъихъумакъым. Абы и зэранкIэ

бетэмалу дыкIуэдыжыпэрт. Ар ирикъуу къызыгурымыIуэхэр (псом хуэмыдэу щIалэгъуалэхэр) муслъымэн диным и гъэр щхьэрыуфIыцI хъуурэ, зэраныгъэшхуэ къашэныр хэлъщ. Мыбы гупсысэ гъэхуарэ Iэ къабзэкIэ дыбгъэдэувэну къытпоплъэ.

Муслъымэн диным дэ зыгуэр фIыуэ къыхэтхынумэ, ар зи чэзум унагъуэ зымыухуэфа ди пщащэхэм я къару илъыгъуэ щIыкIэ щIэблэ ягъуэтынымкIэ Iизын къыдитхэр аращ. Унагъуэ хуейуэ, ауэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэкIэ зи пIалъэ блэкI пщащэхэр лъэпкъым, е жылэм я нэхъыжьым бгъэдыхьэрэ, адыгэ нэчыхь иригъэтхрэ хуит заригъэщIрэ (япэу нэчыхьым и мыхьэнэуэ къызэрежьар гупым ита хуитыныгъэу аращ)– щIэблэ зыригъэгъуэтыну Iэмал къылъысу. Ар илъэс тIощIрэ тхум и деж щегъэжьауэ пщащэхэм я дежкIэ. ИтIанэ, апхуэдэ хабзэкIэ зригъэгъуэта щIэблэм и гъащIэр гъэсауэ зэтегъэувэнымкIэ къэралыгъуэми, лъэпкъми, хьэблэми, жылэми я нэIэрэ, я дэIэпыкъуныгъэрэ ялъыгъэсыпхъэщ, зи закъуэ анэхэм ядэIэпыкъу центрхэр ди къалэхэми, районхэми, жылагъуэхэми щыдиIэу, абы бгъэдэтлъхьэну ахъшэм (мылъкум) къыдэкIуэуи хабзэм и гъэсэныгъэ зэрыбгъэдэтлъхьэныр зыщыдмыгъэгъупщэу.

Адыгэ унагъуэм зэхъуэкIыныгъэ куухэр къыщохъу. Зызымыхъуэж зытемыт мы дунеижьым и хабзэхэм къыдэкIуэуи, ди псэукIэм, зэхущытыкIэм, хабзэм зехъуэж. «ПсэукIэщIэм» къыщыщIэдзауэ увыгъуищ нэхъ мащIэ зимыIэ унагъуэхэр бжыгъэкIэ нэхъыбэу адыгэ лъэпкъыр зэхэту къэгъуэгурыкIуамэ, нобэ увыгъуищ щыпсэу унагъуэхэр мащIэ дыдэщ. Урбанизацэ дызыхуэкIуэм, СМИ-м дызытришэ зэхущытыкIэ-гупсысэкIэм, коммуникацэ щIэхуабжьэм, цIыху закъуэм

игъуэт хуитыныгъэм хэхъуэ зэпытщ. Мыбы патриархальнэ адыгэ унагъуэхэр– адэ-анэшхуэхэр, адэ-анэхэр, бынхэр зэхэсу псэууэ щыщытар – зэкъуеудри, увыгъуитI нэхъыбэ мыхъу унагъуэхэр, унагъуэ иримыкъуу псэухэр нэхъыбэ ящI. Нобэ ди псэукIэм докIуэд пщыхьэщхьэ зэбгъэдэс, пщыхьэщхьэ уэршэр сабийхэр кIэщ-Iущу зыгъасэу адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуа гъащIэ институтхэм хуэдэхэр, ехъуэжри, телевизорым лъэпкъым и пщIыхьэпIи къыхэмыхуа нэгъуэщI зэхущытыкIэм сабийхэр «хуигъасэу» унагъуэм «къахохьэ». Зехъуэж IэубыдыпIэншэу адыгэ унагъуэм илъа гъэсэныгъэм. Мыр нэхъыщхьэу пIейтеигъэр къэзышэ Iуэхугъуэхэм щыщщ: хуэгъэвыну адыгэ лъэпкъ мащIэм зэманым къыдипх жэрыжэр? Мыр утыку Iуэху щIын хуейщ. МылъкукIэ нобэ уи щхьэри, уи унагъуэри къызэбгъэпэщыныр гугъукъым, узыншагъэрэ гукъыдэжрэ уиIэ къудейм, ауэ уи сабийр наркоман мыхъуу, е и щIалэгъуэ пщтырыгъуэм къыдэкIуэу уз бзаджэ къемыкIэпу и акъыл зэтегъэувэфыныр нэхъ хьэлъэщ. Мыращ ди анэдэлъхубзи, ди хабзи дыщIыхуеижри. Мыр псоми ди зэхуэдэ къалэнщ, ауэ нэхъыщхьэ дыдэр къэралыгъуэм и рулым бгъэдэт бюрократием и пщэ дохуэ. Абы къызэрызэригъэпэщыфщ ди бзэкIэ лажьэу ди щIэблэр зыгъасэ, зыунэтI системэхэр, СМИиК-м (средства массовой информации и коммуникации) и Iэмалхэр зыгъэшэрыуэф къэралыгъуэу дызэригъэпсэуфщ.

ИтIанэ Къалэмбий и зэманым адыгэр зы Iэпкълъэпкъ узыншэу зэхэтыгъамэ, псалъэм и хьэтыркIэ, унагъуэхэм я нэхъыбэр увыгъуищу зэхэсу; жылэм Iуэху кърахьэжьэмэ, нэхъыжьхэр зэхыхьэрэ унафэ тращIыхьу; джэгу зэхыхьэкIэхэр (гуфIэгъуэхэм и деж) убзыхуауэ; гуп акъылым (общественннэ мнением) псори и хъумакIуэу,

нэхъыщхьэу абы къыщхьэщытхэм – нэхъыжьхэмрэ джэгуакIуэхэмрэ – я пщIэр лъагэ къудейм къыщымынэу, я псалъэр дэтхэнэм и дежи нэсу, жаIар ди щхьэщыгу итым жиIам пэгъунэгъуу къалъытэу лъэпкъыр зэхэтыгъамэ (арат псом япэу Адыгэ хабзэм тепщэныгъэ гупым щIыщигъуэтым и къуэпсри), нобэ глобализацэм дызыхуишэ зэхущытыкIэм ар зэхекъутэр. Къэралыгъуэм и институтхэр, а институтхэр зезыхьэ бюрократиер гупсысэ хэхакIэ адыгэ гъащIэм бгъэдэмыхьэм, иджыпсту ежьауэ, зытедмыгъэзэжыфыну процессхэр къэхъунурэ ди IэфракIэм дедзакъэжыну дыныкъуакъуэу дыкъызэхэнэнущ.

Нобэ урысыбзэм ди культурэр щIилъхьэжыфыну и зэфIэкIыр ди хэкум щыинщ, щыин дыдэ; дигъэпсэуфынуи къаруушхуэ иIэщ. Пасэрей адыгэ зэхэтыкIэм и модель иджыри псэур ди зэманым къезэгъыу къэдмыгъэщIэрэщIэжым, «щыIат, псэуат!» – къытхужаIэу, ди IэкIэ зыдукIыжыну шынагъуэшхуэ ди пащхьэ къитщ. Мыбы щыхьэт тохъуэ социологием, статистикэм и хабзэхэр къэбгъэсэбэпурэ ди гупым и зэхэтыкIэу къызэхэнам уриплъэмэ, идеологием и IуэхущIапIэхэм, школхэм, сабий садхэм, щIалэгъуалэ зэхуэсыпIэхэм зыщыпплъыхьмэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, адыгэ уэрэд адыгэбзэкIэ утыку къихьэу щыжызыIэ адыгэхэр нобэ тIукIэ нэхъ мащIэщ (я фIагъым и гугъу тщIыхэркъым), нэгъуэщI лъэпкъым и цIыхуу, адыгэ уэрэд жызыIэ исыхэкъым адыгэ щIыналъэм. Общественнэ идеал щIалэгъуалэр зыхуекъухэр ебгъэувэкIмэ, бзэм, хабзэм – культурэм щаубыд увыпIэр хьэрэкъуакIэ дохьэж. Мыдрейуэ, бзэм, хабзэм зи деж увыпIэ хэха щызубыдхэм я бжыгъэр качественнэу щIэппщытыкIыжмэ, трансформацэ къыкъуэплъхэм уагъэгужьей.

Сэ ныбжьэгъу бэлыхь сиIэщ. Абы адыгэ уна-

гъуэ къекIу иIэжщ. И къуэрылъхур сабий садым иратыху, адыгэбзэкIэ уэрсэрыжьу псалъэу, усэхэм къеджэу, таурыхъхэр иIуатэжыфу щытащ. Сабийр пэщIэдзэ классым зэрыкIуэу, укIытэ нэпцI гуэру къалъытэ хьэл къылъыкъуэкIам теухуауэ и адэшхуэр щепсалъэм, зэIынащ. Нэхъ кIасэIуэу псалъэр аргуэру зэ къыщигъэхъеижым, сабийм къита жэуапым псори Iэнкун ищIащ: «сыт ар (адыгэбзэр) зэрыпщIынур? Зыри ирипсалъэркъым абы!» Мыр ди адыгэ къалэр аращ къыщыхъуар. Къалэу куэд диIэми, нэгъуэщI континент адыгэ хъума щыхъуну, ди бзэм зыщиужьыну щыIэми, дывгъэлъыхъуэж. ЩыIэкъым ди къалэ фIыуэ тлъагъум условие, ди бзэм зыщиужьыну. ЩыIэр ди IэкIэ ди бзэр зэрыттхьэлэжын условиещ – мис япэу ди бюрократием и пащхьэ къиувэу игъэзэщIэн хуей къалэныр, ди культурэм и пщэдейм уи гупэр щыхуэбгъазэкIэ.

ИтIанэ. Урысейм кадет школхэр, къэзакъ щIалэ цIыкIухэр щагъэхьэзыр еджапIэхэр хъарзынэу къыщызэIуах. И чэзу хъуакъэ адыгэлI щагъэхьэзыр школ къызэIутхыну? АдыгэлIым дунейр зэхъуапсэ теплъэ къудейкъым иIар, адыгэлIым иIащ дунейр къезыгъэхъуапсэ гъэсэныгъи. Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт адыгэлIым халъхьэу щыта нэщэнэхэр, абы и хьэлыр зэрызэтрагъэувэу щытар. Бгъэжьнокъуэ Бэрэсбий хуэдэу ар зыщIэ щыгъуэтыгъуейщ иджыпсту ди хэку. МыбыкIэ ди къэрал IуэхущIапIэхэри дэIэпыкъуэгъу хъун хуей къудейкъым, мыр къэралыгъуэм и къалэнщ.

Сыт хуэдэ къэралыгъуэ дыщымыпсэуами, ди цIыху щIыкIэ, цIыхугъэ, дыкъызыхэкIа лъэпкъми къыдэгъуэгурыкIуэ фIыхэр тхъумэжыфыным къыщымынэу, абыхэм зедгъэузэщIын хуейр ди къалэнщ. Ар нэхъ шэрыуэу зэрыдузэщIынури, дызэрефIэкIуэнури, ди лъэпкъ и къуэпс

дгъэбжьыфIэурэщ, ди культурэм зедгъэIэтурэщ.

«Митинг» зэманыгъуэр, лъэпкъым и пщэдейм хэт хуейми хуиту тепсэлъыхьыфыну Iэмал зыт печать хуиту ягъэпсыну зэфIэкI бэм къызэррамытым «къигъэхъуауэ» щIыщытар, коммунист бюрократием властыр зыIэщIамыгъэкIауэ Iэ быдэкIэ яIыгъати, цIыхухэр утыкум къихьэрэ ягу щыщIэр яIуатэу щIыщытар аращ 90 гъэхэм. А зэманым печатым и хуитыныгъэм апхуэдэ щIыкIэу бгъэдыхьэн хуейуэ щытауэ системэр бгъэзахуэ хъунуми, мыпхуэдэ щытыкIэ срихьэлIэгъащ: Налшык стадионым цIыхур изу, лъэпкъым ди гъащIэм тепсэлъыхьу, Iэмал сиIат Украинэм къикIа хьэщIэ гуэрхэм адыгэ Iуэху къызэгъэпэщыкIэм теухуауэ яIуатэхэм сыщIэдэIуну. ЯхуэIуэтэщIыртэкъым абыхэм властым печатым и ут къызэррамытым папщIэ езыр-езыру зэхыхьауэ, политик Iуэхугъуэ щытепсэлъыхь а зэхуэсышхуэм зым-зым пщIэу хуищIымрэ, хабзэу щызекIуэмрэ. Нэхъ иужьыIуэкIи ди лъэпкъхэм яку къаугъэ къыдалъхьэну Щэныбэ Юрэ щадыгъуам зэпымыужу утым ита цIыху минхэми Къалмыкъ Юрэ я пашэу яхузэфIэкIащ зышыIэрэ, хабзэмрэ яIэщIэмыхуу, политикэ IэмалкIэ Iуэху зэпкърахыфыну. Мыр ди лъэпкъым, псом хуэмыдэу ди Адыгэ хабзэм и узыншагъэм къыдэкIуэ фIыгъуэщ. Мыпхуэдэ Iуэху къэIэтыкIэр хъумэн хуейщ. Митинг зэманыгъуэм и пIалъэр дэгъуэ гуэру икIащ. Иджыпсту гупым и нэхъыбапIэм я щхьэр хуэщIауэ зэрагъэпсэужыну гуащIэдэкIым я гупэр етащ. Нобэ хуиту дэтхэнэми и гупсысэ къыщигъэлъагъуэф печать димыIэныр Iэмал зимыIэщ. АбыкIэ къалэн дэтхэнэ зыми къытохуэ, ауэ нэхъыщхьэжыр къызытехуэр къэралыгъуэм и рулыр зыIыгъхэрщ. Дэ зыдузэщIынумэ, хуиту дыщызэпсэлъэн утыку (печать) диIэн хуейщ.

ИкIи зы «Адыгэ псалъэ»-къым диIэн хуейр, ари и гупэр епщыкIубланэ лIэщIыгъуэм хуэгъэзарэ нобэм и официозым фIэкIа темытхыхьу.

Англием и королевэм и жэрдэмкIэ печать нэхъ ин дыдэ и Королевствэм щыщыIэхэм ахъшэ ярет ирипсэуну, Iуэхугъэ къэралыгъуэм илъхэм я щхьэ течауэ щытепсэлъыхьыну икIи зыкIи хэIэбэжыркъым печатым и хуитыныгъэм королевэри, къэралым и унафэщIхэри. Печать хуитыр къэралыгъуэм и властыр зэрылъэрызехьэм и нэщэнэщ. Адыгэхэм я деж дапщэщ ар къыщысынур? Хьэмэрэ, кудрэ си щхьэм къокIэрахъуэ Индиер. Хьэлэмэтыр аракъэ, абы щыпсэу лъэпкъ ин дыдэхэм я бзэри, я динри, я хабзэри IэщIыб ящIу, илъэс щищкIэ зыIыгъа англие колонизаторым ейр къащтэныр я фIэщу къызэхэнат. Ауэ, кIакхъу щIамычу хуитыныгъэ зыIэрагъыхьэжыфам къыщымынэу, я бзэри къэралыгъуэм и бзэ ящIыжыфащ. Мыр щапхъэ телъыджэщ уригъуазэну. Мыпхуэдэ потенциал кIуэцIылъщ ноби Адыгэ хабзэр зыхъумэфа ди лъэпкъыми. Иджыпсту нэхъ Iэмал телъыджэ зэи диIакъым, политическэ интригэ къэдмыгъэхъейуэ, ди бзэ, ди хабзэ пыщIа къалэнхэр щыдгъэзэщIэфыну зэман. Ар адыгэм и псэкIэ зэхищIауэ капитальнэу лъапсэ еухуэ, псэуалъэхэр ещI. Хьэдыгъуэдахэкъэ, илъэс минхэр адыгэ лъэпкъым къикIуащ унэ лъапсэ екIу, илъэсищэхэр къэзыгъэщIэн псэуалъэ, иухуэн и щхьэ тримылъхьэу. Иджы, е XX-нэ лI. икухэм и деж къыщыщIидзауэ псэуалъэ щIын фIэкIа Iуэху имыIэу и гъащIэр ехь! Псом хуэмыдэжу адыгэ лъэпкъэм щыщу Къэбэрдейр ухуапIэ утыку ину къыпщохъу зэ IуплъэгъуэкIэ. Мыбы къиIуатэр лъэпкъым и гумрэ и псэмрэ зэригъэтIылъар аращ. Пщэдей бийр къытеуэнукъыми, и унагъуэр зэщIикъуэу нэгъуэщIыпIэ Iэпхъуэжын хуей

хъунукъым. Мыр зэхащIэн хуейщ ди депутат дэтхэнэми, министр дэтхэнэми – бюрократием зэрыщыту. ЗэхащIэ къудей мыхъуу, лъэпкъым и пщэдейм телэжьэным я гур етауэ, я къалэн ягъэзэщIэн хуейщ. Абыхэм ахъшэ щIеттри station ащ. Езы адыгэ унагъуэхэм унэ-лъапсэ яухуэжыр, къэралым хуемыплъэкIыу. Урысейм и плIэнэпэ куэдым щыплъагъур къэралыгъуэм къыхуищIэным ежьэу щысыр зэрынэхъыбэрщ. Адыгэ къэралыгъуэр, апхуэдэ лъэпкъ хьэлыр къигъэсэбэпу, цIыхухэм я гъащIэр зэрефIэкIуэнум телэжьэн хуейщ. Псалъэм папщIэкIэ, КIуэкIуэ Валерэ газкIэ къызэригъэпэщащ ди республикэр, Тэрч адрыщI и къуажэ зыбжанэ фIэкIа къэмынэуи, унагъуэхэр мэтынш, йофIакIуэ, ди мэзхэр мэбагъуэж. Иджы псы бжьамийм къижыр хуиту унагъуэхэм ягъуэту республикэм и къуажэ псори къызэгъэпэщын хуейщ, гъуэгухэр дэтхэнэ плIэнэпэми тыншу кIуэуэ щIын хуейщ (иджыблагъэ зызыгъэминистру гъуэгухэр щIыныр зи пщэ дэлъа псэ тхьэмыщкIэ гуэрым хуэдэу, псори зыхуэныкъуэ шэрыуапIэр, гъуэгур, шхапIэ умыщIу!). Газ (энергие, электричествэм къыдэкIуэу), псы (удобство) гъуэгу (коммуникацэ) хуиту щыIэм, езы цIыхухэм Iуэху ирахьэжьэнумкIэ хуитыныгъэ ирикъу яIэмэ, я псэуныгъэри, хэхъуапIэри езыр-езыру яубзыхужыфынущ тыншу. ИтIанэ къэралыгъуэм грамотнэу налог политикэ иригъэкIуэкIын, и щхьэ течауэ къыкъуэкI Iуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьын печать хуит щыIэн хуейуэ station ащ къэнэжыр. ИтIанэ, шапсыгъ демократие (гражданскэ обществэ) дунейм я плъапIэр, адыгэ лъэпкъым тынш дыдэу щыдухуэжыфынущ. Адыгэр лэжьакIуэшхуэщ икIи хьэрычэтыншэкъым. Адыгэ хабзэм щIапIыкIауэ зи гуащIэкIэ псэуж Къалэмбий зи гугъу ищI Iуащхьэ щыгум щызэхуэсхэм хуэдэу, акъыл

гъэтIылъа зиIэхэр ноби ди нэхъыбапIэщ. Средний класс дэтхэнэ зызыужьа къэралыгъуэми и купщIэ нэхъыфIыр тыншу щыбэгъуэнущ ди хэкум. ИтIанэ къэралыгъуэм и рулыр зыIыгъхэм гъэсэныгъэм, демографием, щIэныгъэм, культурэм и гупэр хуигъэзэфынущ, къару нэхъыбэ лъагъэсу. ИтIанэ сыт хуэдэ жьакIэри лей хъужынущ. Мы Iуэхухэр гъэзэщIа хъунымкIэ къалэн нэхъыщхьэр къызытехуэр къэралыгъуэм и аппаратырщ. Ди гуащIэм къыпэкIуэм щыщ етт зэпыту дыщыпсэукIэ, абы дыкъихъумэн хуейм къыщымынэу, дызыхуейхэр, дызыщIэхъуэпсхэр Iэрыхуэ тщIыфынымкIэ къэралыгъуэм ди зэхэтыкIэр игъэпсын хуейщ. Мыр щIэсIуатэр иджыпсту тенденцие ди къэрэлыгъуэм и аппаратым щызекIуэрщ: властым хыхьэхэр нэхъыбэм нэхъ лъагэу зызыгъэпIиин зыфIэфI, яубыда пIэр къагъэсэбэпурэ, зи мылъку Iуэху езыгъэфIэкIуэну улъэпхъащэхэрщ. Мыпхуэдэр Iуэху бгъэдыхьэкIэр икIагъэ дыдэщ. Властыр – жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ лэжьыгъэ хьэлъэщ. Мыбы, дауи, бюрократием и хабзэхэр фIыуэ зыщIэхэмрэ, зыгъэIэрыхуэхэмрэщ нэхъ хуэныкъуакъуэри, нэхъ хэзагъэри, ауэ властым и лэжьакIуэм и дэтхэнэ Iуэхури гукъыдэж зиIэм нахуэу илъагъуу зэтедгъэувэжмэ, абы мылъку папщIэ хуэныкъуакъуэхэр (дыгъуакIуэ хэпщхьэхэр) зыкIэригъэщэщыжу, Iуэхум и гупэ хуэзыгъазэхэр къимыгъэнэфым, зэпыу имыIэу хьэлэбэлыкъым дыхэтынущ зэрылъэпкъыу. Нобэ загъэинын, я мылъку хагъэхъуэн папщIэ Iэмал нэхъыбэ ягъуэтыну ныкъуакъуэу бюрократием хэувэну хущIэкъухэр кIэрыхуурэ, зи зэфIэкIрэ зи къабзагъэкIэ къулыкъу къэзылэжьхэм къищынэмыщIа гупым (лъэпкъым) унафэщI щыхамых зэхэтыкIэ дыхуэкIуэнущ, нобэ дызэхэмызэрыхьу дызэтеувэжыф закъуэм. Дызэры-адыгэр

ди ягъэкъым, ди фIыгъэщ. Дэ, адыгэхэм, езым ди энерго-информационнэ къэухь диIэжщ. Мыр тхъумэж къудейм къыщцымынэу зедгъэузэщIыфын хуейщ. Ди бзэ, ди хабзэ, культурэ тхъумэжын папщIэ гугъуехьыр ди натIэу ди гъщIэр екIуэкIын хуейкъым («У-адыгэну гугъущ» – Беймырзэ Мухьэдин). Ди гъащIэр дэ дубзыхужыфын хуейщ – мыращ я гъуазэу щытын хуейр ди Iизын зэтта ди IуэхущIэхэм, псом хуэмыдэу депутатхэмрэ абыхэм ягъэпсыжа властымрэ.

Дунейр къызэригъэщIрэ дэтхэнэ зы гупми, лъэпкъми, къэралыгъуэми и цIыхухэм я нэхъыбапIэм я хъуапсапIэ нэхъыщхьэр гражданскэ гуп зэхэтыкIэр (гражданскэ обществэр) куэд дыдэкIэ нэхъ тыншу, нэхъ псынщIэу, нэхъыфIу зыухуэфынухэм я пэрытщ адыгэхэр, ситу жыпIэмэ, абыхэм я пщэдыкъ къыдэтщ Адыгэ хабзэр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ нобэрей шапсыгъ-адыгэ хы Iуфэм Iусхэм иджыри псэууэ яхэлъщ а демократием и егъэщIыпIэ нэхъыщхьэхэр. Мыращ ди лъэпкъым къахэтIысхьэ дыгъухэри, лIыукIхэри, кIэсу къахь унэIутхэри-псори адыгэ зыщIыжыфари, мыращ нобэ ди лъэпъыр кIуэдыжынымкIэ къылъыкъуэкIа шынагъуэми дызэрыпэщIэувэфынури. Къалэмбий зытетхыхь зэманри, ди тхыдэ мыжыжьэри зэрыщыту социологием и хабзэхэмкIэ къэппщытэм, адыгэ лъэпкъыр, Мэзибл зауэм зэфэзэщу ихьа сословие нэхъ лъагэ дыдэри къызэрыхагъэжам емылъытауэ, пщы-уэркъ зэрыукIым дэкIуэдыпа лIакъуэхэми емылъытауэ, кIэсу къахьурэ адыгэ хъуа бжыгъэшхуэхэри къазэрыхыхьам емылъытауэ, псори дызэрызэрыгушхуэ адыгэу дызэрызэхэтыр я щхьэу зи фIыщIэр **Адыгэ хабзэ** нобэми псэур аращ.

Совет системэм адыгэбзэмрэ, Адыгэ хабзэмрэ зэкъуиудыну хэтами, хузэфIэкIакъым. Адыгэ

хабзэр фIэпсэуащ удынышхуэ къридзами. Дэ лъэпкъыу дыпсэууэ зэманым дыпхыкIынум адыгэбзэмрэ Адыгэ хабзэмрэ ди гъащIэм и дэтхэнэ сферэми щызэрыIыгъыу дыгъуэгурыкIуэн хуейщ. Адыгэбзэмрэ Адыгэ хабзэмрэ щызэкъуэдуд япэ махуэм ди хэкIуэдыжыныгъэм и япэ лъэбакъуэр тчауэ аращ. Къэралыгъуэм и шхыIэн къыттрапIар дыдейщ. Ди адэжьхэм ялъкIи гъэнщIащ ар. Ар зыми тIихыжыфынукъым. ШхыIэныр зэгъэзэхуэжыныр, дыжыныр, хъуэжыныр зи Iизыныр дэращ. НытIэ япэу ди пащхьэ къиувэн хуейр Адыгэ хабзэмрэ адыгэбзэмрэ зэрыIыгъыу дызэрыпсэуфынырщ. Демократием и гъуэгумрэ и хабзэмрэ дызэрытетыфынырщ. Тхыдэм сослагательнэ наклоненэ иIэкъым, ауэ, иIэгъамэ, минищэхэр зи бжыгъэ шапсыгъ адыгэхэм XIX-нэ лI. и кум къэсыху зэманым къыпхаха лъэпкъ демократиер (Адыгэ хабзэр) дунейм щапхъэ яхуэхъуу зэрыпсэуфыр ягъэлъэгъуэнт! Ноби яфIопсэу Адыгэ хабзэр урыс мыжурэм е-XX-нэ лIэщIыгъуэм зэрыпаIуауи.

Дэтхэнэ лъэпкъми и фIыр иригъэфIакIуэурэ езым иухуэжын хуейщ граждански зэхэтыкIэ. Дэтхэнэ зы лъэпкъми цIыхумрэ (цIыхугъэмрэ) гъащIэмрэ зыхъумэ и фIыхэм зрагъэужьурэ мы дунейр щIэращIэ зыщI зэхэтыкIэм хуэкIуэн хуейщ. Къэралыгъуэхэр лъэлъэжынущ. Марксизм-ленинизмым и классикхэр сыткIэ щымыуами, мыбыкIэ щыуакъым. КъэкIуэнур граждански гуп зэхэтыкIэр аращ. НытIэ, ди лъэпкъым ар псэууэ иджыри щыхэлъкIэ, щхьэ абы ирикъуу гулъытэ лъыдмыгъэсыжыпхъэрэ!? Къалэмбий щыпсэуам и нэхъапэж заманым, епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и пэ илъэсхэм, адыгэ унагъуэ, щIэныгъэ традицэ зимыIэ адыгэ гупым къыхэкIа щIалэр, зыхурагъэджар зауэ IэщIагъэр аркъудейуэ, хузэ-

фIэкIащ Пушкин телъыджэ щыхъуа, зи художественнэ мыхьэнэкIэ нобэми дыкъэзыгъэуIэбжьыф тхыгъэхэр къызэринэкIын. Ди адыгэ лъэпкъ зэхэтыкIэкIэ дэ нэбэ пашэ тщIы унафэщIхэр зыхуэдэм дыхуэсакъыу къыхэтхыфмэ, «гласность» жыхуаIэжу дызыхуэкIуэн хуейуэ Горбачёв М.С. кърихьэжьам дытехьэфмэ; лъэпкъым и пщэдейр нобэ дыдэзыхьэх мылъкумкIэ, зэрыпIиинум зэрыщIэхъупсымкIэ зымыхъуэж унафэщIхэр пашэу хэтхыфым, фщIы фи фIэщ, тыншыпIэ къытхудэкIуэнкIэт псоми, ауэ: «сэ нобэ рулым сыбгъэдэтщи, си Iуэхур зэIухауэ гупым и пащхьэ ислъхьэ хъунукъым! Сынэхъ лъагэщ сэ гупым нэхърэ! Сэ рулым сыбгъэдэтщ!» – жызыIэу гупсысэхэр лейуэ щоуэр. ИтIанэ, нобэ мылъку зыугъуеяхэми уапэщIэувэу зрагъэпэщар къатепхыжынри узыхуэмейщ. Хуейщ мылъку и лъэныкъуэкIэ зэхадыгъуауэ щытахэри амнистием хэгъэхуэн, зыдыгъуахэм езыр-езырурэ наIуэ къащIыжым. КъэзыщIыжыну зи щхьэ тезымылъхьэхэр аращ нэхъ зытегуплIэн хуейр, ауэ мыпхуэдэ унафэм хэдгъахуэ хъунукъым культурнэ, тхыдэ-культурнэ, стратегическэ уасэ зиIэ къулеягъэхэу лъэпкъ псом ди зэхуэдэу диIэхэр.

Бюрократии, Iуэху зиIи ирехъу, зи хэхъуэр фIымрэ тхьэмыщкIэмрэ яку щыхупIэ къыдэмыхъуэу ди гъащIэм зэрызиузэщIыным яужь дитын хуейщ. Абы къыдэкIуэу ди нэIэ тедгъэкI хъунукъым курыт классым я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуным. Мылъку зезыхьэм и % 60–70-р курыт класс жыхуаIэм лъэ быдэкIэ хэувэу гъащIэ зэтедгъэувэфмэ, итIанэщ «дуней жэнэт» – жыхуаIэм хуэдэ Адыгэ лъахэм щыщыдухуэфынур, итIанэщ Къалэмбий зи сурэт игъэпс Iуащхьэрысхэм я философиер адыгэ хэкум и тепщэ нэхъ тыншу щыхуэщIынур.

## КУРЫТ КЛАСС

Нобэ курыт классыр зи щIысыр, ар къызэгъэпэщыным гулъытэ хэха щIыхуэщIыпхъэр Iуэхугъуэ хэхащ. Мылъку (и зэфIэкI, и гуащIэ) иугъуеифауэ, унэ-лъапсэ хуэщIа зэтригъэуvауэ; хэхъуэ ирикъу къезытын Iуэху иIэу; и псэупIэ, и Iуэхур зыдэщыIэ щIыпIэр иригъэфIакIуэу; и щхьэр, и унагъуэр зыхуей хуэзауэ игъэпсэуным къыдэкIуэу, лэжьакIуэ иIыгъмэ, ахэр ирикъуу зыхэпсэукIын улахуэ ириту; гъэпщкIугъэти, накIэнэшагъэти жимыIэу налог и хэхъуэм хуэзэр иту, псалъэм папщIэ, Джэрыджэ Хьэсэнрэ Нагъуей Мыхьэдинрэ яхуэдэу; щыпсэу, щылажьэ щIыпIэ и инфраструктурэр ефIэкIуэнымкIэ, ахэр зыхуей хуэзауэ зехьэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуuэ, лажьэ-шхэжу, и щхьэми, къэзыухъуреихь цIыхухэми хуищI пщIэр IупщIу дэплъагъуу псэу Iуэхулlхэр аращ курыт класскIэ узэджэ хъунур. Мыр, IуэхулI курытыр, и IэнатIэ къыпэкIуэну хэхъуэм папщIэ цIыхум, гупым, природэм лей ирихыну ныкъуакъуэу, и нэм ахъшэ фIэкIа имылъагъужу лажьэркъым. Курыт IуэхулIыр хьэблэми, хэкуми ящыщ зыуэ зызылъытэжу, зи гъащIэри, къэзухъуреихь дунейри иригъэфIакIуэу, и Iуэхум къыпэкIуэмкIэ псэур аращ. Къэралыгъуэ зызыужьам мыпхуэдэ курыт классым и IуэхулIхэм я бжыгъэр зи гуащIэ илъыгъуэхэм ящыщу %60-70 ноблагъэ. Урысейм мыхэр хуиту %20 нэскъым. Псалъэм папщIэ, Iуэху ин дыдэ «транснациональнэ корпорацэ» – жыхуаIэхэм хуэдэр зиIэхэр зы щIыпIэ хэхам епхыгъуейщ. Абыхэм я Iуэху къыщикI, я налог щынэхъмащIэ щIыпIэр (къэралыр) я псэупIэщ. Транснациональнэ корпорацэ зиIэхэм я нэхъыбэм «ди жылэжь», «ди къалэжь», «ди Хэку» – жаIэу лейуэ гугъу

зрагъэхь хабзэкъым, я Iуэху къыщикIыр нэхъ къыхах. Абыхэм яхуэдэщ зыри зимыIэри. Зи гуащIэ къищынэмыщIа «ищэни», «ихъумэни» зимыIэми я нэхъыбэм я философиер зыхуэунэтIар: «ди Iуэху къыщикIыр нэхъыфIщ»! – жыхуаIэрщ. Къэдгъэлъэгъуахэм яку дэтыр, курыт классыр, аращ лъабжьэ хэха, ихъумэну, игъэбэгъуэну зытелэжьыхь мылъку зиIэр. Псалъэм папщIэ, игъащIэ лъандэрэ зэригъэпэщар хыфIидзэу, апхуэдэ цIыхур Новая Гвинеям кIуэуэ яхэтIысхьэжынукъым. Техуэнукъым игу. ИкIи ар, Адыгэ хабзэм щIапIыкIар: «си Хэку», «си лъэпкъ», «си къупщхьэ» – жиIэу абы и псэр игъэпIейтейуэрэ, дэнэ мыкIуами, и лъапсэ къигъэзэжынущ. Мы гупыр аращ, нобэ научно-техническэ зыужьыныгъэ цIыхум и зэфIэкIыр хэзыгъахъуэу ялъытэм и зэманым, къэралыгъуэм игъэбэгъуэну гулъытэ нэхъыбэ зылъигъэсыпхъэр. Мыращ дэтхэнэ къэрал зызыужьами, курыт класскIэ зэджэм и нэIэ тету игъэбэгъуэну и зэфIэкI щIритыпхъэри. Мыхэр Къалэмбий и Iуэщхьэрысхэр аращ. Нэхъ пэжу жыпIэмэ, абыхэм я лъэужь наIуэщ, ахэращ я Iэщхьэ-лъащхьэр дэхьеяуэ лажьэр, уэркъхэм яхукъуэплъу екIуэкIа я псэукIэр хуит хъуарэ я хабзэ, я напэ, я зэфIэкI езэгъ Iуэху зэрахьэхэм зезыгъэубгъур. Мыхэм я гуащIэр аращ къэралыгъуэм зиузэщIыныр нэхъыбэу зи фIыщIэр. Мыхэр аращ курыт классыр. Мыбы я бжыгъэхэр аращ къэралыгъуэм и къулеягъэр IупщI зыщIыр. Мыпхуэдэ IуэхулIхэм я налогыр аращ къэралыгъуэм и бюджетыр гъэпсынымкIэ къалэн нэхъыщхьэр зи плIэм илъыр. Мыращ курыт класс зызыужьа къэралыгъуэм и лъабжьэу ялъытэм и къалэн нэхъыщхьэри. Мыр, IуэхулI курытыр, и IэнатIэ къыпэкIуэну хэхъуэм папщIэ цIыхум, гупым, природэм лей ирихыну хуемыплъэкIыу,

и нэм ахъшэ фIэкIа имылъагъуэжу лажьэркъым. Курыт IуэхулIыр хьэблэми, хэкуми ящыщ зыуэ зызылъытэжу, зи гъащIэри, къэзухъуреихь дунейри езыгъэфIакIуэу, и Iэхум къыпэкIуэмкIэ псэур аращ. Мы къэдгъэлъэгъуа псоми я нэхъыщхьэжыр налогыр арщ. Бюджетым кIуэ налогым щыщу къытехуэр ирикъуу зыт IуэхулIыр аращ иджыпсту къэралыгъуэм егугъупэу къигъэхъуну зыхуэпэбгъэн хуейр.

Гу лъытапхъэщ, аргуэру мылъкум и пэ нравственностыр зи лъабжьэу щыт Адыгэ хабзэр зэригъэувапхъэм. Мыпхуэдэ пIэ Адыгэ хабзэм тынш дыдэу иубыдыжынущ, властым жэрдэм къыкъуэкIмэ. Запэдым, псом хуэмыдэу США-м, щытепщэ «потребительскэ философие» западнэм цIыхур хуэзышэр нэуфIыцIщхьэрыуэу тепщэ тщIымэ, ди гъащIэм тыншыпIи, псэхупIи щыщыIэнукъым зэи, ауэ нравственностыр ди гъуазэу Iуэхуми, зэхэтыкIэми, хэбгъэзыхьым, къэралыгъуэ зэхущытыкIэхэми дыбгъэдыхьэм, зыдузэщIынущ, шэч хэмылъу. ИкIи мыбдеж аргуэру зэ тедгъэзэжыпхъэщ Адыгэ хабзэм латентнэу зэпэщIэту къэгъуэгурыкIуэ Къалэмбий IупщI дыдэу къигъэлъэгъуэжым («Iуащхьэрысхэмрэ» уэркъхэмрэ). Ноби а зэпэщIэуэр адыгэ лъэпкъым щыщыIэщ, щыщыIэнуи къыщIэкIынущ Адыгэ хабзэм и философиер лъэпкъым ихъумэху. Нобэ уэркъым и пIэр бюрократиерэ мылъку зыугъуейуэ Адыгэ хабзэм и гущIыIу иувэну Iэмал зыгъуэтауэ зызылъытэж къытхэщхьэхукIхэмрэ яубыдыну «ныкъуакъуэмэ», «Iуащхьэрысхэм» ахэр хуит ящIын хуейкъым. ИкIи «Iуащхьэрысхэм» Адыгэ хабзэм и демократическэ потенциал ди деж къэсар къагъэсэбэпурэ гуп акъылым и хъумакIуэ къудейм къыщымынэу, гуп акъылым и узэщIакIуэ къалэныр зыIэпамыгъэхумэ. Мы-

пхуэдэу дызэхэтыным папщIи дызыхуэныкъуэр унафэщI кIэщ-Iущхэм къадэкIуэу, зи хуитыныгъэ зыми (телефонкIи, къулыкъу шэнткIи, и щхьэхуэфIыгъэкIи) къытезымыгъазэ СМИиК, псом хуэмыдэу печать, дгъэпсынырщ. Абы къыдэкIуэуи ди «Iуащхьэрысхэр» (курыт классыр) зэрыдгъэбэгъуэн Iэмалхэр зэтедгъэувэнырщ. Ауэ «Нобэ я ахъшэм и куэдагъым къыхэкIыу СМИ и К-р марди, щапхъи имыIэу къэзыгъэсэбэпхэм къыдапх потребительскэ психологиер дыщIэзытIэжын псэукIэщ. Нобэ наукэр производительнэ къару хъуащ. Иджыпсту здахьын ямыгъуэту къыщIагъэкIыф хьэпшыпхэм цIыхури цIыхугъэри дыщIатIэжыным къыщымынэу, дуней псор щIэзытIэжыфыну къаруууэ зэтеувэфащ. Мы гупсысэм и щыхьэт наIуэщ пхъэнкIийм и куэдагъыр зэрыбагъуэр, пхъэнкIийм ди экологиер зэIигъыхьэурэ абы дыщыпэмылъэщыжыну зэманыр, нобэ Iэмал хэха едмыхьэлIэмэ, къызэригъэблагъэр. Иджыпсту щыщIэдзауэ ди пхъэнкIийр щIым хуэгъэткIун хуэдэу зэхэдзауэ етту демыжьэм, ди Iэужьым пэлъэщыжынукъым щIыри, къыткIэлъыкIуэ щIэблэхэри! Хэхауэ пхъэнкIийм и налог ехьэжьэн хуейщ цIыхуми, псом хуэмыдэу Iуэху щIапIэми яту. Мыбы гулъытэ хэха лъызымыгъэсхэм къуэды ятелъхьэн хуейщ, ари хигъэзыхьу.

Ди промышленностым зиузэщIыным папщIэ КъуэкIыпIэмкIэ, псом хуэмыдэу Японымрэ ИндиемкIэрэ, дывгъаплъэ нэхъыбэрэ. Махатмэ Ганди къэралыгъуэ абрагъуэр кIакхъу щIамычу хуит ищIыжыфащ. Нобэр къыздэсым иIэ потенциалыр фIэмыкIуэду ди лъэпкъыр иджырей къыщысыфакIэ, зы къэралъыгъуэ цIыкIу, мелуан ныкъуэм нэблагъэ и бзэ, и хабзэ, и нравственность зэрызиузэщIыным ухуэкIуэу умыгъэпсэуфыныр ар, зэрыжаIэщи, хьэдэгъуэдахэщ.

АвантюрэкIэ революцэм, джэдылIэм здихьа бабыщу, лъэпкъыр хэзыша зэщIэхъеиныгъэр зыхуэкIуэ «псэукIэщIэр» зэрагъэпсым ящыщт, зэрыжытIащи, пIийр ягъэпIийуэрэ, лъэпкъхэм я къуэпсыр паупщIу, псори зым хуэхун Iуэхугъуэр и «гъуазэу» зэрыщытар. Ар блэкIащ. Нэбэ диIэщ шанс Iуэхур зэрыщытыр къэтлъытэу, ди напэрэ, ди Тхьэрэ дызэреплъкIэ зэтедгъэувэну ди Iуэхури, ди гъащIэри. Иджыпсту мы къэралыгъуэшхуэм и нэхъыбапIэ лъэпкъым и гъащIэм зиузэщIыныр нэхъ мащIэ дыдэм и гъащIэм пыщIащ, мы дунеижьым и цIыкIумрэ и инымрэ зэрызэпыщIам хуэдэу. Зыщыдвмыгъэгъупщэ а зэпыщIэныгъэр зэрыпсэур, ар зэрыдгъэпсэун хуейр. Европэр зыхуэкIуэ Союзым СССР-р куэдкIэ нэхъ тыншу хуэкIуэфынут, парт функционерхэм я «узко-бюрократический интересыр» лейуэ къыпэщIагъэувэу, Горбачёв кърихьэжьа IуэхуфIхэр ягъэлъэпэрэпэну ныкъуакъуэурэ ямыгъэлъэлъэжатэмэ. Пэжщ, куэдым я Iэр зэтедзауэ щысакъым, псом хуэмыдэу ЦРУ-мрэ, Католикхэм я адэмрэ. ИтIани, къэралыгъуэр мылъэлъэжу ирагъэфIэкIуэфынут, нобэ Китайм зэрищIым хуэдэу, унафэр зыIэщIэлъхэр эволюционнэ гъуэгу зэгурыIуэу здытетыгъамэ...

Дунейр зыщ, зыщ цIыхури я щIыкIэкIэ. Империем иIыгъа лъэпкъ куэдхэм лъы къуалэр къащIэжу я «хуитыныгъэм» хуахуащ нэхъ иужьыIуэкIэ «коммунист» цIэр къэзыщтахэм. Дэ нобэ тлъытэн хуейр куэдщ, икIи а куэдым ипэ идгъэувэн хуейр къэралыгъуэ диIэм зедгъэузэщIурэ зытхъумэжынырщ, ди бзэм зедгъэужьынырщ, ди лъэпкъ, ди хабзэ едгъэфIэкIуэнырщ. Абы папщIи ди псэуныгъэм и гъуазэ нэхъыщхьэр зыгъэлъэгъуэным зи гъащIэр хуэзыгъэпса, лIы Iущыр къызэралъхурэ мы гъэм илъэси-175-рэ ирикъум (дунейм зэрехыжри илъэси-140-рэ мэхъу. Къалэм-

бий адыгэбзэ дахэ Iурызылъхьэжа аналитик Iущ Къармокъуэ Хь. нэхърэ илъэсищэкIэ нэхъыжь къудейуэ аращ. ТIуми я юбилейр зэтохуэ), и бзэкIэ жытIэныр тэмэмщ. «Мыращ си чэнджэщыр: зегъэзэгъ урысхэм. ЗыщIебгъэзэгъынур уи щхьэм папщIэкIэкъым, чэнджэщыфIрэ дэIэпыкъуэгъурэ хуэныкъуэ уи лъэпкъэгъухэм щхьэкIэщ» (н.69). Дезэгъын хуейщ урысми, нэгъуэщI лъэпкъхэми – дунейм дахэзэгъэн хуейщ дыхэмыгъуащэу.

**НОБЭМРЭ АДЫГЭМРЭ**

***Къаламбий гу зылъитахэр***



*Публицистика*

*Автор: Шашев Алик*

e-mail:shasa07@mail.ru.

Автор анализирует связи произведений известного адыгского писателя Каламбия (Кешева Адиль-Гирея) с современностью, проблемы государственности адыгов.

В печать 5.11.2012. Формат 60х84/16.
Печать цифровая.
Бумага офсетная. 4.2 усл.п.л. 5. 75 уч.-изд.л.
Тираж 300 экз. Заказ № 177
г. Нальчик, 2012

Отпечатано в типографии «Принт Центр»
г. Нальчик, пр. Шогенцукова, 22
www.print07.ru
тел.: 8 (8662) 760-031, 760-032
8-928-721-8023
e-mail: msanuar@mail.ru